LANMOU INIVÈSÈL

Lanmou se yon echèl enfini
ki konekte tout egzistans



LANMOU INIVÈSÈL

Lanmou se yon echèl enfini ki konekte tout egzistans

Otè : Junior Shofar

Editè: Junior Shofar

Copyright © 2026 Junior Shofar Tout dwa rezève.

Liv sa pa ka modifye, repwodui oswa distribye san pèmisyon otè a.

Sepandan, ou lib pou pataje li gratis nan vèsyon orijinal li.

Premye edisyon

Out 2026

DEDIKAS

Mwen dedye liv sa a bay tout moun k ap chèche konprann vrè sans lanmou, dekouvri plizyè fòm li yo, epi antre pi fon nan mistè ki kache dèyè youn nan pi gwo fòs ki egziste. Li se pou tout kè ki pa sispann poze kesyon, pou tout lespri ki anvi konprann poukisa lanmou kapab leve yon moun, geri yon nanm, transfòme yon lavi, epi ini sa ki te sanble separe.

Mwen dedye liv sa a tou bay tout moun ki kwè lanmou depase mo, emosyon ak atachman, paske li se yon prezans vivan ki manifeste nan konpasyon, padon, respè, sakrifis, bonte ak sèvis. Se pou tout moun ki vle aprann wè lanmou pa sèlman kòm yon santiman, men kòm yon chemen konsyans ki mennen nan inite, lapè ak limyè.

Se pou chak paj liv sa a envite ou reflechi, santi, epi dekouvri ke dèyè tout diferan ekspresyon lanmou yo, gen yon sèl sous ki kontinye rele chak moun pou l vin pi pre verite li, pi pre tèt li, epi pi pre tout egzistans.

Avèk espwa ke vwayaj sa a ap ede ou pa sèlman konnen lanmou, men viv li, pataje li, epi kite li tounen limyè k ap gide chak etap nan lavi ou.

Anndan chak kè gen yon langaj ansyen ki depase mo, langaj sa a rele :LANMOU. Depi premye souf lavi a rive nan dènye batman kè a, lanmou toujou prezan ap chache eksprime tèt li atravè plizyè fòm.

Li parèt nan chalè yon fanmi, nan fidelite yon amitye, nan dousè yon afeksyon, nan fòs yon pasyon, nan sakrifis yon moun fè pou yon lòt, nan padon ki geri blesi, ak nan konpasyon ki louvri pòt ant tout èt. Chak fòm lanmou pote yon mesaj diferan, men tout soti nan menm sous emosyonèl la: dezi pou konekte, konprann, pwoteje e bay lavi sans.

Gen lanmou ki fè nou grandi, lanmou ki fè nou geri, lanmou ki fè nou dekouvri tèt nou, epi lanmou ki raple nou nou pa poukont nou nan gwo vwayaj egzistans lan. Kèk lanmou vini tankou limyè solèy, lòt vini tankou yon leson ki fòme nanm nan; men yo chak pote yon tras nan mistè lavi a.

Lanmou pa rete sèlman nan relasyon ant moun. Li egziste nan respè nou pou lanati, nan admirasyon nou pou linivè, nan rechèch nou pou verite, ak nan koneksyon pwofon nou genyen avèk tout sa ki egziste.

Liv sa a se yon envitasyon pou antre nan yon vwayaj kote n ap dekouvri plizyè fasèt lanmou: Trant ekspresyon diferan ki montre kijan menm fòs sa a kapab manifeste nan kè moun ak nan tout dimansyon lavi. Nan twa pati ki kontinye èt nou.

Paske dèyè tout fòm, tout non, ak tout eksperyans, gen yon sèl reyalite ki ini nou tout:

Lanmou se lyen envizib ki fè tout egzistans sonje li fè pati menm sous inite a.

TAB MATYÈ

AVAN-PROPO.....11

ENTWODIKSYON.....12

CHAPIT 1 — KISA LANMOU YE ? (LANMOU INIVÈSÈL)
Sinyifikasyon lanmou.....13

CHAPIT 2 — SOUS ORIJINÈL LANMOU (LANMOU ORIJIN)
Sous envizib kote tout fòm lanmou pran nesans.....17

CHAPIT 3 — LANMOU POU LAVI (LANMOU VITAE)
Manifestasyon lanmou sou tout fòm li.....19

CHAPIT 4 — LANMOU POU KREYASYON (LANMOU KREYASYONIS)
Admire fòs ki bay fòm ak lòd nan tout sa ki egziste.....22

CHAPIT 5 — LANMOU POU TÈT OU (LANMOU FILOSYA)
Aprann respekte ak valorize pwòp egzistans ou.....25

CHAPIT 6 — LANMOU PARAN AK FANMI (LANMOU STÒJ)
Premye rasin afeksyon, pwoteksyon ak sakrifis.....28

CHAPIT 7 — LANMOU FRATÈNÈL (LANMOU FILADÈLFI)
Rekonèt lòt la kòm yon pati nan menm fanmi egzistans lan.....31

CHAPIT 8 — LANMOU ZANMITAY (LANMOU FILYA)
Lyen kè ki grandi atravè konfyans ak fidelite.....33

CHAPIT 9 — LANMOU AMOURE (LANMOU EROS)
Atirans ki chèche inyon ant de kè ak de nanm.....36

CHAPIT 10 — LANMOU MARYAJ AK INYON NANM
(LANMOU KONJIGALIS)
Lanmou ki vin alyans, angajman ak devouman.....40

CHAPIT 11 — LANMOU TANDRÈS (LANMOU TENERIS)
Dousè ak chalè ki geri blesi enteryè yo.....43

CHAPIT 12 — LANMOU POU BOTE (LANMOU ERÒS AESTHETICUS)
Wè amoni ak limyè nan fòm kreyasyon yo.....46

CHAPIT 13 — LANMOU POU LANATI AK BÈT (LANMOU BIOFILI)
Koneksyon pwofon ak tout fòm lavi.....49

CHAPIT 14 — LANMOU POU KONESANS (LANMOU FILOZÒF)
Swaf pou dekouvri verite ak mistè egzistans.....53

CHAPIT 15 — LANMOU POU VERITE (LANMOU VERITATIS)
Chèche limyè menm lè chemen an difisil.....56

CHAPIT 16 — LANMOU POU SAJÈS (LANMOU SAJÈS)
Inyon ant konesans, eksperyans ak pwofondè enteryè.....59

CHAPIT 17 — LANMOU POU MISYON LAVI
(LANMOU VOKASYONIS)
Renmen misyonw.....63

CHAPIT 18 — LANMOU KREYATIF AK TRAVAY (LANMOU OPERIS)
Mete kè ak lespri nan sa ou kreye.....67

CHAPIT 19 — LANMOU SÈVIS (LANMOU AGAPE AKTIV)
Lè lanmou vin aksyon pou fè byen.....70

CHAPIT 20 — LANMOU KONPASYON (LANMOU KARUNA)
Lè kè a ouvri devan soufrans lòt èt yo.....74

CHAPIT 21 — LANMOU PADON AK MIZÈRIKÒD
(LANMOU MIZERIKÒD)
Lage chay pase yo epi geri blesi nanm nan.....77

CHAPIT 22 — LANMOU SAKRIFIS (LANMOU SAKRIFIS)
Bay yon pati nan tèt ou pou yon pi gwo limyè.....82

CHAPIT 23 — LANMOU REKONESANS AK ESPWA
(LANMOU GRATITID & SPEI)
Wè benediksyon lavi yo epi kenbe limyè vivan.....86

CHAPIT 24 — LANMOU LAPÈ AK INITE (LANMOU LAPÈ & INITE)
Dekouvri lyen kache ki ini tout bagay.....89

CHAPIT 25 — LANMOU SILANS AK MEDITASYON
(LANMOU SILANS & KONTANPLASYONIS)
Antre nan profondè enteryè kote konsyans rankontre tèt li.....93

CHAPIT 26 — LANMOU SAKRE AK DIVEN (LANMOU TEOFILYA)
Rechèch relasyon ak Sous Enfini ki depase tout egzistans.....97

CHAPIT 27 — LANMOU LESPRI AK LIMYÈ
(LANMOU LESPRI & LIMYÈ)
Leve konsyans lan nan direksyon sajès ak klète.....99

CHAPIT 28 — LANMOU SAN KONDISYON (LANMOU AGAPÈ)
Lanmou ki bay san limit, san kondisyon, san enterè.....102

CHAPIT 29 — LANMOU KOSMIK AK TRANSFÒMASYON
(LANMOU KOSMIK & TRANSFÒMASYON)
Lanmou ki chanje vizyon yon èt sou tout linivè.....106

CHAPIT 30 — LANMOU ABSOLI E ETÈNÈL
(LANMOU ABSOLI & ETÈNÈL)
Somè echèl la kote tout fòm lanmou retounen nan sèl sous la.....110

KONKLIZYON.....114

REMÈSIMAN.....115

AVAN-PROPO

Liv sa a fèt pou ede ou antre nan yon konpreyansyon ki pi pwofon sou youn nan pi gwo mistè egzistans lan ki se: LANMOU.

Lè nou pale de lanmou, anpil fwa nou panse sèlman ak santiman ki egziste ant 2 moun, e afeksyon yon fanmi, yon amitye oubyen relasyon santimantal. Men lanmou gen anpil lòt fòm ak anpil lòt ekspresyon ki depase premye konpreyansyon nou yo.

Liv sa prezante 30 fòm lanmou

Lanmou prezante atravè tout nivo lavi. Li parèt nan pwoteksyon yon paran, nan fidelite yon zanmi, nan respè youn pou lòt moun, nan konpasyon pou tout èt vivan, nan rechèch verite, nan kreyasyon, nan sèvis ak nan koneksyon pwofon ki ini tout egzistans.

Pandan w ap antre nan paj liv sa a, ou pral dekouvri ke chak fòm lanmou se yon diferan ekspresyon nan menm fòs la. Gen lanmou ki kòmanse nan kè moun, men ki kapab grandi pou louvri konsyans lan sou yon reyalite ki pi laj.

Vwayaj sa a ap mennen ou soti nan premye mouvman afeksyon imen, rive nan pi gwo ekspresyon lanmou an: Ki se yon lanmou ki pa limite pa enterè, separasyon oubyen kondisyon.

Paske konprann lanmou, se pa sèlman aprann kijan pou renmen yon lòt moun. Se aprann wè koneksyon ki egziste ant tèt ou, lòt moun, lavi ak tout sa ki egziste.

Liv sa a se yon envitasyon pou ou monte sou yon echèl kote chak etap revele yon nouvo pwofondè lanmou: depi lanmou ki pwoteje, rive nan lanmou ki geri; depi lanmou ki ini 2 kè, rive nan lanmou ki chache inite ak tout egzistans.

Konsa wap konprann se pa sèlman sa lanmou ye, men fason li manifeste atravè tout reyalite lavi a.

Paske lanmou pa sèlman yon santiman ki pase nan kè moun. Men tou lanmou se youn nan pi gwo lang egzistans lan.

ENTWODIKSYON

Lanmou se youn nan pi gwo mistè egzistans lan. Li prezan nan lavi chak moun, men li depase entèpretasyon santimantal nou konn bay.

Nan vwayaj sa a, ou pral dekouvri ke lanmou pa gen yon sèl fòm. Li manifeste nan afeksyon fanmi, nan amitye, nan relasyon ant 2 kè, nan respè pou lavi, nan rechèch verite, nan konesans, nan konpasyon ak nan sèvis pou lòt moun.

Chak ekspresyon lanmou se yon etap sou menm echèl la. Li kòmanse nan koneksyon ki pi senp yo epi li elaji pou rive nan yon konpreyansyon ki pi laj, kote ou dekouvri lyen ki ini tout egzistans.

Liv sa a envite ou eksplore diferan fasèt lanmou yo, pou ou konprann kijan chak fòm gen plas li nan gwo rezo lavi a.

Paske konprann lanmou, se pa sèlman konnen kijan pou renmen lòt moun. Se dekouvri yon fòs ki kapab transfòme kè, elaji konsyans epi revele inite ki egziste dèyè tout bagay.

Lanmou pa sèlman yon santiman nou viv, lanmou se yon chemen pou nou konprann lavi.

CHAPIT 1 — KISA LANMOU YE ? (LANMOU INIVÈSÈL)

Sinyifikasyon lanmou

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon kesyon ki vin anvan tout lòt kesyon yo: Kisa lanmou ye? Depi nan premye sivilizasyon yo rive jouk jounen jodi a, limanite pa janm sispann chache repons lan.

2. Powèt, ekriven, syantis etidye efè li sou sèvo, filozòf reflechi sou sans li, epi mistik yo wè ladanl youn nan pi gwo mistè egzistans lan. Men, èske tout sa yo ansanm rive defini lanmou nèt?

3. Gen anpil moun ki kwè lanmou se sèlman yon santiman. Lè yo santi kè yo bat pi vit, lè emosyon anvayi yo, yo di yo renmen. Men santiman yo chanje. Yo monte, yo bese.

4. Gen jou santiman yo fò tankou yon tanpèt; gen lòt jou yo dous tankou yon ti van nan maten. Si lanmou te sèlman yon santiman, li t ap disparèt chak fwa emosyon yo chanje.

5. Lòt moun kwè lanmou se yon atirans. Yo panse se bote, cham oubyen dezi ki kreye li. Men atirans ka fèt nan yon sèl moman, epi li ka disparèt byen vit.

6. Atirans ouvri pòt la, men li pa toujou konstwi kay la. Gen lòt ankò ki di lanmou se yon desizyon. Nan sa, gen yon gwo pati verite. Paske renmen yon moun pa sèlman vle di santi yon bagay; li vle di chwazi respekte l, sipòte l, epi rete fidèl menm lè lavi vin difisil.

7. Men, menm desizyon an pou kont li pa eksplike tout mistè lanmou an.

Kidonk, si lanmou pa sèlman yon santiman, pa sèlman yon emosyon, pa sèlman yon atirans, epi pa sèlman yon desizyon, kisa li ye vrèman?

8. Lanmou se yon fòs. Yon fòs envizib ki pouse lavi ini olye li divize, bati olye li kraze, geri olye li blese. Se li ki fè yon manman leve plizyè fwa nan mitan lannwit pou pran swen tibebe li. Se li ki fè yon zanmi rete bò kote w lè tout lòt moun vire do ba ou. Se li ki fè yon moun padone lè rayisman ta sanble pi fasil. Paske lanmou se yon fòs ki enfini.

9. Lanmou se plis pase sa nou santi, sa nou vin ye.

Li kòmanse nan kè a, men li pa rete nan kè a. Li antre nan panse nou,

nan pawòl nou, nan aksyon nou, epi piti piti li fòme karaktè nou.

10. Se poutèt sa, yon moun ka di li renmen, men si lavi li pa montre respè, konpasyon, verite ak fidelite, lanmou sa a poko rive nan matirite.

Lanmou se tankou rasin yon gwo pyebwa.

11. Rasin yo pa toujou vizib, men se yo ki kenbe pyebwa a kanpe lè van ap soufle. Menm jan an tou, se lanmou ki soutni fanmi, zanmitay, maryaj, sosyete, e menm espwa limanite. Lè rasin sa a vin fèb, tout rès pyebwa a kòmanse fann.

12. Sou echèl enfini lanmou an, nou pral dekouvri ke lanmou pa gen yon sèl fòm. Li grandi ansanm ak konsyans. Li pase soti nan renmen lavi, rive renmen tèt ou.

13. Renmen fanmi, renmen zanmi, renmen verite, renmen sajès, renmen limanite, renmen tout kreyasyon, epi finalman rive nan lanmou san limit ki anbrase tout egzistans. Pouw ka grandi nan lanmou, ou sipoze monte echèl enfini lanmou an.

14. Lanmou se prensip ki bay lavi sans. Li se souf envizib ki fè tout sa ki vrèman viv kontinye grandi.

15. Se poutèt sa, lè nou aprann kisa lanmou ye toutbon, nou kòmanse konprann pa sèlman lòt moun, men tèt pa nou, ak mistè egzistans lan tou.

Aparans lanmou

16. Lanmou pa toujou parèt menm jan, rezon an, se paske li gen plizyè aparans, sou plizyè fòm.Menm jan yon sèl limyè kapab travèse yon kristal epi bay plizyè koulè, yon sèl lanmou kapab pran plizyè aparans selon sa li vle akonpli.

17. Se poutèt sa, moun konn twonpe yo souvan. Yo wè aparans lan, men yo pa rive wè sous la.

18. Tout sa ki egziste pote mak lanmou. Yon manman k ap karese pitit li se lanmou. Yon papa k ap korije pitit li pou l pa pran move chemen an kapab lanmou tou.

19. Yon zanmi ki konsole w nan doulè se lanmou. Men yon zanmi ki gen kouraj di w verite ou pa vle tande a se lanmou tou. Aparans yo diferan, men si rasin yo se chache byen lòt la, yo soti nan menm sous la.

20. Se poutèt sa, lanmou pa toujou dous. Gen de lè li dous tankou lawouze maten, gen de lè li fèm tankou wòch ki kenbe yon mòn. Gen de lè li chouchoute gen de lè li mete limit. Gen de lè li padone, gen de lè li korije.

21. Se pa paske li chanje nati li, men paske li toujou ap chache sa ki vrèman bon pou moun li renmen an.

22. Vrè lanmou se pa fèmen je sou defo yon lòt. Okontrè, se wè defo yo byen klè, san rayi moun nan poutèt sa. Li aksepte moun nan jan li ye jodi a, men li pa sispann kwè nan sa li kapab vin ye demen.

23. Lè ou renmen yon moun toutbon, kèlkeswa tip de santiman lanmou a, ou pa rejte yon lòt paske li enpafè. Men ou rete bò kote l. Ou ankouraje l. Ou ede l leve lè li tonbe. Ou korije l lè sa nesesè. Menm si li pran tan pou chanje, lanmou pa retire diyite li. Li kontinye wè valè ki kache anba feblès yo.

24. Sa menm rive ak bèt yo. Yon moun ki renmen yon chwal, yon chen oubyen yon zwazo pa sèlman apresye bèlte li, men li pran swen li, li pwoteje li, li fòme li avèk pasyans.

25. Lanmou toujou pote responsablite. Souvan, lanmou kòmanse ak yon senp apresyasyon. Ou admire yon kalite, yon bote, yon jès, yon lespri. Men si lanmou an grandi, li ka depase aparans lan. Li aprann renmen menm lè bote a fennen, menm lè feblès yo parèt. Se la li kòmanse pran rasin, vrè lanmou an. Lanmou se pròp nati Enfini an.

26. Men lè nou pale de Enfini an, nou antre nan yon dimansyon ki depase eksperyans imen an. Enfini an pa aprann renmen; li se lanmou nan tout pèfeksyon li. Li pa renmen paske yon moun merite sa. Li renmen paske se nati li.

27. Menm lanmou pafè sa a pa janm opoze ak jistis. Okontrè, jistis se youn nan ekspresyon li yo. Paske si lanmou ta kite sa ki detwi lavi kontinye san limit, li t ap sispann pwoteje sa ki bon.

28. Gen de lè Enfini an pèmèt yon èt travèse eprèv.

Se pa paske li pran plezi nan soufrans, men paske li wè pi lwen pase moman an. Menm jan difè pirifye lò, e menm jan skiltè a retire moso wòch ki pa nesesè pou revele estati a, gen eprèv ki fòme karaktè yon èt pou prepare l pou yon destinasyon ke li poko ka pote.

29. Nan moman sa yo, anpil moun mande: "Si gen lanmou, poukisa gen doulè?" Men pafwa kesyon an ta dwe vin: "Ki kalite moun mwen t ap vin ye si mwen pa t janm travèse okenn eprèv?"

30. Lanmou ki soti nan Enfini an pa chache konfò sèlman; li chache transfòmasyon. Li pa vle sèlman fè yon èt santi l byen; li vle fè l vin pi bon, pi saj, pi jis, pi limyè.

31. Se poutèt sa, vrè lanmou pa konfonn ak pèmisivite. Li pa rele mal byen, ni li pa ankouraje sa ki detwi lavi. Li gen pasyans, men li pa abandone verite.

32. Li gen mizèrikòd, men li pa lage jistis. Li padone, men li kontinye envite moun nan grandi.

33. Lè yon moun rive konprann sa, li dekouvri yon gwo mistè: pafwa, pi gwo prèv lanmou yon moun resevwa pa vini sou fòm yon rekonpans, men sou fòm yon leson ki chanje tout lavi li.

34. Paske lanmou ki pi pwofon pa toujou mande: "Kijan mwen ka fè ou rete menm jan ou ye?" Li mande pito: "Kijan mwen ka ede ou vin tout sa ou fèt pou ou ye?"

35. Se la aparans lanmou fini, epi nati li kòmanse revele tèt li. Li pa sèlman yon santiman; li se yon fòs ki kreye, ki soutni, ki korije, ki pirifye, epi ki mennen tout sa ki egziste pi pre pèfeksyon Inefab.

CHAPIT 2 — SOUS ORIJINÈL LANMOU (LANMOU ORIJIN)

Sous envizib kote tout fòm lanmou pran nesans

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon degre ki envite nou fè yon pa pi lwen pase kesyon "Kisa lanmou ye?"

2. Li envite nou poze yon kesyon ki pi ansyen toujou: Ki kote lanmou soti? Si nou pa konnen sous yon rivyè, nou pap janm konprann poukisa dlo li pa janm sispann koule.

3. Menm jan an tou, si nou pa rive nan sous lanmou, nou pap janm konprann poukisa li kontinye parèt nan tout sa ki egziste.

4. Depi premye souf lavi a rive jouk nan pi lwen galaksi yo, gen yon prezans envizib ki mare tout bagay ansanm. Li pa gen fòm, li pa gen limit, li pa fè bri, men tout sa ki egziste pote tras li. Prezans sa a se sa anpil moun rele lanmou.

5. Men, lanmou pa t kòmanse lè premye kè te bat. Li pa t kòmanse lè premye èt vivan te parèt. Li pa menm te kòmanse ak nesans linivè a. Lanmou te deja la, paske se li menm ki te rann tout kòmansman posib.

6. Anvan tan te kòmanse konte, anvan limyè ak fènwa te separe, anvan espas te ouvri devan mond yo, te gen sèlman Enfini an. Pa t gen mo pou dekri li.

7. Pa t gen panse ki te ka mezire l. Li depase tout imajinasyon, tout fòm ak tout definisyon. Se poutèt sa, pi gwo saj yo te pale de li kòm Inefab: 8. Sa okenn lang pa ka eksplike nèt, sa okenn lespri pa ka antoure.

Nan pwofondè Inefab la, pagen rayisman, pagen divizyon, pagen mank. Gen sèlman plenitid.

9. E plenitid sa a pa t rete fèmen sou tèt li. Nati li se bay, nati li se pataje, e bay lavi egzistans. Se premye mouvman sa a ke nou rele lanmou.

10. Kidonk, lanmou pa sèlman yon santiman ki fèt nan kè yon moun. Li se premye ekspresyon Enfini an. Li se fòs envizib ki fè sa ki pa t parèt, parèt; ki fè sa ki separe chache ini; e ki fè lavi toujou chache grandi.

11. Se poutèt sa, nenpòt kote ou wè lavi, ou wè tras lanmou. Nenpòt kote ou wè yon fòs k ap kreye, k ap ini, k ap geri oubyen k ap fè yon bagay grandi, ou wè yon reyon ki soti nan menm sous orijinèl la, ki se reyon lanmou.

12. Tankou limyè ki pase atravè yon kristal pou l bay plizyè koulè, lanmou soti nan yon sèl sous, men li parèt sou plizyè fòm. Li vin tandrès yon manman, fidelite yon zanmi, kouraj yon moun k ap sakrifye tèt li.

13. Rechèch yon saj pou verite, konpasyon devan soufrans, admirasyon devan bote, ak adorasyon devan mistè ki depase tout bagay.

Fòm yo diferan, men sous la pa janm chanje.

14. Se poutèt sa, lanmou se yon fòs ki enfini. Li pa fini lè yon jenerasyon pase. Li pa limite ak yon sèl planèt, yon sèl mond oubyen yon sèl linivè. Menm jan Enfini an pa gen limit, lanmou ki soti ladan l pote menm nati a. 15. Li travèse tout dimansyon: sa ki vizib ak sa ki envizib, sa ki espirityèl ak sa ki fizik.

16. Lè yon grenn kraze tè a pou l leve nan limyè, lè yon zwazo bati nich li, lè yon zetwal limen nan fon syèl la, lè yon nanm chwazi padonnen olye li rayi, menm prensip la ap travay. Se pa menm fòm lan, men se menm sous la. Tout sa se sous lanmou Inefab.

17. Se poutèt sa, sou echèl enfini lanmou an, lanmou pa parèt kòm yon senp emosyon imen. Men li parèt kòm fondasyon egzistans. Yon fòs ki soti nan Inefab, ki soutni tout kreyasyon, epi ki kontinye rele tout sa ki egziste pou retounen nan inite ak sous li. Tout sa se sous lanmou Inefab.

18. Petèt se sa ki fè, nan fon kè chak èt, toujou gen yon swaf pou renmen ak pou yo renmen li. Swaf sa a pa yon feblès. Li se memwa orijin nou. Yon apèl ki soti nan Enfini an menm, k ap envite tout lavi retounen nan premye sous lanmou an.

19. E se la vrè vwayaj la kòmanse: lè yon moun konprann ke chak fòm lanmou li rankontre sou tè a se sèlman yon ti refleksyon limyè yon lanmou ki pa janm gen kòmansman ni fen, paske orijin li pote nati Inefab la menm.

CHAPIT 3 — LANMOU POU LAVI (LANMOU VITAE)

Manifestasyon lanmou sou tout fòm

1. Nan tout fòm lanmou, gen yon degre ki revele yon lòt mistè. Ki se lanmou pou lavi, pafwa yo relel. (**L' Amour Vitae**) Ki jan yon èt ka viv lanmou sa a? Repons lan se, lanmou ou dwe gen pou lavi.

2. Paske lavi se premye kado lanmou bay tout sa ki egziste. Renmen lavi, se premye fason yon èt reponn kado sa a.

3. Lanmou pou lavi pa vle di sèlman anvi kontinye viv. Gen anpil moun ki respire, men yo pa vrèman viv. Gen anpil bèt ki siviv, men yo pa rive devlope tout potansyèl nati yo.

4. Viv ak egziste pa toujou menm bagay.

Lanmou pou lavi se lè yon konsyans deside akeyi egzistans li kòm yon opòtinite pou grandi.

5. Yon zwazo ki aprann vole, ap manifeste lanmou pou lavi lè li sèvi ak zèl li genyen yo. Yon pyebwa manifeste lanmou pou lavi lè li lonje rasin li pi fon epi ouvri branch li pi wo.

6. Yon lyon manifeste lanmou pou lavi lè li devlope fòs ki nan nati li. Menm jan an tou, yon moun manifeste lanmou pou lavi lè li chache vin pi bon pase sa li te ye yè.

7. Se pa kantite ane yon moun viv ki montre lanmou li pou lavi, men se fason li itilize chak opòtinite ke li resevwa chak jou.

8. Lanmou pou lavi pa limite ak prezève pwòp egzistans ou. Li mande pou ou respekte lavi nan tout fòm li. Paske lè ou konprann lavi soti nan menm sous lanmou an. ou kòmanse wè chak èt vivan kòm yon ekspresyon diferan menm sous limyè lanmou Enfini an.

9. Se poutèt sa, yon moun ki renmen lavi pa pran plezi detwi sa ki vivan. Li aprann pwoteje, pran swen, geri, bati ak ankouraje. Li konprann ke lè li leve yon lòt, li pa diminye tèt li, li elaji pwòp konsyans li.

10. Men, gen yon mistè ki pi pwofon toujou. Sou echèl enfini lanmou an, lanmou pou lavi pa yon sèl kalite lanmou. Li se espas kote tout lòt fòm lanmou yo reyini.

11. Yon èt ki renmen lavi ap aprann renmen tèt li san ògèy. Li pral aprann renmen fanmi li san posesyon. Li pral aprann renmen zanmi li ak fidelite. Li pral aprann renmen verite menm lè verite a fè l mal.

12. Li pral aprann renmen sajès plis pase inyorans. Li pral aprann renmen jistis san rayisman. Li pral aprann renmen tout kreyasyon san fè diferans.

13. Se konsa, chak fòm lanmou vin tounen yon etap sou chemen lavi li. Lanmou pou lavi se pa rete sou yon sèl degre, men se kontinye monte.

14. Imajine yon moun ki renmen tèt li sèlman. Lanmou li rete fèmen tankou yon sous ki pa janm kite dlo li koule. Men, lè li aprann renmen fanmi li, kè li vin pi laj.

15. Lè li aprann renmen vwazen li, li vin pi laj toujou. Lè li aprann renmen tout limanite, limit yo kòmanse disparèt. Lè li rive renmen tout sa ki vivan, li kòmanse manyen inivèsalite lanmou. Se konsa moun sa ap monte echèl lanmou an. Jiskaske li vin fè yon sèl avèk lanmou inivèsèl.

16. Chak etap pa efase sa ki te vini anvan. Okontrè, li anbrase li epi li elaji li. Yon moun ki rive sou yon degre ki pi wo pa sispann renmen fanmi li. Li aprann renmen tout lòt moun ak menm respè a.

17. Li pa sispann renmen peyi li; li aprann wè tout tè a kòm yon sèl kay. Li pa sispann apresye pwòp lavi li; li aprann apresye lavi tout sa ki egziste. Se sa ki fè lanmou grandi nan yon moun, san rete.

18. Lanmou pou lavi mande yon desizyon chak jou. Chwazi grandi, olye ou rete menm jan an. Chwazi aprann, olye ou rete nan inyorans. Chwazi bati, olye ou kraze. Chwazi padone, olye ou rayi. Chwazi espwa, olye dezespwa. Chak desizyon konsa se yon lòt mach ou monte sou echèl enfini lanmou an.

19. Lè yon èt viv konsa, lavi li pa tounen yon seri de jou ki pase sèlman. Men li tounen yon vwayaj kote chak eksperyans, chak viktwa, chak echèk, chak rankont ak chak eprèv vin sèvi pou elaji kapasite li pou renmen. E se la mistè Amor Vitae a revele tèt li.

20. Renmen lavi pa vle di sèlman renmen egziste; li vle di fè tout egzistans ou tounen yon lekòl kote ou aprann viv chak jou tout fòm

lanmou yo.

21. Paske objektif final lanmou pou lavi se pa sèlman viv pi lontan.

Se vin pi grandi nan konsyans, vin pi briye nan limyè, e vin pi vrè nan pwòp egzistans ou

22. Se kite chak degre lanmou transfòme ou, jiskaske pa gen okenn separasyon ankò ant fason ou viv ak sa ou ye. Lè sa rive, ou pa sèlman ap viv nan linivè a.

23. Men, ou vin kòmanse viv an amoni ak batman kè Linivè a menm.

E se konsa, etap, pa etap, konsyans ou ap monte sou echèl enfini lanmou an.

24. Jiskaske tout fòm lanmou yo reyini nan yon sèl reyalite: Lanmou Inivèsèl.

25. Se pa yon dènye emosyon pou santi, men se yon fason pou egziste, kote tout panse, tout pawòl ak tout aksyon vin reflete sous enfini ki te bay lavi a nesans.

26. Lè yon èt rive la, li pa sèlman renmen lavi, men li vin tounen yon temwen vivan lanmou ki soutni tout egzistans.

CHAPIT 4 — LANMOU POU KREYASYON (LANMOU KREYASYONIS)

Admire fòs ki bay fòm ak lòd nan tout sa ki egziste

1. Gen yon lòt fòm lanmou ki rele, (**L' Amour Creationis**)— lanmou pou kreyasyon. Lanmou sa a ouvri je konsyans yon èt pou l admire tout sa ki egziste.

2. Li fè yon moun, yon bèt, oubyen menm yon espri konprann ke pa gen anyen ki egziste san yon rezon, paske tout kreyasyon pote anprent menm Sous Enfini ki te bay li nesans.

3Lè yon èt rive manifeste lanmou sa a, li pa wè mond lan kòm yon seri objè ki egziste pou sèvi l; li wè li kòm yon gwo fanmi kote chak fòm lavi gen plas li, valè pa li, ak misyon pa li.

4. Kreyasyon an pa sèlman sa je fizik la kapab wè. Men li pi laj pase mòn, lanmè, pyebwa, zetwal ak galaksi. Li gen ladan l tout fòm egzistans: sa ki vizib ak sa ki envizib, sa ki materyèl ak sa ki espirityèl.

5. Yon espri, yon moun, yon zwazo, yon lyon, yon pwason, yon pyebwa, yon grenn sab, yon gout dlo, tout pote mak menm orijin lanmou sa a.

Se poutèt sa, premye siy yon konsyans ki kòmanse rive nan Amor Creationis, se kapasite li pou admire.

6. Admire se pa adore. Admire se rekonèt valè ki egziste nan sa ki devan ou. Se wè bote menm kote lòt moun pa wè anyen. Se konprann ke egzistans pa yon aksidan, men yon ekspresyon sajès ak lanmou Enfini an.

7. Lè yon timoun leve je l nan syèl la lannwit epi li rete sezi devan kantite zetwal yo, sa se admirasyon.

8. Lè yon moun kanpe an silans devan lanmè a, devan yon mòn, oubyen devan yon pyebwa ki la depi plizyè santèn ane, li santi gen yon bagay ki depase li. Se pa sèlman je l k ap gade; se konsyans li k ap reveye.

Men, lanmou pou kreyasyon pa limite sèlman ak sa ki parèt bèl.

9. Li mande yon vizyon ki pi fon. Gen yon flè ki fèk ouvri, epi gen yon fèy ki kòmanse fennen. Toude fè pati menm sik lavi a. Gen yon zetwal k ap fèt pandan yon lòt ap etenn. Toude fè pati menm amoni linivè a. Gen yon bèt ki pisan, epi gen yon lòt ki fèb. Chak gen plas pa yo nan gran plan kreyasyon an.

10. Vrè lanmou pa chwazi sèlman sa ki parèt pafè. Li aprann renmen menm sa ki poko rive nan pèfeksyon li.

11. Yon jaden pa pèdi valè li paske gen move zèb ladan l. Yon timoun pa pèdi diyite li paske li poko fin grandi. Menm jan an tou, anpil èt poko rive nan tout limyè yo, men sa pa retire valè yo. Yo toujou soti nan menm Sous la.

12. Sa pa vle di tout aksyon dwe aksepte. Sa pa vle di mechanste vin bon. Lanmou pou kreyasyon pa rele fènwa limyè. Men li aprann fè diferans ant nati yon èt ak aksyon yon èt.

13. Li ka rejte sa ki detwi lavi, pandan li kontinye kwè ke èt la toujou gen kapasite pou leve pi wo. Se sa ki fè lanmou gade pi lwen pase aparans.

Yon pyebwa ki koube anba van pa sispann yon pyebwa.

14. Yon rivyè ki sal ka vin klè ankò. Yon moun ki fè erè pa sispann gen kapasite pou chanje. Yon espri ki pèdi direksyon li pa pèdi tout limyè ki te nan orijin li.

Poukisa?

15. Paske tout sa ki egziste jwenn rasin li nan lanmou Enfini an.

Si Enfini an te kreye sèlman sa ki deja rive nan pèfeksyon, pa t ap kwasans. Men kreyasyon an se yon vwayaj.

16. Chak èt sou chemen li. Genyen ki nan premye etap yo, genyen ki rive pi lwen. Men yo tout soti nan menm lanmou orijinèl la, epi yo tout ap avanse, chak selon nivo konsyans li.

17.Lè yon èt konprann verite sa a, li sispann gade egzistans ak mepri. Li kòmanse gade l ak respè. Li respekte bèt yo, paske yo pote souf lavi a. Li respekte lanati, paske se li ki soutni lavi.

18. Li respekte lòt antite, paske chak konsyans ap viv pwòp batay pa li.

Li respekte mond envizib la tou, paske egzistans pa fini kote je fizik la sispann wè.

19. Lanmou pou kreyasyon se aprann viv ak etònman. Kote ke chak maten vin tounen yon mirak. Chak souf vin tounen yon kado.

Chak rankont vin tounen yon opòtinite pou dekouvri yon nouvo ekspresyon lanmou Enfini an.

20. Lè yon èt rive sou degre sa a, li pa mande ankò: "Kisa kreyasyon an ka ban mwen?" Li kòmanse mande: "Kijan mwen ka pran swen sa ki deja egziste?"

21. Paske renmen kreyasyon an se pa sèlman admire bote li. Men se pwoteje li. Se pran swen li. Se pa detwi sa ou pa kreye.

Se ajoute limyè olye ou gaye fènwa.

22. Se konprann ke chak aksyon ou poze sou yon pati nan kreyasyon an touche tout rès la. Epi, piti piti, yon gwo verite leve nan konsyans lan.

23. Lè ou aprann renmen tout kreyasyon an, ou kòmanse wè Enfini an nan tout sa ki egziste.

24. Depi lè sa a, pa gen anyen ki vin òdinè ankò. Yon grenn sab, yon zwazo, yon timoun, yon granmoun, yon pyebwa, yon zetwal, yon espri, tout vin tounen diferan refleksyon menm lanmou ki pa janm sispann kreye a.

25. Se konsa Amor Creationis leve yon èt sou yon lòt degre sou echèl enfini lanmou an. Li aprann li ke renmen kreyasyon an pa vle di sèlman admire sa ki pafè.

26. Men se renmen tout sa Enfini an pote nan egzistans, paske nan fon chak èt, chak mond ak chak fòm lavi, toujou gen yon etensèl lanmou ki soti nan Enfini an.

27. Se lè yon konsyans rive wè etensèl sa a nan tout bagay ki antourel nan chemen Lanmou Inivèsèl.

CHAPIT 5 — LANMOU POU TÈT OU (LANMOU FILOSYA)

Aprann respekte ak valorize pwòp egzistans ou

1. Gen yon lanmou ki rele (**L' Amour Philautia**) Se lanmou pou tèt ou. Se pa yon lanmou ki fè yon moun adore tèt li, oubyen tonbe nan lògèy, ni mete tèt li pi wo pase lòt yo.

2. Okontrè, se lanmou ki envite yon èt rekonèt valè pwòp egzistans li, aksepte tèt li jan li ye, epi grandi chak jou pou l vin pi bon. Paske nenpòt èt ki pa aprann renmen tèt li pap janm rive renmen yon lòt ak tout pwofondè lanmou.

3. Si ou rejte pwòp egzistans ou, kijan ou pral rive anbrase egzistans yon lòt?

4. Anpil moun pase lavi yo ap chache lanmou bò kote lòt moun, pandan yo bliye premye moun yo dwe renmen an, se tèt pa yo. Yo pase tan ap konpare tèt yo ak lòt moun, ap meprize aparans yo, ap rayi erè yo fè, oubyen ap viv ak santiman ke yo pa vo anyen.

5. Men, chak fwa yon moun meprize tèt li, li bliye yon gwo verite: egzistans li menm se deja yon prèv lanmou. Hmmmm

Ou egziste paske lavi te chwazi ouvri pòt li pou ou.

6. Sou plan fizik la, se relasyon ant papa ak manman biyolojik ou ki te pèmèt kò ou fòme. Se rankont 2 lavi ki te ouvri chemen pou yon nouvo lavi.

7. Kit relasyon sa a te dire lontan oubyen non, kit li te fasil oubyen difisil, lefèt ou la jodi a montre ke yon chèn lanmou te pèmèt egzistans ou parèt. Men orijin ou pa fini la.

8. Anvan menm kò ou te fòme, lanmou Enfini an te deja fè lavi posib. Se premye lanmou sa a ki soutni tout kreyasyon. Se li ki fè chak èt resevwa opòtinite pou egziste.

9. Se poutèt sa, lè ou aprann renmen tèt ou, ou pa sèlman ap renmen yon kò oubyen yon non; ou ap respekte yon egzistans ki soti nan menm Sous ki bay tout lavi nesans.

10. Renmen tèt ou pa vle di kwè ou pafè, ni sa pa vle di ou pagen defo, e sa pa vle di ou pa bezwen chanje.

11. Okontrè, lanmou pou tèt ou kòmanse lè ou gade tèt ou avèk verite. Ou rekonèt fòs ou san ògèy. Ou rekonèt feblès ou san rayisman. Ou aksepte kote ou ye jodi a, men ou pa sispann mache pou rive kote ou kapab ye demen.

12. Se diferans ki genyen ant aksepte tèt ou ak abandone tèt ou.

Aksepte tèt ou vle di: "Men moun mwen ye jodi a."

Renmen tèt ou ajoute: "E mwen pral travay chak jou pou m vin pi bon."

13. Yon pyebwa pa rayi tèt li paske li poko bay fwi. Li kontinye lonje rasin li pi fon, li kontinye grandi, jiskaske sezon li rive.

14. Menm jan an tou, ou pa dwe rayi tèt ou paske ou poko rive kote ou vle rive. Bay tèt ou tan pou grandi. Bay tèt ou pasyans. Bay tèt ou menm konpasyon ou te ka bay yon moun ou renmen.

15. Sa pa vle di ou tolere tout sa ki mal lakay ou, paske vrè lanmou an pa janm ankouraje destriksyon, si ke ou remake yon abitid ka detwi lavi ou, renmen tèt ou mande pou ou chanje li, si sa pa mache byen.

16. Si ou wè yon panse ki fè ou pèdi limyè ou, renmen tèt ou, pa dekouraje Paske vrè lanmou pa sèlman aksepte; li transfòme tou.

Se poutèt sa, renmen tèt ou se pran swen kò ou, paske se li ki pèmèt ou viv eksperyans lavi a nan fòm fizik.

17. Se pran swen lespri ou, paske se ladan l panse ou pran nesans, pran swen kè ou, paske se ladan l anpil lòt fòm lanmou pral grandi.

Se pran swen konsyans ou, paske se li ki pral monte chak degre sou echèl enfini lanmou an.

18. Lè yon moun pa renmen tèt li, li souvan chache lòt moun pou ranpli vid li. Li vin depann de lwanj, de apwobasyon oubyen de afeksyon lòt moun pou l santi li gen valè.

19. Men yon lanmou ki bati sou depandans toujou frajil.

Lè ou renmen tèt ou toutbon, ou pa bezwen yon lòt moun pou pwouve ou egziste. Wi se sa.

20. Ou deja konnen valè ou, sa pa fè ou vin ògeye, sa fè ou vin lib, lib pou renmen san laperèz.

21. Lib pou bay san kalkil, lib pou padone san w pa santi ou pèdi diyite ou.

Se lè sa a ou vin kapab wè lòt moun ak menm je lanmou ke ou aprann gade tèt ou.

22. Lè sa a, ou sispann jije yo sèlman sou feblès yo, paske ou sonje ou menm tou ou nan yon chemen kwasans.

23. Yon moun ki pa respekte tèt li ap gen difikilte pou respekte lòt moun.

Yon moun ki pa padone tèt li ap gen difikilte pou padone lòt moun.

Yon moun ki pa wè valè pwòp lavi li pap fasil pou wè valè lavi yon lòt.

24. Se poutèt sa Philautia pa yon lanmou ki fèmen sou tèt li, men se pòt ki ouvri sou tout lòt fòm lanmou yo.

Paske lè ou aprann renmen tèt ou avèk imilite, ou vin pi pare pou renmen fanmi ou. Ou vin pi pare pou renmen zanmi ou, ou vin pi pare pou renmen tout kreyasyon an.

25. Ou vin pi pare pou renmen verite, sajès, limyè ak Enfini an.

Epi, san ou pa rann ou kont, ou kòmanse monte yon lòt mach sou echèl enfini lanmou an.

26. Kidonk, renmen tèt ou pa vle di mete tèt ou nan sant linivè a. Li vle di rekonèt ke ou menm tou ou se yon pati nan gran kreyasyon lanmou Enfini an.

27. Lè ou respekte pwòp egzistans ou, ou kòmanse respekte Sous ki te fè ou egziste. Lè ou valorize lavi ou, ou prepare kè ou pou anbrase tout lòt fòm lanmou yo.

28. Se konsa, lanmou Philautia vin tounen fondasyon ki pèmèt yon èt monte sou echèl enfini lanmou an, pou jiskaske li rive viv Lanmou Inivèsèl la.

CHAPIT 6 — LANMOU PARAN AK FANMI (LANMOU STÒJ)

Premye rasin afeksyon pwoteksyon ak sakrifis

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon fòm ki rele: (**L' Amour Storge**) Se lanmou paran ak fanmi.

2. Se premye lanmou yon èt rankontre lè li antre nan fòm fizik nan mond pa nou an. Anvan li konnen zanmitay, anvan li konnen lanmou amoure, anvan li menm konprann kiyès li ye, li deja antoure pa yon lyen ki fèt pou pwoteje l, nouri l e ede l grandi.

3. Se poutèt sa lanmou Storge se premye rasin afeksyon, pwoteksyon ak sakrifis, yon paran.

4. Lè yon tibebe fèt, li pa kapab viv pou kont li. Li pa kapab manje pou kont li. Li pa kapab pwoteje tèt li kont danje. Li depann nèt sou lanmou lòt moun. Se la lanmou Storge kòmanse manifeste tèt li.

5. Yon manman ka pase nwit san dòmi pou pran swen pitit li. Yon papa travay anba chalè, anba lapli oubyen anba gwo fatig pou fanmi li pa manke anyen.

6. Yon gran frè oubyen yon gran sè konn pran swen pi piti yo.

Yon granparan konn bay tout eksperyans lavi li pou jenerasyon k ap vini an.Tout jès sa yo gen yon sèl rasin: Lanmou Storge.

7. Lanmou sa a pa toujou fèt ak gwo pawòl, li parèt nan ti aksyon chak jou. Li parèt lè yon paran manje mwens pou fanmi li ka manje plis.

Li parèt lè yon paran mete rèv pa l sou kote pou pitit li jwenn yon pi bon avni.

8. Li parèt lè yon fanmi rete ini menm nan moman ki pi difisil yo.

Se poutèt sa lanmou Storge se premye lekòl kote yon èt aprann sa lanmou vle di, nan mitan yon fanmi.

9. Se nan fanmi, yon timoun aprann fè konfyans, se la li aprann pataje.

Se la li aprann padone, se la li aprann respekte, e se la tou li aprann viv ak lòt moun.

10. Lè rasin sa yo solid, yo ede tout lòt fòm lanmou grandi pi fasil.

Men, menm jan ak tout lòt fòm lanmou, lanmou Storge la pa toujou pafè. Gen fanmi ki plen tandrès, gen lòt ki make pa konfli, absans oubyen blesi, e gen paran ki fè tout efò ke yo kapab.

Gen lòt ki echwe nan responsabilite yo.

11. Men, feblès moun pa chanje bote prensip lanmou fanmi an.

Yon pyebwa pa pèdi valè li paske kèk branch li sèk.

12. Menm jan an tou, si yon fanmi pa t viv lanmou jan li ta dwe ye a, sa pa vle di lanmou Storge la pa egziste pou sa, men sa soti nan feblès fanmi an.

13. Sa vle di sèlman moun yo pa t rive manifeste li nan tout plenitid li.

Vrè lanmou paran ak fanmi pa sèlman pwoteje, li prepare.

14. Yon zwazo pa kenbe pitit li tout lavi nan nich la, li nouri yo, li pwoteje yo, epi rive yon lè li ankouraje yo vole.

15. Menm jan an tou, yon paran ki renmen pitit li toutbon pa sèlman fè tout bagay pou li. Li fòme karaktè li. Li aprann li verite. Li korije l lè sa nesesè. Li prepare l pou l viv san depann de li. Se la sakrifis pran tout sans li.

16. Sakrifis pa vle di sèlman soufri pou yon lòt.

Sakrifis se chwazi bay yon pati nan tan ou, fòs ou, konfò ou oubyen lavi ou pou ede yon lòt grandi. Se yon pwofesè ki pase plizyè èdtan pou prepare leson li.

17. Se yon manman ki pase nwit la reveye, pou li rete bò kabann pitit li ki malad. Se yon papa ki kontinye goumen malgre fatig pou fanmi li pa manke manje. Se yon gran frè oubyen yon gran sè ki vin yon modèl pou pi piti yo. Tout sa yo se diferan figi lanmou Storge.

18. Men gen yon lòt mistè ki pi fon toujou, se ke, fanmi pa toujou limite ak moun ki gen menm san. Gen moun ou rankontre nan lavi ki vin renmen ou tankou pitit yo, gen zanmi ki vin tankou frè ak sè.

19. Gen granmoun ki vin tankou papa oubyen manman pou moun yo pa janm fè. Sa montre ke, lanmou Storge la, depase biyoloji.

Li vin tounen yon fanmi ki bati sou lanmou, respè ak fidelite.

20. Sou echèl enfini lanmou an, lanmou Storge anseye yon gwo verite:

Pa gen pyebwa ki grandi san rasin.

21. Menm jan an tou, pagen konsyans ki rive nan matirite san li pa aprann bay afeksyon, pwoteksyon ak sakrifis.

22. Yon èt ki aprann viv lanmou Storge, pa sèlman renmen fanmi li.

Men li vin tounen yon sous sekirite pou lòt, li vin yon kote, kote lòt jwenn chalè, konsèy ak espwa.

23. Li pote laperèz kote ki gen laperèz, li pote inite kote ki gen divizyon.

Se konsa premye rasin lanmou fanmi an kòmanse elaji, jiskaske li depase limit yon sèl kay pou li rive anbrase tout limanite.

24. Paske objektif final lanmou Storge la, se pa sèlman bati yon fanmi.

Men se fòme yon kè ki kapab wè tout èt kòm manm yon sèl gwo fanmi ki soti nan menm Sous Enfini an.

25. Lè yon konsyans rive viv lanmou sa a, li monte yon lòt mach sou echèl enfini lanmou an, paske li konprann ke pwoteje, pran swen e sakrifye tèt li pou byen yon lòt, se youn nan pi bèl ekspresyon Lanmou Inivèsèl la. Hmmmmmm.

CHAPIT 7 — LANMOU FRATÈNÈL (LANMOU FILADÈLFI)

Rekonèt lòt la kòm yon pati nan menm fanmi egzistans lan

1. Gen yon lanmou ki vrèman fè pale de li ki rele:

(**L' Amour Philadelphie**) Se li ki rele lanmou fratènèl la, se youn nan premye pòt ki ouvri konsyans lan sou inite ki kache dèyè tout fòm lavi yo.

2. Li se kapasite yon èt genyen pou li wè lòt la, pa sèlman kòm yon moun ki diferan de li, men kòm yon ekspresyon menm sous egzistans lan. Se lanmou ki fè kè a depase limit "mwen" pou li antre nan espas "nou". Eskew konprann ?

3. Lè yon konsyans rive nan nivo lanmou fratenèl, li kòmanse rekonèt yon verite ki pwofon, se ke, li wè ke, tout sa ki egziste gen yon plas nan gwo rezo lavi a.

4. Kit se yon moun, yon bèt, yon plant, yon espri oubyen nenpòt lòt fòm, konsyans pa yon bagay ki konplètman separe, men li se yon lòt fason egzistans lan ap manifeste tèt li.

5. Lanmou fratenèl pa baze sèlman sou lyen san, fanmi oubyen menm espès. Men li baze sou rekonesans yon fanmi ki pi laj: ki se fanmi egzistans inivèsèl.

6. Yon èt ki pote lanmou sa nan li pa tann lòt la sanble avè l pou li respekte l; men li aprann wè valè ki egziste nan chak fòm lavi.

7. Yon moun ka manifeste lanmou fratenèl lè li pran swen yon lòt moun, lè li ede yon moun ki nan soufrans, lè li padone, lè li chache konprann olye li jije. Men menm prensip sa a depase relasyon ant moun sèlman. 8. Li parèt tou lè yon moun pwoteje yon bèt, respekte lanati, pran swen yon plant, oubyen aji avèk respè devan nenpòt fòm konsyans ke li rankontre.

9. Nan yon vizyon ki pi laj, yon espri kapab manifeste lanmou fratenèl lè li gide, pwoteje oubyen pote limyè pou lòt konsyans ki sou chemen evolisyon yo.

10. Yon bèt ka manifeste yon fòm lanmou fratenèl atravè fidelite, pwoteksyon ak afeksyon li bay. Chak fòm egzistans gen kapasite pou li eksprime lanmou selon nati li.

11. Paske lanmou pa limite nan yon sèl fòm. Li se yon fòs ki pran diferan aparans selon nivo konsyans lan. Nan yon moun li ka parèt kòm konpasyon.

12. Nan yon bèt li ka parèt kòm atachman ak fidelite. Nan yon espri li ka parèt kòm sajès ak gidans. Men rasin lan rete menm: rekonesans ke lòt la gen valè.

13. Lanmou fratenèl se pon ki konekte tout lòt fòm lanmou yo. San li, lanmou amoure ka vin posesyon, lanmou amitye ka vin enterè pèsonèl, menm lanmou inivèsèl la ka rete yon ide ki lwen reyalite.

14. Men se atravè lanmou fratenè kè a aprann ouvri pòt li pou lòt egzistans yo.

15. Tout lanmou konekte youn ak lòt paske yo soti nan menm sous la. Lanmou paran montre pwoteksyon, lanmou zanmitay montre fidelite, lanmou amoure montre inyon, men lanmou fratenèl se fil ki raple tout èt yo ke yo fè pati menm gwo twal lavi a.

16. Lè yon konsyans rive konprann sa, li pa wè mond lan ankò kòm yon koleksyon èt separe k ap viv youn bò kote lòt. Men li wè yon sèl gwo fanmi egzistans kote chak fòm gen yon wòl, chak lavi gen yon valè, epi chak rankont se yon opòtinite pou lanmou grandi.

17. Se konsa lanmou fratenèl vin yon etap enpòtan sou echèl evolisyon enteryè a: soti nan renmen sa ki pre nou, pou rive renmen tout sa ki egziste.

18. Lè kè a Ouvri konsa, lanmou pa rete yon santiman sèlman; li vin yon fason pou wè, konprann ak viv nan linivè a.

CHAPIT 8 — LANMOU ZANMITAY (LANMOU FILYA)

Lyen kè ki grandi atravè konfyans ak fidelite

1. Gen yon lanmou ki pa fèt nan san fanmi, ni li pa leve anba flanm pasyon amoure. Li pran nesans lè de èt rekonèt youn lòt kòm konpayon sou menm chemen lavi a. Se pa nesesite ki kreye li, ni enterè ki kenbe li vivan.

2. Li grandi atravè tan, atravè verite, atravè respè, epi sitou atravè konfyans. Lanmou sa a rele Filya. (**L' Amour Philia**)

3. Philia se lanmou zanmitay.

Men zanmitay, nan sans ki pi pwofon li, pa vle di sèlman pase tan ansanm oubyen pataje kèk bon moman. Men se yon inyon 2 kè ki chwazi mache ansanm, menm lè lavi chanje direksyon.

4. Se yon relasyon kote chak moun jwenn yon espas pou li egziste jan li ye a, san mask, san pè, san bezwen jwe yon wòl.

5. Lè Philia parèt, de èt sispann wè youn lòt kòm etranje. Yo vin tounen 2 konsyans ki grandi ansanm. Youn ankouraje lòt leve lè li tonbe. Youn sonje limyè lòt la lè li menm bliye li.

6. Se poutèt sa vrè zanmitay pa mezire nan kantite ane, men nan pwofondè lyen an.

7. Yon zanmi kapab rete lwen pandan plizyè ane, men lè yo rankontre ankò, kè yo kontinye pale menm lang lan. Paske Philia pa mare ak distans; li mare ak fidelite. Konfyans se premye rasin lanmou Philia.

8. San konfyans, zanmitay vin tankou yon pyebwa ki pa gen rasin. Li ka kanpe pou yon tan, men premye gwo van ap fè li tonbe.

9. Lè de èt fè konfyans youn lòt, yo pa bezwen viv nan sispisyon. Yo pagen laperèz trayizon. Yo santi yo an sekirite, paske yo konnen lyen ki ini yo bati sou verite.

10. Men konfyans sèlman pa sifi, se pousa gen yon lòt poto ki manifeste nan lanmou Philia a ki se: Fidelite.

11. Fidelite pa vle di swiv yon moun san reflechi. Li vle di rete fidèl ak verite relasyon an, li vle di pa abandone yon zanmi sèlman paske tan an vin difisil.

12. Li vle di pwoteje diyite li, menm lè li pa la, li vle di rete onèt menm lè manti ta pi fasil.

13. Se fidelite ki fè yon zanmi vin yon refij, lè tout pòt fèmen, pòt zanmi sa a rete ouvè pou ou.

Lè tout vwa kondane, li chache konprann, e lè tout moun ale, li menm li rete prezan.

14. Se pa paske zanmi sa pa wè feblès ou, men paske lanmou Philia wè pi lwen pase feblès li.

Philia pa limite sèlman ak relasyon ant 2 moun ki zanmi

15. Men tou, li ka egziste ant yon moun ak yon bèt. Gen chen ki rete fidèl ak mèt yo jouk nan dènye souf yo. Gen chwal ki devlope yon konfyans tèlman pwofon ak moun k ap pran swen yo, yo santi emosyon li san li pa pale. Gen zwazo ki retounen chak ane jwenn menm moun ki te pwoteje yo.

16. Lyen sa yo pa bati sou mo, yo bati sou prezans, yo bati sou konfyans ak fidelite.

Lanmou Philia dekri tou, ant moun ak èt espirityèl. Relasyon sa a pa baze sou laperèz, men sou konfyans, respè ak kolaborasyon.

17. Li dekri kòm yon lyen kote konsyans imen an santi li akonpaye pa yon prezans ki enspire li fè sa ki bon, grandi nan sajès, epi mache avèk plis limyè.

18. Nan sans sa a, lanmou Philia depase limit espès oubyen fòm egzistans. Li se kapasite 2 èt pou rekonèt youn lòt kòm alye sou menm chemen an.

19. Yon zanmi pa nesesèman moun ki dwe toujou dakò avè w.

Pafwa, pi gwo prèv Philia se lè yon zanmi gen kouraj di ou verite ou pa vle tande. Paske objektif li pa fè ou plezi; objektif li se ede ou grandi.

Vrè zanmi pa ankouraje feblès ou.

20. Li reveye fòs ou, li pa alimante ògèy ou, li raple ou imilite, li pa kite ou pèdi tèt ou san li pa lonje men ba ou.

Se konsa lanmou Philia vin tounen yon lekòl karaktè.

21.Li aprann nou koute, li aprann nou kenbe pawòl nou, e li aprann nou pran swen lòt moun san kalkile sa n ap resevwa an retou.

22. Li aprann nou ke pi gwo richès yon relasyon se pa kantite bagay nou pataje, men kantite verite nou ka sipòte ansanm.

Tankou 2 pyebwa ki grandi youn bò kote lòt, zanmi pa bezwen tounen menm pyebwa a.

23. Yo chak kenbe pwòp rasin yo, yo chak leve pwòp branch yo, men ansanm yo ede youn lòt reziste anba van. Lè tanpèt vini, rasin yo vin pi solid paske yo pa poukont yo. Se konsa lanmou Philia ini 2 èt.

24. Li pa efase diferans yo; li fè diferans yo tounen yon fòs.

Li pa retire libète, men li bay sekirite pou chak moun rete nan pwòp tèt li.

Li pa mande pèfeksyon, men li mande onètete.

25. Lanmou Philia se youn nan pi bèl ekspresyon lanmou, paske li chwazi rete menm lè pa gen okenn obligasyon. Li chwazi bati olye li kraze, li sipòte olye li abandone, epi rete fidèl olye li chache avantaj.

26. Lè yon moun jwenn yon vrè lanmou Philia, li pa sèlman jwenn yon zanmi. Li jwenn yon lòt kè ki bat ak menm fidelite pou verite, yon lòt limyè ki mache bò kote pa li.

27. Epi yon lòt prezans ki raple li ke menm nan chemen ki pi long yo, pèsonn pa oblije mache poukont yo. Paske tout lanmou konekte ansanm.

CHAPIT 9 — LANMOU AMOURE (LANMOU EROS)

Atirans ki chache inyon ant 2 kè ak 2 nanm

1. Gen yon lanmou ki boule tankou difé. Li antre nan lavi yon èt epi, nan yon sèl moman, li ka chanje atmosfè yon kote. Se tankou li fè tan an kanpe lè 2 je rankontre.

2. Li fè yon prezans vin pi enpòtan pase tout richès. Nan yon sèl moman li ka fè yon moun santi li pi vivan pase tout lòt jou li te viv yo. Santiman sa a rele: Lanmou Eros. (**L' Amour Éros**)

Eros se lanmou amoure.

3. Men, nan sans ki pi pwofon, lanmou Eros se pa sèlman dezi fizik oubyen atirans ant 2 kò. Men li se yon fòs enteryè ki pouse yon èt soti nan solitid pou li chache inyon ak yon lòt.

4. Li se apèl kè a pou rankontre yon lòt kè, apèl nanm nan pou rekonèt yon lòt nanm.

Se poutèt sa lanmou Eros toujou kòmanse ak yon atirans, men li pa oblije fini la.

5. Vrè lanmou Eros la ap chache inyon, li vle konnen, li vle konprann, li vle pataje, e li vle grandi ansanm.

6. Lè 2 moun tonbe damou, se pa sèlman figi yo ki rankontre. Men yo kòmanse pataje rèv yo, laperèz yo, espwa yo, silans yo, ak yon pati nan istwa lavi yo. Ti kras pa ti kras, 2 mond ki te diferan kòmanse bati yon pon, pou youn rive jwenn lòt.

7. Se sa ki fè lanmou Eros tèlman pwisan. Se tankou li ka fè 2 montay rankontre.

8. Li gen kapasite pou ini 2 èt ki te konplètman etranje.

Men fòs sa a pa limite sèlman ak relasyon ant yon gason ak yon fi oubyen ant 2 moun.

9. Nan yon sans ki pi laj, lanmou eros dekri nenpòt atirans pwofon ki pouse yon èt chache yon inyon vivan ak yon lòt èt. Lanmou sa a mache ant yon imen ak yon èt espirityèl.

10. Nan tout ka sa yo, sa ki fè lanmou Eros diferan se pa fòm relasyon an, men entansite dezi pou fè youn ak lòt nan respè ak

lanmou.

Lè Eros vin vrè, li kòmanse anbrase anpil lòt fòm lanmou.

11. Li pote lanmou Philia, paske 2 moun ki renmen vrèman vin tounen pi bon zanmi.

Li pote lanmou (Storge) paske yo aprann pran swen youn lòt tankou fanmi.

12. Li pote lanmou (Amor Teneris) paske tandrès vin tounen langaj nan yon relasyon amourez.

Li pote lanmou Karuna, paske yo aprann soufri ansanm epi konsole youn lòt.

13. Li pote Agape, paske yo aprann bay san yo pa toujou konte sa yap resevwa nan men lòt an retou.

Se poutèt sa vrè Eros pa viv poukont li. Li grandi lè li akeyi lòt ekspresyon lanmou yo.

14. Lè li rive nan matirite, li pa mande: "Kisa mwen ka pran?"

Li mande: "Kijan mwen ka fè lavi lòt la vin pi bèl?"

Vrè lanmou Eros la pa bezwen kondisyon pou egziste.

15. Li pa renmen paske lòt la pafè, li pa renmen paske lòt la rich, li pa renmen paske tout bagay toujou fasil.

Li renmen paske kè li rekonèt yon valè ki depase aparans.

16. Sa pa vle di li aksepte abi oubyen li fèmen je sou sa ki pa bon. Okontrè, yon lanmou ki an sante toujou mache ak respè, limit, ak diyite. Men li pa baze sèlman sou avantaj oubyen enterè.

17. Se poutèt sa lanmou Eros konn fè moun fè bagay yo pa t janm panse yo t ap fè.

18. Li bay fòs pou travèse gwo distans, li bay pasyans pou tann, li bay kouraj pou sakrifye, li bay espwa menm lè tout bagay sanble fènwa.

Men menm fòs sa a kapab vin danjere, paske nenpòt fòs ki gwo kapab bati oubyen detwi.

19. Lè Eros pa gide pa sajès, li ka tounen posesyon, li ka tounen jalouzi san ekilib, li ka tounen depandans.

Li ka fè yon moun bliye tèt li pou yon lòt, e li ka fè yon moun konfonn kontwòl ak lanmou.

20. Nan moman sa a, se pa Eros ki ap dirije ankò; se laperèz.

Vrè lanmou pa mete chenn, li pa fè yon moun pè respire, li pa retire libète lòt la.

21. Li envite 2 èt grandi ansanm, san youn pa efase lòt.

Se poutèt sa lanmou Eros fè moun ri, men li ka fè moun kriye tou. Li fè kè a bat pi vit lè li rankontre moun li renmen, li fè nwit sanble kout lè 2 kè ap pale.

22. Men lè separasyon rive, li ka fè menm kè sa a santi yon vid ki difisil pou dekri. Sa pa vle di lanmou an te fèb. Sa montre jis konbyen li te pwofon.

23. Lanmou toujou pote yon risk, paske chak fwa nou ouvri kè nou, nou aksepte posiblite pou nou blese. Men san risk sa a, pagen vrè rankont ant de nanm.

24. Petèt se sa ki fè lanmou Eros se youn nan pi gwo mistè egzistans lan.

25. Li se dife ki ka chofe yon kay oubyen boule li, li se dlo ki ka bay lavi oubyen debòde.

26. Li se van ki ka pouse yon bato rive nan pò oubyen voye li nan tanpèt.

Tout bagay depann de sajès moun ki pote li.

27. Lè lanmou Eros ini ak verite, tandrès, konfyans, padon ak libète, li sispann sèlman yon pasyon. Li vin tounen yon chemen transfòmasyon kote 2 èt ede youn lòt revele pi bon vèsyon tèt yo.

28. Se lè sa a 2 kè pa sèlman bat ansanm. Men se 2 nanm ki kòmanse grandi ansanm, epi lanmou yo vin tounen yon limyè ki depase yo toude. 29. Yon limyè ki montre ke vrè lanmou Eros la pa sèlman chache posede yon lòt èt, men li chache selebre lavi, diyite ak mistè ki rete vivan nan kè chak èt.

30. Lanmou Eros rive san avètisman. Li antre nan lavi yon èt tankou yon limyè ki leve apre yon nwit ki long, epi depi moman sa a, fason moun nan wè lavi a kòmanse chanje.

31. Yon sèl prezans ka vin pi enpòtan pase tout foul moun, yon sèl souri ka pote plis lapè pase tout richès, epi yon sèl rega ka reveye yon emosyon ki te dòmi depi lontan.

32. Lanmou sa pa sèlman yon dezi fizik oubyen yon santiman pasajè. Li se fòs misterye ki pouse yon èt ale pi lwen nan pwofondè yon relasyon, pou li bay tout li menm pou yon lòt ke li renmen.

33. Se poutèt sa lanmou Eros se youn nan ekspresyon lanmou ki pi fò e pi rekonèt nan tout listwa limanite. Li gen kapasite pou ini 2 moun ki pa t janm konnen youn lòt, pou fè 2 lavi vin mache sou menm chemen an, epi pou transfòme 2 kè ki te apa nan yon sèl alyans.

34. Sa ki defini Eros se pa fòm relasyon an, men fòs inyon an. Lè 2 èt santi yo rale youn bò kote lòt ak tout kè yo, yo antre nan mistè Eros.

35. Se poutèt sa yon vrè lanmou amoure vin tounen yon inyon kote prèske tout lòt ekspresyon lanmou yo jwenn plas yo.

CHAPIT 10 — LANMOU MARYAJ AK INYON NANM

(LANMOU KONJIGALIS)

Lanmou ki vin alyans, angajman ak devouman

1. Nan plizyè fòm lanmou ki egziste sou echèl enfini lanmou an, gen youn ki vrèman fè pale de li ki se : (**L' Amour conjugalis**) se li menm ki lanmou maryaj la.

2. Li konstwi avèk plizyè lòt fòm lanmou ki vin bay lanmou maryaj la. Lanmou Eros toujou parèt anvan lanmou maryaj la. Paske 2 moun paka marye si yo pa renmen anvan.

3. Si se pa vrè lanmou, ebyen lap yon maryaj enterè. Men si se vrè lanmou, lè sa relasyon an ap depase frontyè.

4. Lanmou maryaj ak inyon nanm se yon etap kote lanmou depase senp atirasyon pou li antre nan yon espas alyans, fidelite ak devouman.

5. Li se chwa 2 èt fè pou yo mache ansanm sou menm chemen an, pou yo pataje lavi yo, eksperyans yo ak evolisyon yo youn avèk lòt.

Lanmou sa a se pa sèlman yon inyon ant 2 kò, men yon rankont ant de mond enteryè.

6. Chak nanm pote pwòp istwa li, pwòp fòs li, pwòp feblès li ak pwòp misyon li. Lè 2 èt antre nan yon angajman pwofon, yo kreye yon espas kote yo kapab grandi ansanm, aprann youn nan men lòt epi soutni youn lòt atravè tout etap egzistans lan.

7. Maryaj nan sans ki pi wo, li se yon alyans kè. Li pa sèlman baze sou emosyon moman an, men sou yon desizyon konsyan pou rete prezan, pou pwoteje lyen an, pou travay ansanm epi pou chwazi lanmou menm lè lavi pote defi.

8. Se yon lanmou ki aprann rete fidèl pa sèlman nan jou fasil yo, men tou nan moman eprèv yo. Angajman se youn nan pi gwo fondasyon lanmou maryaj. Li se kapasite pou di: "Mwen chwazi mache avèk ou." Se pa yon chèn ki mare 2 èt, men yon rasin ki pèmèt relasyon an grandi.

9. Vrè angajman pa retire libète; li bay libète yon direksyon, paske se 2 konsyans ki chwazi youn lòt avèk volonte yo. Si desizyon an te aksepte pou toude.

10. Devouman se flanm ki kenbe inyon an vivan. Li parèt lè yon èt chache byennèt lòt la san li pa bliye pwòp kwasans li. Li aprann koute, konprann, padone, soutni epi sèvi lanmou an olye pou sèvi sèlman pwòp enterè li.

11. Nan yon inyon pwofon, 2 èt pa pèdi idantite yo; men yo vin 2 limyè ki klere ansanm. Chak moun rete yon konsyans endepandan, men yo aprann kreye amoni ant 2 chemen yo.

12. Se tankou 2 mizik diferan ki jwenn yon fason pou fòme yon sèl amoni.

13. Lanmou (Amor conjugalis) pa limite sèlman nan relasyon ant moun; li pote yon prensip ki pi laj sou inyon nan egzistans lan. Tout sa ki nan linivè a chache balans, relasyon ak amoni.

14. Nan sans sa a, inyon ant 2 nanm vin yon refleksyon yon lwa ki pi pwofon: lavi ap chache koneksyon pou li kontinye kreye, grandi ak elaji.

15. Men vrè inyon nanm pa vle di yon lòt moun dwe konplete yon vid ki anndan nou. 2 èt ki antre nan yon relasyon ki an sante pa vini kòm 2 mwatye ki kase; men yo vini kòm 2 antye ki chwazi pataje limyè yo, pou yo fè yon sèl.

16. Se konsa lanmou vin yon sous kwasans olye li vin yon sous depandans.

17. Lanmou maryaj konekte ak tout lòt fòm lanmou yo. Li pran pwoteksyon lanmou paran, respè lanmou fratenèl, konfyans lanmou zanmitay ak pasyon lanmou amoure.

18. Li rasanble plizyè aspè lanmou pou fòme yon lyen ki pi solid, pi pwofon ak pi responsab.

19. Lè 2 nanm aprann viv nan respè, fidelite ak devouman, relasyon yo kapab tounen yon lekòl espirityèl kote yo aprann pi gwo leson lanmou an: bay san pèdi tèt yo, resevwa san pran posesyon, epi grandi ansanm san yo pa limite limyè youn lòt.

20. Se konsa lanmou maryaj ak inyon nanm vin yon etap enpòtan sou echèl lanmou an: yon chemen kote 2 egzistans chwazi ini fòs yo pou kreye plis amoni, plis lavi ak plis limyè nan gwo fanmi egzistans lan.

CHAPIT 11 — LANMOU TANDRÈS (LANMOU TENERIS)

Dousè ak chalè ki geri blesi enteryè yo

1. Gen yon lanmou ki pa fè bri. Li pa antre nan lavi yon moun tankou yon tanpèt ki rache tout bagay sou chemen li.

2. Li rive dousman, tankou premye limyè solèy ki glise sou yon tè ki te pase tout nwit anba fredi.

3. Se pa yon lanmou ki bezwen gwo deklarasyon pou pwouve egzistans li. Li pale ak yon rega, yon touche, yon souri, yon silans ki chaje prezans. Lanmou sa a rele (**L' Amour Teneris**) Li se lanmou tandrès.

4. Nan yon mond kote anpil moun aprann viv ak zam olye yo aprann viv ak kè, tandrès vin tounen yon fòs yo souvan souzestime. Gen moun ki kwè tandrès se feblès, paske li pa leve vwa li, li pa goumen pou domine, li pa chache enpoze tèt li. Men verite a diferan.

5. Dèyè tandrès, kache youn nan pi gwo fòs ki egziste. Paske li mande plis kouraj pou rete dous devan mechanste pase pou reponn mechanste ak mechanste.

6. Tandrès se kapasite pou manyen yon lòt èt san kraze li.

Se kapasite pou wè doulè yon moun san w pa fè l santi li enferyè.

7. Se kapasite pou renmen menm lè lavi a kite mak sou nanm yon moun.

8. Amor Teneris pa senpleman yon santiman. Li se yon fason pou egziste. Li se yon fason pou fè tout sa nou ye vin tounen yon espas sekirite pou lòt moun.

9. Gen blesi kò ki geri ak tan, gen blesi espri ki geri ak konesans.

Men gen blesi kè se sèlman lanmou tandrès ki kapab geril.

10. Pafwa yon timoun pase tout anfans li san pèsonn pa janm di li: "Mwen fyè de ou." Li grandi, li vin granmoun, li reyisi, li bati lavi li, men anndan li toujou rete yon ti timoun ki grangou pou yon mo dous li pa janm tande.

11. Yon fanm ka pase plizyè ane anba imilyasyon. Li ka aprann souri devan moun pandan chak swa li kriye poukont li. Lè yon moun

finalman trete li ak respè, ak dousè, ak pasyans, li vin santi ke se tankou yon pati nan nanm li ki te mouri ki kòmanse respire ankò.

12. Yon gason ki toujou tande, depi piti li pa dwe kriye li dwe aprann kache emosyon li dèyè yon figi di.

13. Men yon jou, devan yon moun ki akeyi doulè li san jijman, miray li yo kòmanse tonbe. Se pa paske li vin fèb; se paske li finalman jwenn yon kote li pa bezwen pè.

14. Se sa lanmou tandrès fè.Li pa efase pase a, men li retire pouvwa soufrans lan te genyen sou kè a.

15. Tankou lapli ki tonbe sou yon tè ki te fann anba chalè, tandrès pa fòse flè yo pouse. Li senpleman kreye kondisyon pou lavi retounen.

Anpil moun pase tout lavi yo ap chache lòt lanmou, men an reyalite se lanmou tandrès ke yo bezwen.

16. Paske yon moun ka renmen ou epi li toujou pale avè w ak mechanste. Li ka renmen ou epi li toujou imilye w. Li ka renmen ou epi li toujou bliye sansiblite w.

17. Men lè lanmou tandrès antre nan espas la, atmosfè a chanje konplètman, li sispann sèlman yon emosyon; li vin tounen yon gerizon.

Yon touche ki fèt ak tandrès ka kalme yon laperèz okenn diskou pa t kapab retire.

18. Yon akolad ki fèt ak tandrès ka fè yon moun sonje li pa poukont li ankò.

Yon mo ki soti nan tandrès ka rete vivan nan memwa yon moun pandan tout lavi li.

19. Se poutèt sa lanmou tandrès pa mezire nan kantite pawòl, men nan kalite prezans.

20. Gen moun ki pale pandan plizyè èdtan san yo pa janm touche yon kè.

Gen lòt ki chita an silans bò kote yon moun pandan kèk minit, epi prezans yo chanje tout jounen an.

Sa se lang lanmou tandrès (Amor Teneris)

21. Li pale san bri, li geri san fè demonstrasyon, li transfòme san fòse.

Lè tandrès antre nan yon fanmi, timoun yo aprann yo gen valè.

22. Lè li antre nan yon maryaj, konfyans reprann souf li, lè li antre nan yon zanmitay, fidelite vin pi solid, lè li antre nan yon sosyete, vyolans kòmanse pèdi tèren.

23. Paske chak aksyon tandrès ka limen yon flanm lanmou nan kè imen an.

24. Se poutèt sa Amor Teneris pa sèlman yon kalite lanmou. Li se chalè ki fè lòt fòm lanmou yo rete vivan. San tandrès, menm pi gwo lanmou an ka vin sèk.

25. Men lè tandrès prezan, menm yon jès ki sanble piti ka tounen yon mirak pou yon nanm ki t ap tann yon ti limyè depi lontan.

CHAPIT 12 — LANMOU POU BOTE (LANMOU EROS AESTHETICUS)

Wè amoni ak limyè nan fòm kreyasyon yo

1. Gen yon lanmou ki pa fèt pou posede, ni li pa chache pran, li pa chache kenbe, e ni li pa chache domine.

2. Li sèlman admire. Lè li rankontre bote, li rete an silans devan li, paske li santi li devan yon bagay ki depase pawòl. Lanmou sa a rele

(**L' Amour Eros Aestheticus**) Se lanmou pou bote. A wiiiiii.

3. Men bote nou pale a pa sèlman bote yon figi, men se bote yon flè, yon mòn oubyen yon syèl ki chaje zetwal. Lanmou Eros Aestheticus se kapasite konsyans lan pou rekonèt amoni ki kache nan tout kreyasyon yo.

4. Li se je enteryè ki wè lòd kote lòt moun wè dezòd, limyè kote lòt moun wè fènwa, ak inite kote lòt moun wè separasyon.

5. Lè yon atis rete plizyè èdtan devan yon twal vid, se pa sèlman koulè li ap chache. Li ap chache fòm ki deja egziste nan lespri li. Lè yon mizisyen ranje nòt yo jiskaske yo tounen yon melodi ki touche kè moun, li pa sèlman kreye son; li reveye yon amoni ki te deja egziste.

6. Lè yon achitèk bati yon estrikti kote chak liy, chak espas, chak pwopòsyon antre an akò youn ak lòt, li pa sèlman bati yon kay; li rann vizib yon lòd ki te envizib.

7. Se menm lanmou sa a ki fè yon moun kanpe devan lanmè pandan solèy kouche, san li pa bezwen pale. Se pa paske lanmè a bezwen admirasyon li. Se paske, pandan kèk segonn, nanm li rekonèt yon amoni li te toujou pote anndan li.

8. Lanmou Eros Aestheticus, fè moun sonje bote pa yon liks; li se yon lang linivè.

9. Lè bote disparèt, nanm nan kòmanse vin sèk. Lè bote retounen, menm yon kè ki te fatige jwenn yon nouvo souf.

10. Se poutèt sa yon jaden flè ka pote lapè, yon mizik ka fè dlo soti nan je, yon powèm ka leve espwa, epi yon souri senp ka chanje tout direksyon yon jounen. Bote manyen yon pati nan nou ke lojik pa rive manyen.

11. Men vrè bote pa rete sou sifas, yon figi ka bèl jodi a epi chanje ak tan. Yon flè ka louvri nan maten epi li fennen nan aswè. Yon gwo moniman ka kraze anba van ak tan.

12. Men bote ki soti nan verite, nan sajès, nan konpasyon ak nan lanmou pa janm fin disparèt. Li kontinye klere menm lè kò a fin vye.

Se poutèt sa Eros Aestheticus envite nou aprann wè pi lwen pase aparans.

13. Yon pyebwa pa sèlman yon pyebwa. Li se yon leson sou pasyans. Li pouse dousman, li pran tan li, li fè rasin li desann anvan branch li monte. Li montre ke tout bote solid fèt sou fondasyon envizib.

14. Yon rivyè pa sèlman dlo kap koule. Li montre kijan lavi jwenn chemen li menm lè gen wòch devan li. Li pa goumen ak obstak la; li antoure l, li kontinye vwayaj li.

15. Yon galaksi pa sèlman yon gwoup zetwal. Yo se prèv ke menm sa ki sanble gaye swiv yon lòd ki depase je nou.

16. Se konsa lanmou Eros Aestheticus ini tout bagay. Li fè nou konprann ke tout fòm kreyasyon yo se diferan ekspresyon menm amoni fondamantal la.

17. Lè yon moun renmen bote sèlman pou aparans li, lanmou li rete frajil. Men lè li renmen bote kòm manifestasyon yon amoni ki pi fon, li kòmanse wè tout egzistans ak yon lòt je enteryè.

18. Li pa wè yon moun sèlman dapre figi li, men dapre limyè ki sòti nan kè li.

Li pa admire yon flè sèlman pou koulè li, men pou mistè lavi ki fè li louvri chak maten.

19. Li pa admire syèl la sèlman pou zetwal li yo, men pou òd ki kenbe dè milya mond ansanm san yo pa antre an konfizyon.

20. Nan sans sa a, Eros Aestheticus vin tounen yon fòs inyon. Li fè moun konprann ke bote pa divize; li rasanble.

21. Lè plizyè moun kanpe devan menm peyizaj la, yo ka soti nan diferan peyi, pale diferan lang, oubyen swiv diferan kwayans. Men, pandan kèk moman, yo tout rete an silans devan menm mèvèy la. Bote fè sa diskou pa toujou rive fè: li ini kè yo.

22. Petèt se poutèt sa timoun yo fasil sezi devan yon papiyon, yon lakansyèl oubyen yon zwazo k ap chante. Yo poko pèdi kapasite pou admire. Pandan n ap grandi, nou konn bliye sa.

23. Nou prese twòp, nou konte twòp, nou analize twòp, epi nou sispann wè mèvèy ki te toujou la.

24. Lanmou Eros Aestheticus envite nou reprann je timoun sa a, je ki wè bote kòm yon revelasyon.

Paske chak fwa nou admire sa ki vrèman bèl, nou pa sèlman ap gade yon bagay deyò nou.

25. Nou ap reveye yon pati nan limyè ki te toujou egziste anndan nou. Se poutèt sa lanmou pou bote pa fini nan admirasyon. Li transfòme moun ki admire a.

26. Li rafine panse li, li kalme kè li, li louvri konsyans li, epi li fè li anvi kreye plis bote olye li ajoute plis dezòd nan mond lan.

27. Lè sa rive, Eros Aestheticus pa sèlman tounen lanmou pou bote. Men li vin tounen chemen kote nanm nan aprann rekonèt ke tout bote otantik se yon envitasyon pou retounen nan amoni, nan inite, ak nan sous ki bay tout kreyasyon lavi.

CHAPIT 13 — LANMOU POU LANATI AK BÈT (LANMOU BIOFILI)

Koneksyon pwofon ak tout fòm lavi

1. Gen yon lanmou ki pa rete sèlman nan relasyon ant moun. Li travèse limit fanmi, zanmi, ak sosyete.

2. Li rive jouk nan pyebwa ki pa pale, rivyè ki pa janm mande anyen, zwazo ki chante san yo pa tann aplodisman, ak bèt ki pataje menm souf lavi a avèk nou. Lanmou sa a rele (**L'Amour Biophilie**)

Biofili se lanmou pou lavi nan tout fòm li.

3. Se pa sèlman renmen lanati paske li bèl, ni pran plezi wè yon jaden flè oubyen tande bri lanmè. Li pi fon pase sa. Se rekonesans ke tout sa ki vivan pote menm flanm lavi a, menm si li manifeste sou diferan fòm. Se konprann ke lè nou manyen lanati ak respè, se lavi menm nou ap onore.

4. Yon grenn semans pa fè okenn bri lè li tonbe atè. Men, nan silans tè a, li fann, li mouri nan ansyen fòm li, epi li leve tankou yon pyebwa ki pral bay lonbraj, fwi ak oksijèn pou lòt jenerasyon. Nan ti mirak sa a, lanati montre youn nan pi gwo leson lanmou: Paske vrè lanmou an toujou bay lavi.

5. Langaj lanati se pa mo, li se lanmou, li se silans, li se kwasans, li se pataj, li se ekilib, li se jenerozite.

6. Solèy la pa chwazi kiyès li pral klere. Li leve sou tout moun. Lapli pa mande kiyès ki bon oubyen kiyès ki mechan anvan li wouze tè a.

7. Rivyè yo pa bwè dlo yo pote; yo bay li. Pyebwa yo pa manje fwi yo pwodui; yo ofri yo. Flè yo pa pran sant yo pou tèt pa yo; yo gaye l nan van an.

8. Tout kreyasyon sanble ap repete menm mesaj la: Lavi egziste pou pataje lavi.

9. Se poutèt sa yo ka di langaj lanati se lanmou, lè yon zwazo bati nich li ak pasyans pou pwoteje pitit li yo, se lanmou. Lè yon elefan retounen ede yon lòt ki blese, se lanmou.

10. Lè yon chen rete fidèl ak moun ki pran swen li, se lanmou. Lè yon pyebwa kontinye bay lonbraj menm moun ki te frape kòf li, se yon imaj jenerozite.

11. Lanati pa preche lanmou; li viv li, se poutèt sa anpil fwa, lè yon moun fatige ak bri mond lan, li santi bezwen ale bò lanmè, mache nan yon forè, chita anba yon pyebwa oubyen gade syèl la. Li pa toujou konnen poukisa.

12. Men nanm li ap chache retounen nan premye lang li te toujou konprann: langaj lavi.

13. Lanmou Biophilia se kapasite pou tande lang sa a.

Li se kapasite pou wè yon pyebwa kòm plis pase bwa a, yon rivyè kòm plis pase dlo a, wè yon zwazo plis ke yon bèt. Li wè yo kòm konpayon sou menm chemen egzistans lan.

14. Lè yon moun devlope lanmou Biophilia, fason li gade mond lan chanje.

15. Li pa kraze yon branch san nesesite, li pa maltrete yon bèt pou plezi.

Li pa sal yon rivyè san li pa santi li sal yon pati nan pwòp egzistans li.

Paske li konprann yon verite senp: nou pa viv sou lanati; nou viv nan lanati. Nou pa separe de li; nou se youn nan ekspresyon li yo.

Souf nou depann de pyebwa yo.

16.Dlo nou bwè soti nan tè a, manje nou manje soti nan lavi ki grandi.

Menm kò nou fèt ak eleman ki soti nan linivè.

17. Lè sa a, kijan nou ta ka renmen tèt nou pandan n ap rayi sa ki ban nou lavi? Sa se yon kesyon pou reponn pwòp tèt ou.

Se poutèt sa lanmou Biophilia pa sèlman yon santiman; li vin tounen yon fason pou viv.

18. Yon moun ki manifeste Biophilia chwazi pwoteje olye li detwi.

Li plante kote lòt moun koupe, li geri kote lòt moun blese, li pran swen kote lòt moun neglije.

19. Li aprann viv ak rekonesans pou chak gout dlo, chak souf lè, chak grenn tè, chak espès ki egziste.

20. Men Biophilia pa limite ak lanati deyò nou, gen yon forè anndan chak moun, e gen yon rivyè emosyon, gen yon sezon lapli ak sezon

sechrès, e gen van tanpèt ak yon maten ki klere.

21. Lè nou aprann respekte ritm lanati, nou aprann respekte ritm pwòp nanm nou tou. Nou konprann ke pagen pyebwa ki donnen tout ane. Pagen flè ki louvri chak jou.

22. Pagen lannwit ki dire pou tout tan.

Lanati anseye nou pasyans, li anseye nou espwa, li anseye nou renouvèlman.

23. Yon fèy tonbe pa vle di pyebwa a mouri, yon sezon ivè pa vle di prentan pap janm vini, se konsa lanati geri moun ki konnen kijan pou koute li.

24. Yon èt ki viv lanmou Biophilia pa santi li pi wo pase lòt fòm lavi yo. Li wè tèt li kòm yon selil nan yon gwo kò ki rele lavi. Li konprann ke disparisyon yon espès se tankou yon pati nan gwo senfoni egzistans lan ki sispann chante.

25. Lè yon zwazo disparèt, se tankou mond lan pèdi yon melodi, lè yon rivyè mouri, tè a pèdi yon venn.

26. Lè yon forè boule, se tankou yon pati nan souf planèt la vin pi kout.

Se poutèt sa renmen lanati pa yon aktivite; se yon konsyans.

Nan somè lanmou Biophilia, limit ant "mwen" ak "lòt la" kòmanse fonn. Lè sa rive, yon moun pa wè yon pyebwa, yon bèt oubyen yon moun kòm twa reyalite diferan.

27. Men li wè menm lavi a k ap eksprime tèt li atravè twa fòm diferan.

Lè konsyans sa a leve, lanmou pa rete sèlman kòm yon emosyon ankò. 28. Li vin tounen yon prezans ki anbrase tout sa ki respire, tout sa ki grandi, tout sa ki vole, tout sa ki naje, tout sa ki mache, ak menm sa ki rete an silans.

29. Se la lanmou Biophilia rive nan tout pwofondè li: lè kè a konprann ke renmen lavi pa vle di sèlman apresye egzistans pa w, men selebre, pwoteje, ak onore flanm lavi ki klere nan tout kreyasyon yo.

30. Se lè sa a ou dekouvri ke chak fòm lavi se yon fanmi, chak pyebwa se yon temwen, chak bèt se yon konpayon,

epi tout linivè ap pale menm lang lan, ki se langaj lanmou.

CHAPIT 14 — LANMOU POU KONESANS (LANMOU FILOZÒF)

Swaf pou dekouvri verite ak mistè egzistans

1. Lanmou pou konesans se youn nan pi gwo ekspresyon evolisyon konsyans lan. Se fòs enteryè ki leve nan yon èt lè li kòmanse santi gen yon pwofondè dèyè sa li wè, sa li tande ak sa li eksperimante.

2. Li se yon apèl ki soti nan fon nanm nan pou chache konprann orijin bagay yo, sans lavi a, estrikti linivè a ak mistè ki kache dèyè egzistans.

3. Lanmou sa rele (**L' Amour Philosophie**) se lanmou pou sajès. Li pa sèlman vle di renmen aprann oubyen ranmase anpil enfòmasyon; li se yon swaf ki pi pwofon, yon grangou espirityèl pou rive nan konpreyansyon.

4. Li fèt lè yon konsyans pa satisfè ak aparans ekstèn bagay yo ankò, men li kòmanse poze kesyon ki pi fondamantal yo: Ki kote tout bagay soti? Poukisa egzistans lan la? Ki nati verite a? Ki plas yon èt genyen nan gwo lòd kreyasyon yo?

5. Nan premye etap li yo, lanmou pou konesans parèt tankou kiryozite. Yon èt kòmanse obsève mond ki antoure li, li chache konprann fenomèn lavi a, li analize eksperyans li yo, epi li kòmanse wè gen anpil mistè ki depase konpreyansyon òdinè.

6. Men ak tan, kiryozite sa a transfòme an yon rechèch ki pi pwofon kote objektif la pa sèlman konnen bagay yo, men konprann sans yo.

Lanmou sa a aji nan konsyans yon èt tankou yon flanm limyè ki kontinye grandi.

7. Li pouse lespri a soti nan inyorans pou antre nan rechèch, soti nan akseptasyon avèg pou antre nan disènman, soti nan konfizyon pou antre nan klète.

8. Èt ki pote lanmou sa a aprann poze kesyon san pè, paske li konprann verite pa pè kesyon; se manti sèlman ki bezwen kache anba dout.

Lanmou pou konesans aprann yon moun devlope yon lespri ouvè.

9. Li montre li ke sajès pa soti sèlman nan yon sèl sous, men nan kapasite pou obsève, reflechi,

eksperimante epi konprann relasyon ki egziste ant tout bagay.

10. Yon konsyans ki renmen konesans pa chache genyen tout repons imedyatman; li aprann mache sou chemen dekouvèt la ak pasyans, imilite ak respè.

11. Nan lavi yon moun, lanmou Philosophia kapab manifeste nan plizyè fason. Li parèt nan moun ki renmen etidye syans, istwa, atizay, lanati oubyen mistè linivè a.

12. Li parèt nan moun ki pase tan ap medite sou sans lavi a, nan moun ki chache konprann nati nanm nan, oubyen nan moun ki vle dekouvri verite ki depase limit fizik yo.

13. Li kapab manifeste tou nan yon èt espirityèl ki ap chache elaji konsyans li epi rive nan yon pi gwo nivo konpreyansyon.

Men lanmou pou konesans pa fèt sèlman pou akimile konesans nan memwa. Vrè objektif li se transfòme èt la.

14. Paske yon konesans ki pa chanje, konsyans lan ap rete sèlman enfòmasyon. Sajès parèt lè yon èt aprann vin tounen yon pati nan fason li wè, santi ak aji.

15. Yon moun ki pote Philosophia kòmanse wè mond lan yon lòt fason. Li konprann chak eksperyans kapab pote yon leson, chak rankont kapab revele yon verite, epi chak mistè kapab louvri yon nouvo pòt nan konpreyansyon.

16. Li pa sèlman chache konnen sa ki deyò li; men li chache konprann pwòp nati li tou, paske pi gwo mistè yon èt ka dekouvri se pafwa pwòp pwofondè konsyans li.

17. Lanmou pou konesans fè yon moun vin yon vwayajè enteryè ak ekstèn. Li vwayaje atravè lide, eksperyans ak refleksyon pou rive pi pre verite a.

18. Menm lè li jwenn repons, li kontinye chache, paske chak nouvo repons ouvri pòt pou yon kesyon ki pi pwofon. Se yon chemen san fen kote chak nivo konpreyansyon prepare yon lòt nivo ki pi wo.

19. Nan dimansyon espirityèl, lanmou Philosophia a se rechèch nanm nan pou sonje orijin li. Se mouvman yon konsyans ki santi gen yon lòd, yon amoni ak yon sajès dèyè egzistans lan. Li pouse èt la

chache koneksyon ant tout fòm lavi, ant linivè ak sous li, ant sa ki vizib ak sa ki envizib.

20. Èt ki pote lanmou sa a souvan vin tounen yon pote limyè pou lòt èt yo. Lè li dekouvri yon verite ki itil, li santi bezwen pou pataje li. Paske sajès pa fèt pou fè yon èt santi li pi wo pase lòt yo; vrè sajès fè yon èt vin pi itil, pi konpasyon, pi konsyan ak pi ini ak tout sa ki egziste.

21. Lanmou Philosophia a anseye tou imilite. Paske plis yon èt aprann, se plis li reyalize grandè mistè ki rete pou dekouvri. Li konprann vrè sajès pa nan pretann konnen tout bagay, men nan rekonèt grandè verite a epi kontinye avanse avèk respè.

22. Nan echèl enfini lanmou an, Lanmou pou Konesans (Philosophia) se etap kote lanmou kòmanse chache inyon ak verite. Se pa sèlman kè a ki ap chache ini ak yon lòt; men se konsyans lan ki leve pou chache konprann tout sa ki egziste.

23. Li se flanm ki limen lespri rechèch la, limyè ki gide moun nan direksyon sajès, epi vwayaj yon èt ki vle pase soti nan senp egzistans pou rive nan konpreyansyon ki pwofon.

24. Paske lè yon èt renmen konesans avèk tout nanm li, li pa sèlman ap chache konnen linivè a, men tou, li ap chache dekouvri mistè ki konekte l ak linivè a.

CHAPIT 15 — LANMOU POU VERITE (LANMOU VERITATIS)

Chache limyè menm lè chemen an difisil

1. Gen yon lanmou ki pa chache konfò anvan tout bagay. Li pa chwazi sa ki pi fasil pou tande, ni sa ki fè ego a santi l alèz.

2. Li pito mache sou yon chemen ki konn chaje ak dout, sakrifis ak solitid, paske li konnen nan bout chemen sa a gen yon limyè ki paka ranplase pa okenn ilizyon. Lanmou sa a rele : (**L' Amour Veritatis**) se lanmou pou verite.

3. Se pa sèlman renmen aprann nouvo enfòmasyon oubyen ranmase plis konesans. Men se yon pasyon pwofon pou viv nan verite, pale ak verite, chache verite, epi kite verite transfòme lavi yon moun.

4. Li se yon angajman pou swiv limyè a, menm lè limyè sa a oblije kraze ansyen ilizyon nou te konn kwè ladan yo.

Paske verite pa toujou konfòtab, pafwa li kraze sa nou te bati pandan plizyè ane.

5. Pafwa li mande nou rekonèt erè nou, pafwa li fòse nou chanje direksyon. Pafwa li fè nou pèdi moun ki te sèlman renmen nou toutotan nou t ap di sa yo te vle tande.

6. Men moun ki viv lanmou (Amor Veritatis) konprann yon bagay: yon manti ki konfòtab pa janm gen plis valè pase yon verite ki difisil.

7. Se poutèt sa yo pa kouri dèyè sa ki popilè, yo kouri dèyè sa ki vre.

Yo pa mande premye kesyon an: "Èske sa ap fè m plezi?"

Yo mande: "Èske sa vrè?"

Sa se diferans ki separe moun ki renmen opinyon ak moun ki renmen verite.

8. Yon moun ki manifeste Amor Veritatis pa pè poze kesyon.

Li pa aksepte tout sa li tande san reflechi, li pa rejte yon lide sèlman paske li nouvo.

9. Li pa aksepte yon lide sèlman paske li ansyen, li egzamine, li obsève, li reflechi, li aprann, li pare pou korije tèt li lè prèv montre li te fè erè.

Paske pou li, chanje opinyon apre yon pi bon konpreyansyon pa yon feblès; men se yon siy kwasans.

10. Gen anpil moun ki renmen genyen diskisyon.

Men moun ki renmen verite pito dekouvri sa ki vrè pase pwouve yo te gen rezon.

11. Se poutèt sa yo gen imilite, yo konnen okenn lespri pa posede tout verite.

12. Chak moun kenbe sèlman yon pati nan gwo mistè egzistans lan.

Se poutèt sa yo koute, yo poze kesyon, yo kontinye aprann.

Amor Veritatis mande anpil kouraj, paske pafwa tout foul la ka mache nan yon direksyon, pandan verite a mande ou mache poukont ou.

13. Pafwa zanmi vire do ba ou, pafwa fanmi pa konprann ou.

Pafwa sosyete a pase ou nan rizib, men si konsyans ou konnen ou sou chemen verite a, wap toujou kontinye mache, se pa paske ou pi bon pase lòt moun. Men paske ou renmen limyè plis pase konfò.

14.Yon moun ki viv Amor Veritatis pa sèlman di laverite ak bouch li.

Li chache viv laverite ak lavi li, pawòl li ak aksyon li mache ansanm.

Li pa montre yon figi devan moun epi yon lòt lè li poukont li.

15. Li chache entegrite, paske verite pa sèlman yon lide, li se yon fason pou egziste, sa pa vle di li pafè.

16. Li konn fè erè tankou tout moun, men diferans lan se ke li pa bati lavi li sou erè sa yo.

17.Li rekonèt yo, li aprann nan yo, li tonbe, li leve ankò, li kontinye mache.

18. Verite pa vini pou imilye moun, men li vini pou libere yo.

Tankou limyè ki antre nan yon chanm ki te fèmen pandan plizyè ane, li revele pousyè a. Se pa pou fè chanm nan parèt pi sal, men pou pèmèt yo netwaye li.

19. Se konsa Amor Veritatis travay nan kè moun, li montre blesi yo pou yo ka geri.

20. Li montre feblès yo, pou moun nan ka vin fò, li montre ilizyon yo pou limyè ka pran plas yo.

21. Yon moun ki renmen verite pa sèvi ak li tankou yon zam pou blese lòt moun. Li sèvi avè l avèk sajès ak konpasyon.

22. Men yon verite ki pale avèk respè kapab geri yon vi.

Se poutèt sa Amor Veritatis toujou mache men nan men ak imilite.

Li konnen verite pa bezwen rele pou li rete verite, li jis klere poukont li.

23. Nan dènye etap li, lanmou pou verite depase kesyon liv, teyori oubyen diskisyon. Men li vin tounen yon fason pou wè tout egzistans. Moun nan pa mande sèlman sa ki vre sou mond lan; li mande tou sa ki vre sou tèt li.

24. Li retire mask yo, li abandone pretansyon yo, li kite limyè antre kote ki te pi fè nwa anndan li.

25. Paske li konprann pi gwo viktwa yon moun pa jwenn verite sou lòt moun, men jwenn verite sou pwòp tèt pa li.

26. Se lè sa a Amor Veritatis rive nan tout fòs li. Li pa sèlman fè yon moun pi entèlijan; li fè li pi lib. Li pa sèlman ranpli lespri a ak konesans; li pirifye konsyans lan.

27. Li pa sèlman montre chemen an; li vin tounen limyè ki gide chak etap sou chemen lavi a, menm lè chemen an etwat, menm lè li difisil.
28. Paske moun ki renmen verite konnen ke nenpòt chemen ki mennen nan limyè toujou gen plis valè pase nenpòt chemen ki mennen nan yon ilizyon ki konfòtab.

CHAPIT 16 — LANMOU POU SAJÈS (LANMOU SAJÈS)

Inyon ant konesans, eksperyans ak pwofondè enteryè

1. Gen yon lanmou ki pa fèt sèlman pou fè kè kontan, ni pou satisfè dezi, ni pou chache repons rapid.

2. Se yon lanmou ki fèt pou reveye konsyans. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon etap kote yon èt pa sèlman anvi konnen; men tou, li anvi konprann. Li pa sèlman anvi wè; men tou, li anvi wè ak je enteryè li. Lanmou sa rele (L'Amour Sophia)

3. Lanmou Sophia se lanmou pou sajès vivan. Men sajès la pa senpleman yon kantite liv ou li, ni kantite pawòl ou sonje. Sajès se limyè ki fèt lè konesans rankontre eksperyans, epi eksperyans lan pase nan dife refleksyon enteryè.

4. Se poutèt sa, anpil moun ka gen anpil enfòmasyon san yo pa gen sajès. Men yon sèl moun ki aprann viv laverite li dekouvri a ka vin pote limyè pou dè milye lòt moun.

5. Lanmou Sophia envite yon èt antre nan yon chemen ki pa toujou fasil. Paske li pa retire mistè yo; li aprann ou mache avèk yo. Li pa fè ou sispann poze kesyon; li fè kesyon yo vin pi pwofon.

6. Chak repons ou jwenn kapab louvri yon lòt pòt, dèyè pòt sa a gen yon lòt syèl, yon lòt dimansyon, e yon lòt nivo konsyans.

Se poutèt sa lanmou Sophia pa janm stagne. Li toujou ap grandi.

7. Lanmou sa ka manifeste nan nenpòt èt. Li kapab manifeste nan yon moun ki pase lavi li ap chache konprann tèt li olye li pase tan ap jije lòt moun.

8. Li kapab manifeste nan yon timoun ki toujou sezi devan bote yon flè, ki pa janm sispann mande "poukisa?". Li kapab manifeste nan yon granmoun ki aprann tande anvan li pale.

9. Li kapab manifeste menm nan yon bèt, lè li montre yon entèlijans natirèl, yon sans amoni, yon kapasite pou viv ann akò ak lwa lavi san l pa detwi ekilib ki antoure l.

10. Li kapab manifeste menm nan yon espri ki kontinye leve pi wo nan limyè, paske chak etap limyè revele yon sajès ki pi laj toujou.

11. Lanmou Sofia pa gade aparans yon èt; li gade ouvèti konsyans li.

Yon moun ka san diplòm, men kè li plen sajès. Yon lòt ka metrize anpil syans, men li toujou rete prizonye ògèy li.

12. Lanmou Sophia pa mezire kantite konesans ou ranmase; li mezire kantite limyè konesans sa pote nan fason ou viv.

Gen yon diferans ant konnen ak konprann.

Konnen se lè ou tande yon verite.

13. Konprann se lè verite sa antre nan san ou, nan souf ou, nan je ou, jouk li vin chanje fason ou wè linivè a.

Se la lanmou Sophia manifeste.

14. Pafwa, pandan yon moun ap mache pou kont li, san okenn bri, san okenn mizik, san okenn distraksyon, li santi tankou yon pòt envizib ouvri anndan li. Li pa wè pòt la ak je kò li, men li santi li. Yon kalm ekstraòdinè anvayi lespri li. Tan sanble ralanti.

15. Souf li vin pi lejè. Panse li pa goumen ankò. Nan moman sa a, li santi tankou egzistans antye ap pale avè l san okenn mo.

Sa se youn nan premye manifestasyon lanmou Sophia la.

Lanmou sa depase emosyon ki mare sèlman ak matyè. Li pa efase emosyon yo; li travèse yo. Li antre pi fon pase lajwa ak tristès.

16. Pi fon pase viktwa ak echèk. Pi fon pase renmen ak rayi. Li rive nan sant yon èt, kote tout kontradiksyon kòmanse fonn tankou glas anba chalè solèy.

17. Lè sa rive, moun nan pa santi li separe ak lavi ankò.

Me li kòmanse wè yon inite ki kache dèyè tout diferans yo.

Li wè menm sous limyè a ap sikile nan pyebwa yo, nan zwazo yo, nan rivyè yo, nan zetwal yo, nan moun ki jis, menm nan moun ki poko reveye. 18. Li konprann ke tout egzistans ap avanse, chak nan pwòp ritm yo.

Se pa yon lide sèlman se yon eksperyans.

Se poutèt sa sajès pa ka fòse. Li fèt lè konsyans pare pou resevwa li.

Imajine yon fanm granmoun ki chita devan pòt kay li chak aswè.

Li pa janm ale lekòl. Men chak fwa timoun yo pwoche kote li, yo kite l avèk yon kè ki pi lejè. Li pa itilize gwo pawòl.

19. Li pa site liv. Men fason li gade moun, fason li pale dousman, fason li konprann doulè san yo pa bezwen eksplike l, fè tout moun santi yo jwenn yon moso limyè.

Se lanmou Sophia k ap viv nan li.

20. Imajine yon nonm ki pase anpil ane ap chache richès. Li rive genyen tout sa li te vle. Men yon jou li remake ke lapè pa t janm nan okenn nan bagay li te achte.

21. Se lè li kòmanse sèvi lòt moun, padonnen tèt li, aprann tande silans, li dekouvri yon kalite kontantman li pa t janm konnen.

Se lanmou Sophia ki kòmanse pran rasin nan li.

22. Lanmou sa pa fè bri, li tankou limyè solèy ki leve dousman sou mòn yo. Li pa pouse fènwa a avèk vyolans. Li senpleman klere, epi fènwa a disparèt pou kont li.

23. Plis yon èt renmen sajès, se plis li vin pi enb. Paske li dekouvri kantite bagay li poko konnen. Ògèy diminye. Konpasyon ogmante. Jijman bese. Konpreyansyon grandi.

Se youn nan pi gwo siy lanmou Sophia.

24. Yon èt ki gen Sophia pa prese kondane. Men li chache konprann anvan li reponn. Li konnen chak moun ap pote yon istwa envizib dèyè je li. Chak blesi gen yon orijin. Chak mechanste souvan kache yon soufrans ki poko geri.

25. Lè lanmou Sophia grandi toujou, yon lòt fenomèn kòmanse fèt.

Tout lòt fòm lanmou yo kòmanse ini.

26. Lanmou pou tèt ou pa goumen ak lanmou pou lòt moun, lanmou pou laverite pa goumen ak konpasyon.

27. Lanmou pou kreyasyon pa separe ak lanmou pou Bondye, lanmou pou lavi pa opoze ak lanmou pou silans.

Tout vin tankou rivyè ki soti nan diferan direksyon, men ki finalman antre nan menm oseyan an.

28. Se poutèt sa lanmou Sophia se yon pon,

li fè lyen ant konesans ak lòt fòm lanmou.

29. Ant lespri ak kè, ant refleksyon ak aksyon, ant syèl ak tè, ant sa nou wè ak sa nou poko wè.

30. Pandan yon èt kontinye viv lanmou Sophia, li kòmanse remake reyalite a pi laj pase senk sans kò a. Entwisyon vin pi klè. Konsyans vin pi laj.

31. Li pa nesesèman wè lòt mond ak je fizik li, men li santi prezans yon pwofondè ki depase tout sa mo kapab eksplike.

Li santi tankou li kanpe sou papòt yon lòt dimansyon, yon dimansyon kote lanmou pa divize ankò.

32. Kote tout fòm lanmou yo tounen yon sèl limyè, nan espas enteryè sa a, pagen konpetisyon ant sajès ak tandrès. Pagen batay ant laverite ak mizèrikòd.

33. Pagen separasyon ant syans ak espirityalite. Tout bagay antre nan yon amoni ki depase panse òdinè.

34. Se la lanmou Sophia lonje men bay Lanmou Inivèsèl.

Paske objektif final sajès pa sèlman fè yon moun vin pi entèlijan; men se fè l vin pi limyè, li fè l viv avèk yon kè ki louvri.

35. Li fè l mache avèk respè devan tout lavi, li fè l wè tèt li nan lòt moun, epi wè lòt moun nan tèt li. Lè yon èt rive manifeste lanmou Sophia nan tout egzistans li, prezans li sèlman vin tounen yon benediksyon. San li pa fòse pèsonn, li enspire. San li pa domine, li gide. San li pa reklame glwa, li klere.

36. Se konsa, sou echèl enfini lanmou an, lanmou Sophia pa reprezante fen chemen an.

37. Li se pòt sakre kote tout konesans pirifye, tout eksperyans pran sans, tout doulè tounen limyè, epi tout fòm lanmou kòmanse ini pou prepare konsyans lan antre nan pi gwo mistè a ki se: Lanmou Inivèsèl

38. Kote pagen okenn separasyon ankò ant espri, ant moun, ant tout lòt antite yo.

CHAPIT 17 — LANMOU POU MISYON LAVI

(LANMOU VOKASYONIS)

Renmen misyonw

1. Sou echèl enfini lanmou an, rive yon moman kote yon èt pa poze tèt li kesyon ankò sou sa li vle sèlman, men li kòmanse mande: "Poukisa li egziste?" Se nan moman sa a yon lòt fòm lanmou leve nan konsyans li. Se pa yon lanmou ki chache konfò, ni glwa, ni rekonpans.

2. Se yon lanmou ki rele l pou li viv dapre rezon egzistans li. Lanmou sa a rele (L' Amour Vocationis) Se lanmou pou misyon lavi.

3. Chak èt ki egziste pote yon rezon pou egziste. Kit li se yon moun, yon espri, yon zanj, yon bèt, yon pyebwa oubyen nenpòt lòt fòm lavi, egzistans li pa san sans.

4. Li antre nan gran senfoni kreyasyon an avèk yon nòt pa li. Si nòt sa a pa t egziste, melodi a pa t ap menm jan ankò.

Se poutèt sa, misyon yon èt pa sèlman yon travay li fè; li se fason li patisipe nan amoni linivè a.

5. Amor Vocationis se lanmou ki fè yon èt di "wi" ak chemen lavi li, menm lè chemen sa a pa fasil. Li aprann renmen responsablite li, renmen travay li dwe fè, renmen devwa li genyen devan lavi.

6. Paske li konprann misyon pa yon chay yo lage sou li; misyon se yon pati nan idantite li.

7. Gen anpil moun ki pase tout lavi yo ap chache yon lavi ki pi fasil, men yo bliye chache lavi yo te fèt pou viv la. Lanmou pou misyon pa toujou mennen sou chemen ki pi senp; li mennen sou chemen ki pi vrè.

8. Yon rivyè pa janm plenyen paske li oblije koule jouk li rive nan lanmè. Solèy pa janm boude paske li leve chak maten. Yon grenn pa janm mande poukisa li dwe kraze anba tè anvan li tounen yon pyebwa.

9. Yo chak aksepte misyon yo, epi se fidelite sa a ki pèmèt lavi kontinye.

Menm jan an tou, chak èt jwenn lapè lè li sispann kouri dèyè desten lòt moun pou l aprann viv pwòp desten pa li.

10. Lanmou pou misyon pa depann de fasilite chemen an. Gen misyon ki mande anpil sakrifis. Gen lòt ki mande anpil pasyans. Gen misyon ki mande pou yon moun mache pou kont li pandan lontan.

11. Gen lòt ki mande pou li sèvi san pèsòn pa remake efò li.

Men lanmou pou misyon rete menm jan.

Paske lanmou pa mezire chemen an dapre kantite difikilte li; li mezire l dapre verite li.

12. Yon manman ki leve chak maten pou pran swen pitit li ap viv Amor Vocationis lè li fè sa ak tout kè li. Yon pwofesè ki kontinye anseye menm lè travay li pa bay anpil rekonpans, ap viv Amor Vocationis. Yon atizan ki mete tout lanmou li nan sa li kreye ap viv Amor Vocationis.

13. Yon moun ki pase lavi li ap soulaje soufrans lòt moun san l pa tann lwanj ap viv Amor Vocationis.

14. Se pa gwosè misyon an ki bay valè, men se lanmou ki ladann lan.

Yon moun ka fè gwo bagay san lanmou; sa pa janm transfòme mond lan nèt. Men yon lòt ka fè yon ti aksyon ak tout kè li, epi aksyon sa a chanje lavi yon lòt moun pou tout tan. Se la misyon vin sakre.

15. Paske lanmou diven pa mezire aksyon yo ak kantite yo; li mezire yo ak limyè ki ladan yo.

16. Lè yon èt dekouvri misyon li, li santi tankou yon pyès nanm li retounen lakay li. Li pa bezwen fòse tèt li anpil pou mache sou chemen sa a. Menm lè fatig rive, menm lè obstak parèt, gen yon fòs anndan li ki kontinye leve l. Fòs sa a se lanmou pou misyon li.

17. Pafwa, mond lan pap konprann misyon yon moun. Gen moun ki pral pase l nan rizib. Gen moun ki pral dekouraje l. Gen moun ki pral di chemen li chwazi a pa vo anyen.

18. Men si lanmou pou misyon an vrè, bri deyò pa ka etenn vwa ki pale anndan moun sa.

Paske misyon pa fèt pou satisfè opinyon moun;

li fèt pou reyalize rezon egzistans yon èt.

19. Gen moman kote misyon an mande pou yon moun abandone sa ki fasil pou li chwazi sa ki jis. Gen moman kote li mande anpil ane travay san rezilta vizib. Men tout tan yon èt rete fidèl ak apèl li, chak etap li fè ap fòme karaktè li, lap elaji konsyans li, epi ap prepare li pou pi gwo limyè.

20. Amor Vocationis pa sèlman chanje sa yon moun fè; li chanje fason li viv.

Li leve chak maten ak rekonesans, li travay avèk pasyon, li sèvi avèk imilite.

21. Li aprann nan echèk san li pa dekouraje, li resevwa siksè san li pa vin ògeye.

22. Paske li konnen misyon li pa pou fè li vin pi gran pase lòt moun; li la pou fè li vin pi fidèl ak limyè ki abite nan li.

Rezon ki fè chak èt egziste, se paske lanmou Diven an te vle lavi manifeste yon lòt aspè nan bote li atravè èt sa a. Chak misyon se yon reyon ki soti nan menm Solèy etènèl la.

23. Gen reyon ki klere nan syans, gen lòt nan atizay, nan sèvis, nan pwoteksyon, nan ansèyman, nan gerizon, nan meditasyon oubyen nan kreyasyon. Men tout soti nan menm sous la.

24. Se poutèt sa, lè yon èt rayi misyon li, li kòmanse vire do bay yon pati nan pwòp egzistans li. Men lè li renmen misyon li, menm lè li mande efò, li antre an amoni ak rezon ki fè li te resevwa lavi.

25. Yon èt manifeste Amor Vocationis lè chak aksyon li vin yon ofrann. Li pa travay sèlman pou touche; li travay pou konstwi. Li pa sèvi sèlman pou resevwa; li sèvi paske lanmou ap koule nan li. Li pa swiv chemen li ak kè lou, men ak diyite, pasyans ak fidelite. Lè sa rive, misyon an pa rete yon obligasyon ankò.

26. Li tounen yon chante, yon lapriyè, yon limyè.Yon ekspresyon vivan lanmou divin, se konsa, sou echèl enfini lanmou an, Amor Vocationis se etap kote yon èt sispann mande sa lavi dwe fè pou li, epi li kòmanse mande sa li menm dwe pote pou lavi.

27. Depi lè sa a, chak souf li, chak efò li, chak sakrifis li ak chak viktwa li, ap tounen yon temwayaj ke vrè misyon egzistans lan toujou pran nesans nan lanmou, epi retounen nan lanmou.

CHAPIT 18 — LANMOU KREYATIF AK TRAVAY (LANMOU OPERIS)

Mete kè ak lespri nan sa ou kreye

1. Sou echèl enfini lanmou an, rive yon moman kote lanmou pa rete sèlman yon santiman oubyen yon vizyon enteryè. Li kòmanse pran fòm atravè aksyon.

2. Li pase nan men yon èt, nan panse li, nan pawòl li, nan travay li, epi finalman nan tout sa li kreye. Se la yon lòt fòm lanmou parèt ki se:

(**L' Amour Operis**)— lanmou kreyatif ak travay.

3. Lanmou sa a se fòs ki pouse yon èt mete tout kè li, tout espri li, tout prezans li nan sa l ap fè. Li pa travay sèlman pou fini yon devwa; li travay pou kite yon tras limyè dèyè li. Pou Amor Operis, pa gen okenn travay ki twò piti, paske tout aksyon ki fèt ak lanmou vin pote yon valè ki depase sa je ka wè.

4. Kè ak espri pa t fèt pou viv nan vid. Yo fèt pou viv nan lanmou, epi lanmou sa a toujou chache manifeste tèt li atravè kreyasyon. Se poutèt sa, chak fwa yon èt kreye yon bagay avèk lanmou, li pa sèlman pwodwi yon objè oubyen yon rezilta; men li depoze yon pati nan limyè li ladan l.

5. Se konsa yon chante ka geri yon kè, yon liv ka reveye yon konsyans, yon kay ka bay yon fanmi sekirite, yon jaden ka nouri plizyè moun.

Yon souri ka chanje direksyon yon jounen.

6. Lanmou pa toujou manifeste nan gwo mirak; anpil fwa li manifeste nan ti aksyon ki fèt ak tout kè.

7. Nenpòt èt kapab viv Amor Operis. Li kapab yon moun k ap ekri, yon atizan k ap taye bwa, yon pwofesè k ap anseye, yon doktè k ap pran swen malad, yon kiltivatè k ap plante grenn, yon mizisyen k ap konpoze, yon espri ki sèvi limyè, oubyen nenpòt lòt konsyans k ap patisipe nan mouvman lavi a.

8. Sa ki bay travay la grandè, se pa tit moun nan, men se lanmou li mete ladan l.

9. Yon èt ki renmen travay li pa konte sèlman kantite èdtan li pase ap travay; li pran swen kalite prezans li mete nan chak aksyon.

Paske li konnen tout sa li kreye pote siyati lespri li.

10. Se poutèt sa, li pa prese fè bagay yo san reflechi, li pa travay ak neglijans.

11. Li pa kreye ak endiferans, li kite chak aksyon pase nan kè li anvan li pase nan men li. Gen yon diferans ant fè yon travay, ak viv yon travay.

Lè yon moun sèlman fè yon travay, li ka fini li byen vit.

12. Men lè li viv travay la avèk lanmou, chak mouvman li vin chaje ak sans.

13. Chak detay vin enpòtan, chak ti amelyorasyon vin tounen yon ofrann.

14. Pafwa ou antre nan yon kote epi ou santi yon lapè san ou pa konprann poukisa. Ou li yon liv epi ou santi tankou chak mo manyen fon nanm ou. Ou tande yon mizik epi ou santi dlo vle kouri nan je ou.

15. Ou manje yon plat epi ou santi chalè yon fanmi ladan l.

Souvan, se pa sèlman travay la ou resevwa, se lanmou moun ki te kreye l ou santi. Sa se Amor Operis.

16. Yon rivyè pa janm goumen pou li koule. Li swiv chemen li avèk kalm. Li pase sou wòch, li travèse vale, li kontinye avanse san prese, san kòlè, san bri. Men pandan l ap koule konsa, li wouze tè a, li bay pyebwa yo lavi, li rafrechi tout sa li rankontre.

17. Se konsa lanmou pou travay dwe ye, li pa fèt nan prese, li pa fèt nan fristrasyon.

18. Li pa fèt nan bougonnen, li koule dousman, avèk lapè, avèk pasyans, avèk lajwa.

19. Yon èt ki viv Amor Operis pa kite travay li tounen yon chay ki kraze lespri li. Menm lè travay la difisil, li sonje poukisa li fè l. Li sonje ke chak efò li se yon grenn li plante pou lavni. Se poutèt sa li kontinye avanse ak yon kè ki kalm.

20. Sa pa vle di li pa janm fatige, sa vle di lanmou li pi fò pase fatig li.

Paske lè yon èt renmen sa l ap kreye, enèji li pa soti sèlman nan kò li; li soti nan fon konsyans li.

21. Yon pent ki renmen atizay li wè chak twal kòm yon fenèt sou nanm li. Yon ekriven ki renmen ekri wè chak paj kòm yon moso limyè li pataje ak mond lan.

22. Yon mason ki renmen travay li bati chak miray tankou l ap pwoteje lavi yon fanmi.

23. Yon moun ki netwaye yon espas avèk lanmou pa sèlman retire pousyè; li prepare yon kote pou lapè antre. Nan je Amor Operis, pa gen okenn travay ki san diyite. Tout travay ki fèt ak lanmou vin sakre.

24. Lè yon èt manifeste lanmou sa a, li sispann chache pèfeksyon pou fè lwanj moun. Li pito chache ekselans pou onore limyè ki abite nan li.

Amor Operis aprann yon èt ke travay pa sèlman yon mwayen pou siviv.

Travay kapab yon fòm meditasyon, yon fòm lapriyè, yon dyalòg ant kreyatè a ak kreyasyon an.

25. Lè men yo ap travay pandan kè a ranpli ak lanmou, lespri a vin kalm. Panse yo vin klè. Konsyans lan vin prezan. Chak mouvman vin tounen yon dans ant enteryè ak eksteryè.

26. Se poutèt sa anpil gwo kreyasyon pa fèt nan bri, yo fèt nan silans.

Nan pasyans, nan fidelite, nan yon lanmou ki pa janm sispann koule.

27. Lè yon èt rive viv Amor Operis, moun pa sèlman admire sa li kreye; yo santi prezans li ladan l. Paske vrè kreyasyon toujou pote tras moun ki kreye la.

28. Yon travay ki fèt san lanmou ka sèvi yon bezwen. Men yon travay ki fèt avèk lanmou ka transfòme yon lavi.

29.Se konsa, sou echèl enfini lanmou an, Amor Operis se etap kote yon èt aprann kite chak panse, chak pawòl, chak mouvman ak chak travay koule dousman tankou yon rivyè fre k ap desann soti nan mòn yo. Li pa prese rive; li pran tan pou li bay lavi tout kote li pase.

30. Epi konsa, chak sa li kreye vin tounen yon temwayaj vivan ke lè kè ak lespri ini nan lanmou, menm travay ki pi senp lan kapab tounen yon zèv ki pote limyè, lapè ak bote pou tout egzistans.

CHAPIT 19 — LANMOU SÈVIS (LANMOU AGAPE AKTIV)

Lè lanmou vin aksyon pou fè byen

1. Sou echèl enfini lanmou an. gen yon fòm lanmou ki rele

(**L' Amour Agapè Active**). Si gen lanmou ki rete nan santiman, nan refleksyon oubyen nan entansyon, Agapè Activa se lanmou ki leve kanpe, ki mache, ki lonje men, ki geri, ki konstwi epi ki chanje lavi.

2. Se moman kote lanmou sispann sèlman yon emosyon nan fon kè; li vin tounen yon aksyon vivan ki kite tras li sou tout sa li touche.

Imajine yon dimanch maten. Solèy la poko monte nèt.

3. Yon granmoun ap mache dousman sou yon wout pousyè. Li wè yon timoun ki tonbe avèk yon chay. Li pa mande si timoun nan se fanmi li. Li pa mande ki relijyon li, ki ras li, ki nasyonalite li, ni si yon moun ap gade l. 4. Li jis bese, li leve chay la, epi li ede timoun nan leve, epi li kontinye chemen li san li pa tann rekonesans. Nan je anpil moun, se yon ti jès. Men nan je lanmou, se yon limyè ki limen nan mitan mond lan. Se sa lanmou Agape Activa a ye.

5. Li pa viv pou jwenn aplodisman. Li viv paske fè byen se nati li.

Lè yon èt rive sou degre sa a nan echèl lanmou an, li kòmanse konprann yon verite ki depase enterè pèsonèl: tout egzistans mare ansanm.

6. Lè li fè yon moun byen, se pa sèlman lavi moun sa a li manyen; li ajoute yon ti limyè nan rezo envizib ki kenbe tout lavi ini. Chak aksyon ki fèt ak lanmou kreye yon vibrasyon ki kontinye pwopaje byen lwen pase kote je ka wè.

7. Se poutèt sa, sèvis pa janm yon siy feblès. Li se youn nan pi gwo manifestasyon fòs enteryè.

Yon pyebwa pa janm manje pwòp fwi li. Yon rivyè pa bwè dlo pa li. Solèy la pa chwazi kiyès li pral klere. Van an pa mande kiyès ki merite souf li. 8. Lanati antye montre yon prensip fondamantal: pi gwo fòs yo se sa ki bay.

Lè yon moun kòmanse viv menm prensip sa a, li antre nan lanmou Agape Activa.

9. Sa pa vle di li dwe bliye tèt li oubyen kite lòt moun pwofite li. Vrè sèvis pa mande destriksyon pwòp egzistans ou. Li mande pou ou fè byen san pèdi diyite w.

10. Paske yon flanm ki etenn pa kapab limen lòt chandèl.

Gen anpil moun ki panse sèvis se sèlman bay manje, bay lajan oubyen fè gwo aksyon ekstraòdinè. Men sèvis kòmanse pi pre pase sa.

11. Yon pawòl dous ki kalme yon moun ki dekouraje se sèvis.

Yon souri ki retire yon moun nan tristès se sèvis, koute yon moun san jijman se sèvis.

12. Pataje konesans ou san jalouzi se sèvis, pwoteje yon bèt ki pa ka defann tèt li se sèvis.

13.Plante yon pyebwa ou pap janm chita anba lonbraj li se sèvis.

Padone nan plas rayisman se yon sèvis.

Ankouraje yon moun kontinye viv lè li prèske pèdi espwa se sèvis.

Nan tout aksyon sa yo, Agapè Activa ap manifeste tèt li.

14. Lanmou sa a pa mezire tèt li sou kantite sa li bay, men sou pwofondè entansyon ki dèyè chak jès. Yon moun ka bay dè milyon ak ògèy; yon lòt ka pataje yon sèl moso pen ak tout kè li. Sou echèl lanmou an, pafwa dezyèm nan gen plis valè pase premye a.

15. Paske linivè pa konte sèlman aksyon yo; li peze lespri ki te kreye aksyon an.

16. Yon èt ki devlope lanmou Agape Activa kòmanse wè chak rankont kòm yon opòtinite pou simen limyè. Li pa mande: "Kisa mwen ka jwenn?" Li mande pito: "Kisa mwen ka pote?"

17. Kesyon sa a chanje tout lavi li, li antre nan yon chanm, li pote lapè, li antre nan yon fanmi, li pote rekonsilyasyon.

Li antre nan yon travay, li pote onètete, li antre nan yon sosyete, li pote espwa.

18. Li antre nan yon mond ki fatige, li pote limyè, pafwa, pi gwo sèvis la se pa fè bri, li se prezans.

19. Gen yon moun k ap kriye. Li pa bezwen anpil konsèy. Li bezwen yon moun ki chita bò kote l an silans.

Gen yon moun ki pè. Li pa bezwen gwo diskou. Li bezwen yon men ki kenbe men pa li.

20. Gen yon moun ki pèdi tout espwa. Li pa bezwen mirak touswit. Li bezwen yon moun ki pou fè l sonje limyè li poko janm disparèt nèt.

E lanmou Agape Activa a konprann sa.

Li konnen pafwa yon kè ki geri pa yon mo, pafwa pa yon silans, pafwa pa yon anbrase.

21.Lanmou sèvis la egziste paske tout sa ki viv pote anprent lanmou nan rasin egzistans li. Menm lè mond lan sanble chaje ak mechanste, rayisman oubyen endiferans, anprent sa a pa janm efase.

22. Li ka kouvri anba laperèz, anba ògèy oubyen anba doulè, men li toujou la, tankou yon dife ki kontinye boule anba sann.

Se poutèt sa, chak fwa yon moun chwazi fè byen, li pa kreye lanmou; li reveye sa ki te deja egziste.

23. Lanmou Agape Activa pa wè lòt èt kòm etranje. Li wè yo tankou diferan branch ki soti sou menm pyebwa lavi a. Lè yon branch soufri, tout pyebwa a santi li.

24. Lè yon branch geri, tout pyebwa a vin pi fò.

Sa fè moun ki viv lanmou sa a pa ka rete endiferan devan soufrans.

Li pa fè byen paske lalwa mande sa.

Li fè byen paske konsyans li pa kapab fè otreman.

25. Nan nivo sa a, sèvis vin tounen respirasyon nanm nan, men sèvis mande kouraj.

Li mande pou kontinye fè byen menm lè moun pa rekonèt efò ou.

Li mande pou kontinye plante menm lè ou pa konnen kiyès ki pral rekòlte.

26. Li mande pou kontinye limen chandèl menm lè fènwa sanble pi fò.

Paske moun ki sèvi ak lanmou pa mezire lavi li ak rezilta imedya; li mezire li ak fidelite li anvè limyè.

27. Yon jou, wap vin konnen kijan yon sèl pawòl ou te sove yon moun, e kijan yon souri ou te retire yon moun nan dezespwa.

Yon èd ou te bay an silans ka chanje jenerasyon ki vini apre.

28. Paske okenn aksyon ki fèt ak lanmou pap janm pèdi. Yo vin tounen grenn limyè ki kontinye pouse atravè tan.

29. Se konsa lanmou Agape Activa ap travay. Li pa chache vin gwo devan moun; li chache fè lavi vin pi bèl kote li pase. E li menm kite tras limyè.

30. Li pa kite dèyè li glwa, men espwa. Lè yon èt rive viv konsa, li pa sèlman renmen mond lan. Li vin tounen youn nan fason lanmou menm ap kontinye travay anndan mond lan.

CHAPIT 20 — LANMOU KONPASYON (LANMOU KARUNA)

Lè kè a ouvri devan soufrans lòt èt yo

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon lanmou ki rele

(**L' Amour Karuna**) Se lanmou ki fè yon èt pa rete endiferan devan doulè yon lòt. Li pa sèlman wè soufrans, men li santi li. Li pa sèlman santi li.

2. Men tou, li chwazi aji pou soulaje li. Karuna se moman kote kè yon èt vin tèlman ouvè, li rekonèt doulè yon lòt kòm si se te pwòp doulè pa li. Se pa pitye, paske pitye gade yon moun anba; lanmou Karuna chita bò kote moun nan, li pran men li, epi mache avè l jiskaske limyè retounen.

3. Gen dezè ki fèt ak sab, kote ki pagen dlo, pagen lonbraj, pagen pyebwa. Men gen yon lòt dezè ki pi sèk toujou: dezè kè yon moun ki pèdi tout espwa. Se dezè sa lanmou Karuna a wouze.

4. Imajine yon vwayajè k ap mache pandan plizyè jou anba yon solèy ki pagen mizèrikòd. Gòj li sèk. Janm li pa ka pote l ankò. Li tonbe atè. Li kwè se la chemen li fini. Men, toudenkou, yon moun rive ak yon ti gode dlo. Pou anpil moun, se sèlman kèk gout dlo. Men pou vwayajè a, se lavi menm.

5. Se konsa yon aksyon lanmou konpasyon ye.

Yon sèl mo ka tounen dlo nan dezè yon kè ki te fin seche, yon sèl jès ka fè yon moun reprann fòs pou kontinye viv.

6. Yon sèl anbrase ka fè yon moun santi li pa pou kont li ankò.

Lanmou Karuna konprann ke pafwa pi gwo grangou yon moun pa grangou manje; se grangou lanmou, grangou prezans, grangou pou yon moun di l: "Mwen wè ou. Mwen konprann doulè ou. Ou pa poukont ou."

7. Vrè konpasyon pa mande pou nou viv menm eksperyans ak lòt la pou nou konprann li. Li mande sèlman pou kè nou rete ouvè. Paske lè yon kè fèmen, li wè sèlman pwòp bezwen pa li. Men lè yon kè louvri, li kòmanse tande kri silans lòt moun.

8. Gen moun k ap ri pandan y ap mouri anndan yo, gen moun k ap travay chak jou pandan yo pote gwo chay nan nanm yo.

Gen moun ki souri devan tout moun, men chak swa yo kouche ak dlo nan je.

9. Lanmou Karuna aprann gade pi lwen pase sa figi moun montre. Li chache rive kote mo pa rive. Li aprann koute silans, paske pafwa silans lan pale pi fò pase tout diskou.

10. Yon èt ki devlope lanmou Karuna pa prese jije. Li konnen chak moun ap goumen ak yon batay lòt moun pa wè. Se poutèt sa li chwazi ranplase jijman pa konpreyansyon, rayisman pa pasyans, endiferans pa tandrès.

11. Sa pa vle di li dakò ak tout aksyon moun fè. Konpasyon pa jistifye mechanste. Men li chache konprann rasin doulè ki dèyè anpil move aksyon. Paske anpil fwa, yon kè ki fè lòt moun mal se yon kè ki te blese depi lontan.

12. Lanmou Karuna pa wè sèlman sa yon moun fè; men li chache konprann sa moun nan ap pote anndan li.

Menl lanmou sa a mande anpil fòs. Li pi fasil pou pase bò kote yon moun ki soufri san rete.

13. Li pi fasil pou di: "Se pa pwoblèm mwen." Men lanmou Karuna pa ka fèmen je li devan soufrans. Li santi yon apèl enteryè ki di li: "Si ou kapab pote yon ti limyè, pa kite fènwa a genyen."

Paske konpasyon pa toujou mande gwo mirak, li ka manifeste nan yon vizit bay yon malad.

14. Nan yon repa ou pataje ak yon moun ki grangou, nan yon timoun ou ankouraje olye ou imilye.

Nan yon granmoun ou ede travèse lari, nan yon bèt ou sove anba mechanste.

15. Nan yon pyebwa ou plante pou jenerasyon ou pap janm konnen.

Nan yon moun ou koute san ou pa entèwonp li.

Tout sa yo se fòm lanmou Karuna.

16. Paske konpasyon pa mezire ak gwosè zak la. Li mezire ak kantite lanmou ki te mete ladan l.

Lè yon èt viv lanmou Karuna, prezans li vin tankou lapli sou yon tè ki

te fin fann ak sechrès. Li pa toujou retire tout soufrans nan mond lan, men kote li pase, li fè lavi vin pi sipòtab. Li fè moun sonje ke bonte poko disparèt. Li fè espwa reprann souf li.

17. Men gen yon bagay ke lanmou Karuna pa janm bliye: pou ede lòt moun vrèman, ou dwe aprann pran swen pwòp kè ou tou. Paske yon sous ki fin sèk pa ka bay dlo.

18. Yon lanp ki etenn pa ka bay limyè. Se poutèt sa konpasyon dwe mache ansanm ak sajès. Ou ede san ou pa pèdi tèt ou. Ou renmen san ou pa kite mechanste detwi limyè ki nan ou.

19. Rezon ki fè konpasyon tèlman enpòtan se paske tout egzistans konekte. Lè yon sèl èt soufri, tout rezo lavi a santi vibrasyon doulè sa a. Lè yon sèl èt geri, tout rezo lavi a vin pi rich.

20. Se poutèt sa lanmou Karuna pa mande: "Èske moun sa a merite èd mwen?" Li mande pito: "Ki jan mwen ka pote yon ti limyè nan fènwa sa a?"

21. Se kesyon sa a ki transfòme yon moun òdinè an yon sous espwa.

Lè yon èt viv ak lanmou Karuna, li pa kite mond lan pi frèt pase jan li te jwenn li. Li kite dèyè li tras chalè.

22. Li pa kite dèyè li sèlman pawòl, men yon kè ki geri. Li pa kite dèyè li sèlman souvni, men lavi ki leve ankò.

23. Paske lè konpasyon antre nan yon kè, li vin tankou yon rivyè ki pa janm sispann koule. Li wouze dezè kote espwa te mouri. Li leve moun ki te tonbe.

24. Li konsole moun ki t ap kriye. Li fè moun ki te santi yo poukont yo dekouvri yo toujou gen yon frè, yon sè, yon lòt èt ki pare pou mache avè yo.

25. Se sa lanmou Karuna a ye. Li se lanmou ki tounen dlo pou moun ki swaf, limyè pou moun ki pèdi chemen, chalè pou moun ki frèt anba soufrans.

26. E se youn nan pi bèl prèv ke rezon ki pi fon nan egzistans lan se pa pouvwa, ni richès, ni glwa, men kapasite yon kè pou soulaje doulè yon lòt kè.

CHAPIT 21 — LANMOU PADON AK MIZÈRIKÒD

(LANMOU MIZERIKÒD)

Lage chay pase yo epi geri blesi nanm nan

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon lanmou ki rele

(**L' Amour Miséricorde**) Li se lanmou ki pa sèlman wè fot yon lòt, men ki wè doulè ki te kache dèyè yon fot. Li pa chache kondane; men li chache konprann.

2. Li pa egziste pou jistifye mechanste, men pou kraze chenn rayisman ki mare kè yo. Se nan lanmou sa a padon pran premye souf li, epi mizèrikòd vin tounen lang natirèl konsyans ki rive nan matirite.

3. Gen anpil fòs ki ka fè yon èt vin pwisan, men se Mizerikòd ki fè yon èt vin gran. Paske yon kè ki aprann padone vin pi laj pase blesi li te resevwa. Li pa efase sa ki pase, men li retire pwazon ki t ap kontinye detwi lavi a.

4. Lè yon moun blese, premye reyaksyon li souvan se fèmen kè li. Li bati miray envizib pou okenn lòt doulè pa antre ankò. Men miray sa yo pa sèlman anpeche doulè antre; yo anpeche lanmou antre tou. Konsa, pandan moun nan panse li pwoteje tèt li, li vin tounen prizonye pwòp blesi li.

5. Se la lanmou Misericordia antre.

Li pa vini ak fòs. Li pa kraze pòt. Li frape dousman sou konsyans lan, tankou yon limyè dou nan maten k ap antre nan yon chanm ki te pase tout lannwit nan fènwa. Li envite kè a gade pi lwen pase sa je fizik yo ka wè.

6.Paske dèyè anpil mechanste, gen yon istwa. Dèyè anpil rayisman, gen yon ansyen blesi. Dèyè anpil kòlè, gen yon kri ki pa t janm jwenn yon moun pou tande li.

7. Mizerikòd pa fè mechanste vin bon. Li fè nou konprann ke tout mechanste gen yon rasin, epi lè rasin nan geri, fwi a chanje.

8. Yon pyebwa ki malad pa bay move fwi paske li vle fè sa. Li bay move fwi paske rasin li malad. Menm jan an, anpil moun fè lòt moun soufri paske pwòp nanm pa yo ap soufri depi lontan.

9. Lanmou mizèrikòd la aprann nou wè rasin lan, pa sèlman fwi a.

Men premye moun ki bezwen mizèrikòd ou, se ou menm.

Gen moun ki pase tout lavi yo ap pini tèt yo pou yon erè yo te fè dis, ven oubyen trant ane pase.

10. Yo kontinye pote menm chay la chak jou, tankou yon prizonye ki bliye pòt selil li te deja louvri. Yo repete menm fraz yo nan tèt yo:

"Mwen pa merite kontinye viv konsa."

"Mwen pa bon ase."

"Si mwen te fè yon lòt chwa..."

11. Panse sa yo vin tounen jij ki pa janm dòmi. Chak maten yo kondane konsyans lan ankò.

Men okenn kè pa ka aprann renmen pandan li toujou ap jije tèt li san rete.

12. Yon moun ki pa padone tèt li ap toujou gen difikilte pou padone yon lòt. Paske mezi li sèvi pou jije tèt li se menm mezi sa a li sèvi pou jije lemonn.

13. Lè ou viv san mizèrikòd pou tèt ou, ou vin mande pèfeksyon lakay tout moun. E depi pèsonn pa pafè, ou fini pa viv nan desepsyon, rayisman ak separasyon.

14. Padon pou tèt ou pa vle di ou bliye erè ou. Li vle di ou deside pa kite erè sa yo defini kiyès ou ye ankò.

15. Yon timoun ki aprann mache tonbe anpil fwa. Lè li tonbe, manman li pa di li: "Ou pap janm mache ankò." Li leve l, netwaye jenou li, ankouraje l epi li di, eseye ankò.

16. Lanmou mizèrikòd la fè menm bagay la ak nanm nan.

Li leve ou san li pa imilye ou, li korije ou san li pa kraze ou, li montre ou laverite san li pa retire espwa ou.

17. Se poutèt sa Mizerikòd pa yon feblès. Okontrè, li mande plis fòs pase vanjans. Li pi fasil pou rayi pase pou geri. Li pi fasil pou kondane pase pou konprann. Men sèlman moun ki vrèman fò rive kenbe kè yo ouvè apre yo fin blese.

18. Lanmou mizèrikòd la pa limite ak moun sèlman.

Lè yon chen ki te sibi vyolans vin agresif, anpil moun wè sèlman dan li. Men yon kè ki gen Mizerikòd wè pè ki kache dèyè agresivite sa a.

19. Lè yon cheval vin sovaj apre move tretman, lè yon zwazo pè pwoche bò kote moun, oubyen lè nenpòt lòt bèt pè konfyans ankò, mizèrikòd pa wè yon bèt mechan; li wè yon lavi ki pote mak soufrans.

20. Menm jan an tou, nan tout nivo egzistans, nenpòt èt ki viv, ki santi, oubyen ki devlope konsyans, bezwen espas pou geri. Paske kote doulè egziste, bezwen pou mizèrikòd egziste tou.

21. Mizerikòd envite nou poze yon kesyon ki chanje tout bagay:
"Ki blesi ki dèyè konpòtman sa a?"

Depi kesyon sa a parèt nan kè yon moun, jijman kòmanse pèdi fòs li, epi konpasyon kòmanse pran nesans.

22. Se konsa lanmou mizèrikòd la transfòme yon kè ki t ap chache pini, a yon kè ki chache geri.

Lè padon vin yon liberasyon

23. Gen moun ki panse padone vle di bliye. Gen lòt ki panse padone vle di aksepte mechanste oubyen fè kòmsi anyen pa t rive. Men lanmou Mizerikòd pa mande okenn nan 2 bagay sa yo.

24.Padon pa efase memwa. Li retire chenn ki mare memwa a.
Ou ka toujou sonje yon evènman san doulè pa kontwole lavi ou ankò. Ou ka sonje yon moun ki te fè ou mal san rayisman pa boule kè ou chak fwa non li parèt.

25. Se pa paske istwa a disparèt; se paske kè ou geri.

Imajine yon moun k ap mache ak yon gwo wòch sou do li depi plizyè ane. Chak etap vin pi difisil. Chak mòn sanble pi wo. Li blame chemen an, li blame lavi a, li blame tout moun. Men an reyalite, se pa chemen an ki twò lou; se chay li pote a.

26. Rayisman, rankin ak refi padone se menm wòch sa a.

Lanmou Mizerikòd pwoche dousman epi li di:

"Ou pa oblije kontinye pote sa."

27. Lè moun nan lage wòch la, chemen an pa chanje. Men li menm li chanje. Jan li mache chanje. Jan li respire chanje. Jan li wè syèl la chanje. Se sa padon fè.

28. Li pa chanje pase a. Li chanje moun k ap viv apre pase a.

Tout èt bezwen lanmou mizèrikòd.

29. Lanmou Misericordia pa fè diferans ant moun ki rich ak moun ki pòv, ant moun ki fò ak moun ki fèb, ant moun ak bèt. Tout lavi ki kapab soufri bezwen mizèrikòd.

30. Yon timoun ki fè yon erè pa bezwen sèlman pinisyon; li bezwen yon moun ki montre l pi bon chemen.

Yon granmoun ki pèdi direksyon li bezwen yon moun ki kwè li kapab leve ankò.

31. Yon granmoun aje ki santi tout moun bliye li bezwen yon je ki toujou wè valè li.

Yon bèt ki sibi move tretman bezwen yon men ki pa frape, men ki pran swen.

32. Menm yon moun ki fè pi gwo fot la toujou rete yon èt ki kapab chanje si konsyans li louvri. Mizèrikòd pa retire responsablite. Li ofri espwa pou transfòmasyon. Ki se padon pou tèt ou

33. Anpil moun pi sevè ak tèt yo pase ak nenpòt lòt moun.

Yo padone zanmi yo. Yo padone pitit yo. Yo padone fanmi yo.

Men lè se pwòp tèt pa yo, yo pa janm padone.

34. Yo reviv menm erè a chak swa. Yo repase menm mo yo chak maten. Yo kontinye kondane tèt yo menm lè lavi deja ba yo yon nouvo chans.

Lanmou Mizerikòd sa a kòmanse lè ou aksepte verite sa a:

Ou pa erè ou. Ou se yon èt k ap aprann atravè eksperyans li.

35. Erè kapab vin yon pwofesè si ou aprann nan men li. Men li tounen yon prizon si ou deside viv ladan l pou tout lavi.

Padone tèt ou pa vle di ou sispann grandi.

Okontrè, se premye etap pou grandi toutbon.

36. Paske yon kè ki toujou ap senyen pa gen fòs pou bati yon nouvo avni. Yon kè ki geri vin kapab renmen ankò.

E se la vrè pouvwa Mizerikòd revele tèt li: li pa sèlman geri moun ki resevwa padon an, men tou, li geri moun ki bay padon an tou.

37. Lè padon fèt ak tout kè, 2 nanm jwenn libète an menm tan. Youn sispann viv anba chay fot li, lòt la sispann viv anba chay rayisman li.

Se konsa, sou echèl enfini lanmou an.

38. Mizerikòd se youn nan pi gwo etap evolisyon konsyans lan. Paske lè yon èt rive padone avèk sajès, san li pa abandone laverite, li montre ke lanmou kòmanse genyen plis fòs pase doulè.

CHAPIT 22 — LANMOU SAKRIFIS (LANMOU SAKRIFIS)

Bay yon pati nan tèt ou pou yon pi gwo limyè

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon lanmou ki rele

(**L' Amour Sacrificium**). Se youn nan pi gwo etap nan evolisyon kè a, paske se nan nivo sa a lanmou sispann mande sèlman sa li kapab resevwa, epi li kòmanse mande sa li pare pou li bay.

2. Se pa yon lanmou ki fèt ak gwo deklarasyon oubyen bèl pawòl. Li se yon lanmou ki pran fòm nan aksyon, nan renonsman, nan pasyans ak nan kapasite pou yon èt peye yon pri pou sa li renmen.

3. Se poutèt sa, valè yon sakrifis pa mezire pa kantite doulè li pote, men pa kantite lanmou ki te pouse l fèt.

4. Lè yon èt renmen toutbon, li konprann ke gen kèk bagay ki pa grandi san efò. Menm jan yon pyebwa oblije lage grenn li pou yon lòt lavi ka leve, menm jan yon rivyè kontinye bay dlo san li pa mande anyen an retou, konsa tou lanmou sakrifis envite yon kè aprann bay san egoyis.

5. Sakrifis la pa fèt pou detwi yon moun; men li fèt pou fè lanmou depase limit enterè pèsonèl.

6. Anpil moun kwè sakrifis vle di soufri. Men sa pa toujou vre. Yon moun ka soufri san li pa renmen, epi yon lòt ka renmen san li pa janm oblije soufri. Sa ki fè diferans lan se entansyon an.

7. Lè yon èt chwazi renonse ak yon bagay ki gen anpil valè, pa paske yo fòse l, men paske lanmou gide desizyon li, lè sa a aksyon an tounen yon sakrifis lanmou. Se pa pèt li fè; se yon ofrann li fè avèk libète.

8. Yon manman ki pase nwit san dòmi bò kabann pitit li ki malad. Chak èdtan fatig la peze sou kò li, men li pa konte èdtan yo, paske lanmou fè tan an pèdi enpòtans li.

9. Yon papa pase tout jounen anba chalè pou fanmi li pa manke manje. Li retounen lakay li fatige, men lè li wè pitit li yo ap souri, tout fatig sanble pi lejè. Sakrifis sa yo pa fèt paske lavi fòse yo; yo fèt paske lanmou pi fò pase konfò.

10. Gen yon jèn fi ki abandone rèv li pou kèk ane pou pran swen manman li ki pa kapab deplase ankò. Gen yon jèn gason ki refize antre nan move chemen pou li ka rete yon modèl pou ti frè ak sè li yo.

11. Gen yon zanmi ki kite tout sa li t ap fè pou li chita bò kote yon lòt zanmi k ap travèse youn nan moman ki pi difisil nan lavi li. Okenn nan aksyon sa yo pa bay gwo bri, men yo gen yon valè ki depase anpil pawòl. Paske chak fwa yon èt chwazi renmen plis pase enterè pa li, li monte yon lòt mach sou echèl enfini lanmou an.

12. Men, lanmou sakrifis pa vle di bliye tèt ou nèt. Li pa vle di kite lòt moun sèvi avè w, kraze diyite w oubyen retire valè w. Vrè lanmou pa janm mande pou yon moun detwi limyè ki nan li pou limen limyè yon lòt. 13. Si yon sakrifis kraze idantite yon moun, retire lapè li oubyen fè l viv anba mechanste san fen, sa pa soti nan lanmou ankò. Lanmou toujou mache ansanm ak sajès.

14. Gen yon gwo diferans ant bay yon pati nan tèt ou ak pèdi tèt ou nèt. Premye a fè lanmou grandi; dezyèm nan fè lanmou tounen esklavaj.

15. Se poutèt sa yon èt dwe toujou poze tèt li kesyon sa a: "Èske sa m ap bay la ap fè limyè grandi nan mwen ak nan lòt la, oubyen èske li pral detwi youn nan nou?" Repons kesyon sa a ede yon moun konnen si sakrifis li soti nan lanmou oubyen nan laperèz.

16. Tout gwo reyalizasyon mande yon sakrifis. Yon atlèt sakrifye dòmi li pou li antrene. Yon mizisyen sakrifye anpil ane pou metrize enstriman li. Yon syantis pase dè milye èdtan ap chache yon verite ki ka chanje lavi limanite.

17. Yon atis pase plizyè ane ap kreye yon zèv san pèsòn pa remake efò li. Chak fwa yon moun chwazi yon pi gwo objektif pase konfò imedya li, li ap viv yon fòm lanmou sakrifis.

18. Nan relasyon, lanmou sakrifis manifeste nan ti jès ki sanble òdinè, men ki chanje lavi chak jou. Se lè ou aprann koute olye ou prese reponn. Se lè ou mande padon menm lè ògèy ou ta prefere rete an silans. Se lè ou kite lòt la fini pale anvan ou jije li.

19. Se lè ou pataje chay li olye ou ogmante l. Se lè ou chwazi lapè olye ou chache toujou genyen diskisyon an.

Se ti sakrifis sa yo ki bati gwo lanmou.

20. Lè yon moun renmen ou san kondisyon, li pa bezwen gwo kado pou l santi lanmou w. Li bezwen wè ke ou dispoze pwoteje kè li.

21. Sa mande pou ou respekte pawòl ou, kenbe angajman ou, rete fidèl menm lè pèsòn pa gade, sipòte rèv li menm lè sa mande tan ak efò, epi mache bò kote li lè lavi vin difisil.

22. Se konsa lanmou tounen yon prezans ki bay sekirite, pa sèlman yon santiman ki parèt epi disparèt.

23. Gen kèk sakrifis ki pa janm parèt devan je moun. Se sakrifis yon moun fè lè li padone yon moun ki te blese l, pou rayisman pa kontinye detwi kè li.

24. Se sakrifis yon moun fè lè li abandone yon move abitid pou li ka vin yon pi bon papa, yon pi bon manman oubyen yon pi bon zanmi. Se sakrifis yon moun fè lè li renonse ak ògèy li pou li rekonsilye ak yon moun li renmen.

25. Pafwa pi gwo viktwa yo fèt nan silans, kote pèsòn pa bat bravo, men konsyans lan vin pi lejè.

26. Lanati menm montre nou sekrè sa a. Grenn nan oblije fann pou pyebwa a fèt. Cheni an oblije kite ansyen fòm li pou li tounen papiyon. Solèy la kontinye boule pou li bay limyè ak chalè.

27. Tout lavi montre ke pa gen vrè transfòmasyon san yon bagay pa aksepte bay yon pati nan li. Sakrifis se pa fen lavi; li se pòt ki louvri sou yon lavi ki pi rich.

28. Finalman, Amor Sacrificium se pa lanmou ki chache fè yon moun soufri. Se lanmou ki montre ke tout sa ki gen anpil valè mande yon pri. 29. Pri sa a pafwa se tan, pafwa se pasyans, pafwa se konfò, pafwa se ògèy, men lè li peye avèk sajès, libète ak yon kè ki plen lanmou, li pa janm yon pèt.

30. Li vin tounen yon grenn limyè yo plante nan egzistans, epi avèk tan, grenn sa a donnen lapè, konfyans, fidelite ak yon lanmou ki kapab travèse menm pi gwo tanpèt lavi yo.

31. Se konsa, sou echèl enfini lanmou an, sakrifis pa reprezante fen yon bagay; men li reprezante nesans yon lanmou ki vin pi pwòp, pi fò, epi pi pre sous etènèl ki bay tout lavi.

CHAPIT 23 — LANMOU REKONESANS AK ESPWA

(LANMOU GRATITID & SPEI)

Wè benediksyon lavi yo epi kenbe limyè vivan

1. Nan tout fòm lanmou yo, gen yon lanmou ki rele Lanmou Rekonesans.

2. Se youn nan fòm lanmou ki pi klere nan konsyans yon èt, paske se li ki aprann kè a wè valè sa li resevwa olye li rete fikse sèlman sou sa li poko genyen.

3. Rekonesans pa sèlman yon mo yon moun pwononse lè yo fè l yon byen; men se yon eta enteryè ki transfòme fason li gade lavi.

4. Lè lanmou sa a pran rasin nan lespri yon èt, li kòmanse konprann ke chak souf, chak rankont, chak opòtinite, chak leson ak chak jès bonte se yon benediksyon ki merite onè.

5. Se poutèt sa rekonesans se pa yon senp reyaksyon; men li se yon fason pou egziste.

6. Lè benediksyon antre nan lavi yon èt, premye repons kè li ta dwe bay se remèsiman. Yon moun ki viv nan lanmou rekonesans pa konsidere okenn byen kòm yon bagay ki nòmal oubyen ki dwe rive otomatikman. 7. Li konnen dèyè chak pòt ki louvri, dèyè chak men ki leve l, dèyè chak pawòl ankourajman ak dèyè chak viktwa, gen yon favè li pa dwe janm bliye. Konsa, olye ògèy anvayi lespri li, se imilite ki dwe pran plas, paske li konprann li pa t rive pou kont li.

8. Li dwe aprann remèsye Enfini an pou lavi a, remèsye moun ki te mache avè l, remèsye sila yo ki te ede l leve lè li te tonbe, menm jan li aprann remèsye eksperyans ki te fòme karaktè li.

9. Gen anpil moun ki sonje tout sa lavi retire nan men yo, men yo bliye tout sa lavi mete nan men yo.

10. Yo konte echèk yo, men yo pa konte mirak yo. Yo sonje trayizon yo te sibi, men yo bliye moun ki te rete fidèl. Yo wè tanpèt yo, men yo pa wè solèy ki te leve apre lapli a.

11. Se konsa lespri yo vin lou, paske memwa yo ranpli ak fènwa olye li ranpli ak limyè. Men yon èt ki pratike rekonesans aprann sonje tout byen li resevwa.

Li pa kite yon sèl doulè efase mil benediksyon ki deja make chemen lavi li. Se memwa limyè sa yo ki kontinye alimante espwa li lè nwaj yo parèt.

12. Lanmou rekonesans manifeste nan ti aksyon ki sanble senp, men ki gen yon gwo pouvwa sou konsyans. Li manifeste lè yon pitit pa bliye sakrifis paran li. Li manifeste lè yon zanmi sonje fidelite yon lòt zanmi nan moman difisil.

13. Li manifeste lè yon moun pa wont remèsye sila ki te montre l premye etap sou chemen li. Li manifeste lè yon moun apresye manje li manje, dlo li bwè, lè li respire, tè li mache sou li ak tout bote lavi mete devan je li chak jou.

14. Lè yon èt aprann apresye ti bagay yo, kè li vin pare pou resevwa pi gwo bagay toujou.

15. Rekonesans gen yon fòs etonan, paske li pwoteje lespri kont jalouzi, kont plenyen san rete ak kont anvi posede sa lòt moun genyen. Yon kè ki toujou rekonesan pa pase tan li ap konpare lavi li ak lavi lòt moun.

16. Li konprann chak chemen gen sezon pa li, chak pyebwa donnen nan tan pa li, epi chak benediksyon rive nan lè ki pi apwopriye.

17. Konsa, olye li kite anvi ak fristrasyon boule kè li, li chwazi viv nan lapè, paske li konnen sa li deja resevwa gen anpil valè.

18.Men rekonesans pa egziste sèlman nan jou kè kontan. Se lè tan an difisil li montre vrè grandè li. Lè yon èt kapab remèsye pou leson li aprann nan mitan doulè, pou fòs li dekouvri pandan eprèv yo, pou sajès ki fèt apre erè yo, se lè sa a lanmou rekonesans rive nan pi gwo matirite li.

19. Li konprann menm soufrans kapab prepare l pou yon pi gwo limyè, menm reta kapab pwoteje l kont yon move desizyon, epi menm yon pòt ki fèmen kapab mennen l devan yon pòt ki pi bon.

20. Se poutèt sa lanmou Rekonesans toujou mache ansanm ak Espwa. Rekonesans sonje tout limyè ki deja antre nan lavi yon èt, tandiske espwa fè l kwè limyè sa a pap janm sispann retounen.

21. Lè de fòs sa yo ini, yo kreye yon konsyans ki pa fasil dekouraje. Menm lè tanpèt la leve, li sonje konbyen fwa lavi te deja sove l. Menm lè nwit la sanble long, li sonje solèy toujou leve.

22. Memwa benediksyon pase yo tounen gaz ki kontinye alimante lafwa li pou lavni.

23. Yon èt ki kenbe lanmou rekonesans vivan nan kè li pap janm pèdi limyè enteryè li. Chak fwa li remèsye Enfini an, chak fwa li remèsye moun ki fè byen pou li, chak fwa li apresye sa lavi mete sou chemen li, li ranfòse limyè sa a anndan li.

24. Rekonesans vin tounen yon difè ki pa boule, men ki chofe; yon limyè ki pa avèg, men ki gide; yon sous lapè ki fè konsyans lan toujou sonje ke tout benediksyon merite onè.

25. Se konsa lanmou rekonesans kenbe lespri yon èt pwòch sous tout favè yo, pandan espwa kontinye klere devan li tankou yon zetwal ki pa janm etenn.

CHAPIT 24 — LANMOU LAPÈ AK INITE (LANMOU LAPÈ & INITE)

Dekouvri lyen kache ki ini tout bagay

1. Nan tout fòm lanmou yo, gen yon fòm lanmou ki parèt sèlman lè konsyans yon èt kòmanse depase limit "mwen" ak "ou". Lanmou sa a rele (**L' Amour Paix & Unité**)— lanmou lapè ak inite.

2. Li se moman kote yon kè sispann viv pou kont li epi li kòmanse santi batman tout lavi kòm yon sèl batman. Li pa wè mond lan kòm yon koleksyon bagay ki separe; li wè yon sèl reyalite k ap manifeste sou plizyè fòm.

3. Gen anpil moun ki panse lapè se absans lagè, absans diskisyon oubyen absans bri. Men, yon vrè lapè, pi fon pase sa. Yon moun ka chita nan yon chanm ki totalman an silans, pandan lespri li ap goumen ak laperèz, rayisman oubyen jalouzi.

4. Nan ka sa a, pa gen lapè. Men yon lòt moun ka kanpe nan mitan yon tanpèt, ant moun ki pa dakò youn ak lòt, epi kè li rete trankil tankou sifas yon lak ki pa janm souke. Se moun sa a ki dekouvri lapè.

5. Lapè pa soti deyò. Li fèt anndan. E lè li fèt anndan, li kòmanse gaye sou tout sa li manyen.

6. Inite se lòt fas menm lanmou sa a. Li se kapasite pou wè ke, malgre diferans yo, tout sa ki egziste soti nan menm sous la.

7. Menm jan dè milye vag ka leve sou yon lanmè san yo pa janm sispann fè pati menm lanmè a, konsa tout èt, tout lespri, tout kreyati, tout zetwal, tout mond, tout lavi, se ekspresyon diferan yon sèl reyalite.

Yon moun ki poko rive nan nivo sa a toujou ap divize.

8. Li divize moun ant zanmi ak ènmi. Li divize ras, nasyon, koulè, opinyon. Lespri li toujou ap trase fwontyè.

9. Men lè lanmou lapè ak inite leve nan konsyans li, fwontyè sa yo kòmanse fonn. Li pa sispann wè diferans yo, men li konprann diferans pa vle di separasyon.

10. Menm jan yon pyebwa gen rasin, kòf, branch, fèy, flè ak fwi, chak pati diferan, men tout pataje menm lavi a. Si yon branch rayi yon lòt branch, se pyebwa a menm li ap blese.

11. Konsa tou, lè yon moun rayi yon lòt san rezon, se pwòp limanite li diminye.

12. Se poutèt sa lanmou se sèl fòs ki ka ini tout bagay.

Lwa, pouvwa, lajan oubyen laperèz ka fòse moun rete ansanm pou yon tan. Men yo pa janm kreye inite. Se sèlman lanmou ki fè 2 diferan konsyans chwazi mache ansanm san fòs, san obligasyon.

13. Lanmou pa efase libète; men li fè libète yo rankontre.

Gade yon fanmi ki vrèman ini. Se pa paske yo pa janm fè erè. Se paske lanmou pi fò pase erè yo.

14. Gade 2 zanmi ki rete fidèl pandan plizyè dizèn ane. Se pa paske yo toujou dakò. Se paske lanmou yo pi gran pase dezakò yo.

Gade yon pèp ki leve apre yon trajedi. Se pa fòs fizik sèlman ki rebati l; se inite kè yo.

15.Lanmou toujou ini. Rayisman toujou separe.

Yon moun ki dekouvri lanmou Lapè e inite, ap kòmanse chanje fason li gade lavi.

16. Li pa mande ankò: "Ki moun ki kont mwen?" Li mande: "Ki pati nan menm egzistans lan, ke mwen poko aprann konprann?"

Kesyon sa a transfòme tout relasyon li, li aprann koute anvan li reponn.

17. Li aprann konprann anvan li jije, li aprann padone anvan li kondane.

Li aprann bati olye li kraze, li vin tankou yon pon ki pèmèt 2 rivaj rankontre.

18. Pi gwo prèv yon moun kap grandi nan lanmou se pa kantite konesans li genyen, men kantite lapè li pote kote li pase. Gen moun ki antre nan yon kay, epi tansyon ogmante. Gen lòt ki antre, san yo pa pale anpil, epi tout moun santi yon kalm etranj anvayi espas la.

19. Se pa majik. Se prezans yon konsyans ki ini ak lapè.

Lanmou sa a pa sèlman ini moun. Li ini moun ak lanati tou,

Lè yon èt santi pyebwa yo ap viv,

lè li respekte dlo tankou sous lavi, lè li mache sou tè a ak rekonesans olye dominasyon, li kòmanse antre nan gwo rezo inivèsèl la.

20. Li konprann ke lè li detwi lanati, li pa detwi yon bagay ki deyò li; men li blese pwòp kay li.

Li wè zwazo pa sèlman kòm bèt; li wè yo kòm bote lavi.

Li wè rivyè pa sèlman kòm dlo; men li wè yo kòm venn planèt la, li wè van an kòm souf mouvman, li wè limyè kòm yon langaj ki ini syèl ak tè.

21. Tout bagay kòmanse pale ak li, paske lanmou ouvè zòrèy konsyans.

Gen yon moman nan evolisyon espirityèl yon èt kote li sispann santi li poukont li nan linivè.

22. Li kòmanse santi yon prezans envizib k ap travèse tout egzistans. Lè li leve je l sou syèl la, li pa santi zetwal yo byen lwen ankò. Li santi li fè pati menm dans kosmik la.

23. Li konprann ke kò li fèt ak eleman zetwal yo.

Souf li melanje ak lè tout lòt èt respire. Dlo li bwè a te travèse mòn, rivyè, nyaj ak oseyan.

24. Limyè solèy ki chofe po li se menm limyè ki fè tout lavi grandi.

Tout egzistans konekte. Se pa sèlman yon lide; se yon eksperyans enteryè.

25. Nan nivo sa a, yon moun pa bezwen fè efò pou renmen. Lanmou vin tounen fason li egziste. Menm jan solèy pa bezwen reflechi pou l klere, yon konsyans ki rive manifeste lanmou Lapè e inite, ap gaye lapè natirèlman.

26. Sa pa vle di li pap janm rankontre konfli. Men menm lè konfli rive, li pa kite konfli a pran rasin nan kè li. Li chache geri olye li chache genyen.

27. Paske li konprann yon verite ki senp: lè yon moun genyen pandan yon lòt kraze, pèsonn pa vrèman genyen. Men lè 2 kè reyini, tout moun grandi.

28. Lanmou lapè ak inite prepare yon èt pou pi gwo revelasyon an: pagen okenn lespri ki kreye pou rete separe pou tout tan. Tout chemen konsyans, tout eksperyans, tout aprantisaj, tout transfòmasyon, ap mennen nan menm direksyon an: retounen nan Sous la.

29. Se lanmou ki rele tout lespri, se lanmou ki geri tout separasyon.

Se lanmou ki rasanble sa ki te gaye, e se lanmou ki fè tout egzistans sonje orijin li.

30. Lè yon èt kite lanmou sa a gouvène panse li, pawòl li ak aksyon li, li pa viv sèlman pou tèt li ankò. Men li vin yon sant lapè. Li vin yon pwen limyè ki ini fanmi li, zanmi li, kominote li, e menm moun li pa janm rankontre.

31. Paske chak aksyon lanmou, menm pi piti a, se tankou yon gout ki tonbe nan yon oseyan. Vag li yo kontinye pwopaje byen lwen pase kote je moun kapab wè.

32. Se konsa lanmou Lapè e inite revele pi gwo mistè li: linivè pa ini ansanm pa fòs, men se avèk lanmou.

33. E plis yon èt aprann renmen san divizyon, se plis li vin youn ak tout sa ki egziste, jiskaske li retounen nan inite pafè avèk Sous etènèl la.

CHAPIT 25 — LANMOU SILANS AK MEDITASYON

(LANMOU SILANS & KONTANPLASYONIS)

Antre nan pwofondè enteryè kote konsyans rankontre tèt li

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon lanmou ki pa pale, ki pa fè bri, ki pa mande okenn prèv devan mond lan. Yo rele li

(**L' Amour Silentii & Contemplationis**) lanmou silans ak meditasyon.

2. Se youn nan fòm lanmou ki pi kalm, men tou youn nan sa ki pi pisan. Li pa chache kouri dèyè anyen; li envite konsyans lan retounen lakay li, nan sant pwòp egzistans li.

3. Gen yon moman kote tout lòt lanmou yo sanble vin pran souf. Apre lanmou pou lavi, pou fanmi, pou konesans, pou sèvis, pou verite ak pou sajès, rive yon etap kote nanm nan santi okenn bri pa kapab ba li sa l ap chache.

4. Se pa paske li pa renmen moun; okontrè, se paske lanmou li vin tèlman fon, li bezwen desann pi ba pase emosyon, pi ba pase panse, pi ba pase mo.

Li bezwen antre nan yon espas kote sèlman silans ka pale.

Lanmou sa a pa vle di rete poukont ou sèlman. Li vle di aprann renmen prezans ki kache dèyè tout son. Paske anvan premye mo te egziste, te gen silans.

5. Anvan premye zetwal te limen, te gen silans. Anvan premye souf lavi a, te gen silans. Se poutèt sa anpil moun dekouvri ke silans pa vid; li plen ak yon prezans vivan.

6. Yon moun ki antre nan lanmou sa a kòmanse wè mond lan yon lòt jan. Li pa prese reponn tout kesyon ankò. Li pa santi nesesite pou genyen tout diskisyon. Li pa viv pou pwouve valè li. Li vin tankou yon lak ki pa boulvèse. Menm lè van soufle anlè dlo a, anba fon lak la toujou rete trankil.

7. Meditasyon, nan sans ki pi pwofon li, se pa yon teknik sèlman. Se yon relasyon damou ant konsyans ak sous li. Lè yon moun chita an silans, li pa sèlman fèmen je li; men li ouvri yon pòt enteryè. Chak souf vin tankou yon etap sou yon chemen envizib.

8. Chak batman kè raple li ke lavi toujou prezan. E piti piti, bri panse yo kòmanse bese.

9. Nan kòmansman, lespri a ka tankou yon syèl ki chaje ak nyaj. Souvni pase yo parèt. Laperèz leve. Doulè pale. Dezi vini. Men moun ki renmen silans pa goumen ak okenn nan yo.

10. Li gade yo kap pase tankou nyaj ki travèse syèl la. Li konnen syèl la toujou pi gwo pase nyaj yo.

Yon espri ki pratike lanmou silans, aprann tande sa zòrèy pa ka tande. Li tande lapè. Li tande prezans.

11. Li tande lavi k ap respire anndan li. Li dekouvri ke pi gwo repons yo pa toujou vini ak mo; pafwa yo rive tankou yon limyè ki leve dousman nan fon konsyans lan.

12. Gen moman, pandan meditasyon an, kote tout sans tan disparèt. Yon minit sanble yon èdtan, oubyen yon èdtan sanble yon segond. Nan moman sa yo, moun nan pa santi l ap kouri dèyè lavi ankò. Li santi li antre nan sous lavi a.

13. Li pa bezwen fòse anyen. Li sèlman prezan.

Se la anpil moun fè eksperyans yon lapè yo pa t janm konnen. Se pa lapè paske pagen pwoblèm.

14. Se yon lapè ki egziste menm lè tanpèt la poko fini. Tankou fon lanmè a ki toujou rete kalm menm lè gwo vag ap frape sou sifas la.

Lanmou sa a gen yon dousè ki difisil pou eksplike. Li pa tankou eksitasyon yon viktwa.

15. Li pa tankou emosyon yon selebrasyon. Li pi fon pase sa. Se yon chalè dous ki anvayi tout konsyans lan. Yon limyè ki pa boule, men ki klere. Yon prezans ki pa peze, men ki soutni.

16. Lè yon èt rive manyen atmosfè sa a, souvan li pa anvi soti ladan l. Se pa paske li vle chape anba mond lan. Se paske li jwenn yon kalite lanmou ki depase tout sa li te konnen.

17. Nan silans sa a, li pa santi li poukont li ankò. Li santi tout egzistans ap respire ansanm avè l.

Se tankou yon timoun ki pèdi pandan lontan epi ki finalman retounen lakay li.

18. Li pa bezwen pale pou konnen li rive. Kè li rekonèt kote li ye.

Lanmou silans transfòme fason yon moun viv. Li vin pale mwens, men chak mo li di pote plis lavi.

19. Li vin mache pi dousman, men chak pa li fè gen plis prezans. Li vin gade moun ak plis tandrès, paske li aprann wè pi lwen pase aparans yo.

Yon moun ki viv nan lanmou sa a pa kite bri mond lan kontwole lapè li. 20. Li konnen kijan pou li retounen nan sant li nenpòt kote li ye. Nan mitan yon foul moun, li ka toujou jwenn silans. Nan mitan yon kriz, li ka toujou jwenn yon espas kote limyè pa janm etenn.

21. Yon espri ki renmen meditasyon pa chache akimile eksperyans ekstraòdinè. Pi gwo mirak li se vin pi konsyan. Li vin remake bote yon souf, bote yon fèy k ap tonbe, bote yon timoun k ap ri, bote yon granmoun k ap souri avèk rekonesans. Tout bagay tounen sakre, paske konsyans li vin reveye.

22. Pou manifeste lanmou sa a, yon èt dwe aprann kreye moman kote li pa kouri dèyè anyen. Chita an silans. Respire dousman. Kite panse yo vini san goumen avèk yo.

23. Kite emosyon yo pase san idantifye avèk yo. Rete prezan. Jou apre jou, konsyans lan ap vin pi klè.

24. Li dwe aprann obsève olye li reyaji touswit. Tande olye li prese pale. Gade olye li prese jije. Rete prezan olye li toujou viv swa nan souvni pase, swa nan enkyetid pou demen.

25. Piti piti, silans lan pap rete sèlman yon moman meditasyon; men li pral tounen yon fason pou viv. Menm pandan moun nan ap travay, ap pale, ap sèvi lòt moun, yon pati nan konsyans li ap toujou rete anrepo.

26. Nan nivo sa a, meditasyon pa yon egzèsis ankò; li tounen souf nanm nan. Silans pa yon absans son; li tounen mizik enteryè egzistans lan. Lanmou pa sèlman yon emosyon; li tounen atmosfè kote tout panse, tout aksyon ak tout prezans pran nesans.

27. Se poutèt sa Amor Silentii & Contemplationis se youn nan pi gwo etap sou echèl enfini lanmou an. Paske lè yon èt aprann renmen silans, li kòmanse rankontre vrè tèt li.

28. Lè li rankontre vrè tèt li, li kòmanse rankontre sous lavi a. E lè li rankontre sous lavi a, li dekouvri yon lanmou ki tèlman pwofon, tèlman dous, tèlman plen lapè, ke pagen okenn bri nan mond lan ki kapab retire l nan limyè enteryè sa a.

CHAPIT 26 — LANMOU SAKRE AK DIVEN (LANMOU TEOFILYA)

Rechèch relasyon ak Sous Enfini ki depase tout egzistans

1. Gen yon lanmou ki pa kòmanse nan je, ni nan kò, ni menm nan panse. Li leve tankou yon apèl ki soti pi fon pase memwa, pi ansyen pase tan, e pi laj pase linivè.

2. Lanmou sa a rele (**L' Amour Theophilia**) ki se yon lanmou sakre ak Diven. Se lanmou yon èt ki santi pagen okenn richès, okenn pouvwa, okenn plezi ki ka satisfè swaf ki nan fon enteryèl.

3. Li anvi sèlman yon sèl bagay: antre nan yon relasyon vivan ak Sous Enfini ki bay tout egzistans nesans. Se pa yon rechèch sèlman, men yon dezi pwofon pou retounen nan orijin limyè kote tout lavi soti.

4. Lè lanmou Theophilia reveye nan yon èt, tout lavi li kòmanse chanje. Li pa gade mond lan menm jan ankò.

5. Chak souf vin sanble ak yon kado, chak batman kè vin tounen yon rapèl ke lavi pa egziste pou kont li, men li koule soti nan yon Sous ki pa janm fini.

6. Li santi yon apèl ki depase tout dezi materyèl. Menm lè li antoure ak tout sa mond lan ka ofri, toujou gen yon swaf ki rete vivan nan fon konsyans li. Swaf sa a se pa yon feblès; se memwa lespri a ki sonje vrè kay li.

7. Lanmou Theophilia se mouvman kè a ki leve anlè limit tèt li pou chache inyon ak sa ki pi wo pase li. Li se moman kote yon èt sispann chache sèlman sa li ka posede, men, li kòmanse chache sa li ka vin ye. 8. Nan lanmou sa a, relasyon ak Divinite a pa baze sou laperèz, men sou admirasyon, konfyans ak yon dezi pou pwoche bò kote mistè ki bay lavi a.

9. Se yon lanmou ki transfòme moun anndan, paske lè yon konsyans manyen limyè sakre a, li pa kapab rete menm jan ankò.

10. Yon èt ki viv lanmou Theophilia aprann wè prezans Diven an nan tout bagay. Li wè lavi kòm yon tanp vivan, lanati kòm yon ekspresyon bote envizib, epi chak kreyati kòm yon etensèl ki pote siy Sous la.

11. Li pa adore sèlman yon imaj oubyen yon fòm; men li chache sans ki dèyè tout fòm. Li konprann ke Diven an pa sèlman lwen nan syèl la,

men li ka manifeste nan silans yon kè ki louvri, nan yon aksyon lanmou, nan yon jès konpasyon, nan yon rechèch sensè pou verite.

12. Men chemen lanmou Theophilia a se yon chemen transfòmasyon. Pou rive pi pre limyè a, èt la dwe aprann kite dèyè sa ki lou nan li: ògèy, rayisman, twonpri ak tout baryè ki separe l ak inite.

13. Lanmou sakre a pa sèlman mande pou chache Divinite a; men li mande pou vin yon veso ki kapab resevwa pou pote limyè sa a. Paske moun ki chache Sous enfini an, dwe prepare pwòp fon kè li pou resevwa Enfini an.

14. Nan pwofondè lanmou Theophilia, gen yon mistè: lè yon èt renmen sa ki diven, li dekouvri yon bagay etonan, se pa sèlman li k ap chache Sous la, men Sous la menm deja ap rele l.

15. Lanmou sakre a se yon mouvman ale-retou ant kreyati a ak orijin li. Se tankou yon limyè ki soti nan solèy la epi ki retounen nan solèy la.

16. Nan rechèch sa a, konsyans lan dekouvri ke separasyon an te yon ilizyon, paske nan fon egzistans lan, gen yon lyen envizib ki toujou ini tout bagay ak premye sous lavi a.

17. Lanmou Theophilia se youn nan pi gwo fòm lanmou sou echèl enfini an, paske li pa limite ak yon sèl moun, yon sèl kote oubyen yon sèl moman. Men li anbrase tout egzistans, paske li wè dèyè tout bagay, menm sous limyè a.

18. Lè lanmou sa a grandi nan yon èt, li vin yon fòs ki gide aksyon li, pawòl li ak fason li viv. Li pa chache sèlman resevwa lanmou Diven; li chache tounen yon refleksyon lanmou sa a nan mond lan.

19. Nan nivo ki pi wo li, lanmou Theophilia mennen konsyans lan nan yon eta kote lanmou ak konesans vin ini. Èt la pa sèlman kwè nan limyè a, men li kòmanse viv ladan l.

20. Li pa sèlman chache verite a, men li vin yon temwen verite a atravè fason li egziste. Se la lanmou sakre a revele pi gwo sekrè li: objektif final li pa sèlman fè yon èt pwoche bò kote Divinite a, men fè l sonje ke nan pwofondè nanm li, li toujou konekte ak Sous Enfini an kote tout bagay soti.

CHAPIT 27 — LANMOU LESPRI AK LIMYÈ

(LANMOU LESPRI & LIMYÈ)

Leve konsyans lan nan direksyon sajès ak klète

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon lanmou ki pa chache posede anyen, ki pa fèt pou atire je, ni pou ranpli emosyon pasajè. Se yon lanmou ki leve tankou solèy apre yon nwit ki long, ki antre dousman nan konsyans yon èt, epi ki transfòme fason li wè tèt li, lòt moun, ak tout egzistans. Yo rele lanmou sa (**L' Amour Spiritus & Lucis**)— lanmou lespri ak limyè.

2. Sa a se lanmou ki reveye sa ki pi wo nan yon èt. Li se mouvman enteryè ki pouse konsyans kite tenèb inyorans pou mache nan direksyon sajès, verite, klète ak limyè enteryè.

3. Li pa sèlman fè yon moun vin gen plis konesans; men li fè tout fason li viv chanje. Paske vrè limyè pa antre sèlman nan lespri; men li antre nan tout egzistans yon moun.

4. Gen anpil moun ki kwè limyè se sèlman yon bagay yo wè ak je yo. Men sou echèl lanmou an, limyè se tout sa ki chase konfizyon, laperèz ak manti. Limyè se kapasite pou wè sa ki vrè, menm lè tout lòt moun ap viv nan ilizyon.

5. Limyè se moman kote yon konsyans sispann blame mond lan, epi li kòmanse transfòme tèt li.

Yon èt ki antre nan lanmou (Amor Spiritus & Lucis), li vin santi li se tankou yon vwayajè ki pase plizyè ane ap mache nan yon gwo forè anba fènwa.

6. Li t ap frape pyebwa, li t ap tonbe nan twou, li t ap pran move chemen. Men yon jou, premye reyon limyè a travèse branch yo. Menm si limyè a piti, li sifi pou montre premye etap chemen an. Konsyans pa bezwen wè tout destinasyon an; li bezwen sèlman premye limyè ki montre kote pou mete pwochen pa a.

7. Se konsa lanmou sa manifeste. Li pa retire tout kesyon yon sèl kou. Li pa efase tout soufrans nan yon sèl moman. Men li bay direksyon. Li fè espwa retounen. Li fè lespri a leve ankò.

8. Lanmou sa pa mande pou yon èt vin pi gran pase lòt moun. Okontrè, plis limyè antre nan konsyans li, se plis li vin pi enb. Paske li konprann tout sa li konnen se sèlman yon gout devan oseyan sajès ki poko revele.

Yon èt ki renmen limyè pa pran plezi gaye rayisman.

9. Lè li antre nan yon kote ki chaje ak konfli, premye reyaksyon li se pote lapè. Lè li rankontre inyorans, li pa reponn ak mepri; li reponn ak pasyans. Lè li wè yon moun tonbe, li pa pase sou li; men li lonje men l pou ede li leve.

10. Se la diferans ant konnen limyè ak renmen limyè. Yon moun ka pale sou limyè pandan lavi li toujou chaje ak mechanste. Men yon moun ki renmen limyè pa bezwen pale anpil. Tout prezans li vin tounen yon sous kalm. Pawòl li geri. Silans li bay sekirite. Je li montre konpasyon. Aksyon li reflete sa konsyans li vin ye.

11. Lanmou (Amor Spiritus & Lucis) transfòme fason yon èt gade tout bagay. Li pa wè yon lènmi ankò; li wè yon konsyans ki poko reveye. Li pa wè yon echèk; li wè yon leson.

12. Li pa wè yon obstak; li wè yon etap pou grandi. Li pa wè fènwa kòm yon fen, men kòm kote limyè pral parèt pi fò.

Imajine yon fanm ki pèdi tout espwa apre anpil trayizon. Kè li vin di tankou wòch. Li pa kwè nan lanmou ankò.

13. Yon jou li rankontre yon moun ki pa vin ba li gwo diskou, men ki trete l ak respè, dousè ak verite. Ti limyè sa a kòmanse fonn glas ki te nan kè li. Se pa sèlman relasyon an ki chanje; men se fason li wè lavi a ki chanje. Sa se lanmou (Amor Spiritus & Lucis) k ap travay.

14. Imajine yon jèn gason ki te grandi nan vyolans. Li te aprann reponn nan fè kontak kontak. Men yon jou li dekouvri sajès, meditasyon ak refleksyon.

15. Ti kras pa ti kras, li aprann metrize kòlè li. Li pa vin fèb; men li vin pi fò, paske li aprann dirije tèt li olye pou emosyon dirije l. Se lanmou lespri ak limyè k ap leve konsyans li.

16. Lanmou sa manifeste tou, lè yon moun sispann viv sèlman pou satisfè dezi li, epi li kòmanse mande tèt li: "Ki limyè mwen pote pou

lòt moun?" Depi kesyon sa leve nan kè yon èt, premye etap transfòmasyon an deja kòmanse.

17. Yon èt ki manifeste lanmou (Amor Spiritus & Lucis) toujou ap chache grandi. Li li, li medite, li poze kesyon, li koute, li korije erè li, li pa pè admèt lè li pa konnen.

18. Paske li konprann limyè pa janm fin grandi.

Li aprann kontwole pawòl li, paske li konnen pawòl kapab limen limyè oubyen limen dife. Li aprann kontwole panse li, paske tout gwo aksyon kòmanse nan yon panse.

19. Li aprann kontwole santiman li, paske yon kè ki pa metrize tèt li pa kapab gide lòt moun.

20. Pafwa lanmou sa mande anpil kouraj. Paske chwazi limyè vle di refize manti menm lè manti a pi fasil. Chwazi sajès vle di kite ògèy. Chwazi klète vle di aksepte wè pwòp feblès pa w anvan ou kritike feblès lòt moun.

21. Yon konsyans ki rive nan degre sa a pa viv sèlman pou resevwa limyè; li vin tounen yon limyè. Menm san li pa pale, fason li viv enspire lòt moun. Menm nan moman difisil yo, li pa pèdi direksyon li, paske limyè li pote a pa soti deyò; men li soti anndan.

22. Se poutèt sa lanmou (Amor Spiritus & Lucis) pa sèlman yon santiman. Men li se yon fason pou egziste. Li se disiplin pou toujou chwazi sa ki pi vrè, pi jis, pi bèl ak pi saj. Li se desizyon pou kite chak jou vin yon etap kote konsyans monte pi wo pase jou pase yo.

23. Lè yon èt rive viv lanmou sa a, li konprann misyon li se pa sèlman briye pou tèt li. Menm jan yon chandèl limen yon lòt chandèl san li pa pèdi limyè pa li, konsa tou yon konsyans eklere ede reveye lòt konsyans.

24. Se konsa, sou echèl enfini lanmou an, (Amor Spiritus & Lucis) se moman kote yon èt pa sèlman ap chache limyè ankò.

25. Li vin tounen yon pòtatè limyè, yon sous sajès, yon prezans ki pote espwa, lapè ak klète sou chemen tout moun li rankontre. Se nan etap sa a lanmou kòmanse depase limit pèsonèl li pou li vin yon fòs vivan ki eklere mond lan.

CHAPIT 28 — LANMOU SAN KONDISYON (LANMOU AGAPE)

Lanmou ki bay san limit san kondisyon e san enterè

1. Gen yon lòt fòm lanmou ki pa poze kesyon anvan li renmen. Li pa mande kiyès ou ye, sa ou posede, ki kwayans ou swiv, ki koulè po ou genyen, ni konbyen fwa ou tonbe. Yo rele lanmou sa a

(**L' Amour Agapè**)

2. Lanmou Agape se pa yon emosyon ki vini epi ki pase tankou van. Li se yon eta konsyans kote yon èt rive konprann ke lavi pa separe. Lè yon lòt soufri, yon pati nan egzistans lan ap soufri.

3. Lè yon lòt leve, tout egzistans lan dwe rejwi ansanm. Se poutèt sa, lanmou Agape pa renmen paske li jwenn yon benefis; men li renmen paske renmen se nati li.

4. Lè yon èt rive nan nivo sa a, li pa viv ankò dapre prensip echanj. Li pa di: "Mwen renmen ou paske ou renmen m." Li di: "Mwen renmen, paske se sa limyè ki nan mwen an ye." Diferans lan pwofon. Premye a depann de konpòtman lòt la; dezyèm nan soti nan yon sous ki pa janm sispann koule.

5. Imajine yon gwo solèy. Solèy la pa chwazi ki kay li pral klere. Li pa voye limyè sèlman sou moun ki remèsye li. Li pa sispann leve paske gen moun ki rayi li. Li klere sou tout bagay. Se konsa lanmou Agape a ye. Li pa fè diferans ant moun ki merite ak moun ki pa merite. Li ofri prezans li san fè bri.

6. Sa pa vle di lanmou Agape avèg. Li wè mechanste, li wè trayizon, li wè enjistis. Men li pa kite fènwa transfòme limyè li an fènwa. Li kontinye chwazi limyè, menm lè tout bagay envite li rayi.

7. Anpil moun konfonn lanmou san kondisyon ak feblès. Men lanmou Agape pa feblès. Li se youn nan pi gwo fòs yon konsyans ka rive genyen. Li mande plis kouraj pou kontinye renmen pase pou rayi. Rayi se reyaksyon. Lanmou Agape se desizyon.

8.Gen yon manman ki pase plizyè nwit san dòmi bò kabann pitit li ki malad. Li pa konte kantite èdtan li pèdi. Li pa mande rekonpans. Li sèlman vle wè pitit la reprann fòs. Nan moman sa a, se lanmou Agape kap manifeste.

9. Gen yon moun ki ede yon granmoun travèse lari san okenn kamera, san okenn aplodisman, san okenn moun pou felisite li. Li kontinye wout li tankou li pa t fè anyen espesyal.

10. Men linivè konnen ke gen yon aksyon lanmou ki fèt. Lanmou Agape pa bezwen temwen; konsyans li ase.

Gen yon pwofesè ki kwè nan yon elèv tout moun te abandone. Li kontinye ankouraje li, korije li, leve lespri li.

11. Ane apre, elèv sa a vin tounen yon moun ki chanje lavi anpil lòt moun. Yon sèl aksyon lanmou san kondisyon kapab kreye yon chèn limyè ki travèse jenerasyon.

12. Men lanmou Agape pa sèlman egziste nan gwo zak. Men li viv nan ti detay yo. Yon souri ki kalme yon moun ki dekouraje. Yon pawòl dous ki anpeche yon kè kraze.

13. Yon silans ki evite yon diskisyon. Yon padon ki kraze sèk rayisman an. Souvan, pi gwo mirak yo fèt nan jès ki pi senp.

Yon èt ki kòmanse viv lanmou Agape, ap chanje fason li gade mond lan. Li pa wè sèlman erè moun fè; li wè blesi ki dèyè erè yo. Li pa sèlman wè kòlè; li wè doulè ki kache anba kòlè a. Li pa sèlman wè mechanste; li wè yon limyè ki poko reveye.

14. Sa pa vle di li dakò ak tout aksyon. Li ka kanpe kont enjistis avèk fèmte. Li ka mete limit. Li ka di "non" lè sa nesesè. Men menm lè li korije, li pa fè sa pou detwi; li fè sa pou pwoteje lavi ak laverite. Se la diferans ant rayisman ak lanmou Agape.

15. Yon pyebwa pa manje pwòp fwi li. Yon rivyè pa bwè pwòp dlo li. Yon flè pa pran sant li pou tèt li. Tout sa ki vrèman viv egziste pou pataje sa li genyen. Konsa tou, yon èt ki rive nan lanmou Agape, ap konprann ke pi gwo richès li se sa li bay, pa sa li sere.

16. Gen moman kote lavi mete yon moun devan gwo tès. Yon zanmi trayi li. Yon fanmi vire do ba li. Yon moun reponn bonte pa mechanste. Se la lanmou Agape a montre vrè figi li. Paske nenpòt moun kapab renmen lè tout bagay fasil.

17. Men sèlman yon konsyans ki grandi kapab kontinye mache nan limyè san kite fènwa vale li.

Sa pa vle di rete nan relasyon ki detwi ou. Lanmou Agape pa mande pou ou abandone diyite ou. Li ka fè ou ale lwen yon moun, men san ou pa pote rayisman avè w.

18. Li ka fèmen yon pòt, men li pa fèmen kè a.

Yon èt ki viv lanmou Agape, ap aprann beni menm moun li pa ka kontinye mache avèk yo. Li lage chay la. Li refize kite pase a tounen prizon lavni li.

19. Li konprann ke rayisman mare 2 moun ansanm, tandiske padon libere yo toude.

20. Lanmou Agape parèt tou, nan fason yon moun trete bèt yo, lanati, dlo, lè ak tè a. Paske li konnen tout lavi konekte. Li pa gaspiye sa li pa bezwen. Li pa detwi san nesesite. Li viv avèk respè pou tout sa ki pote souf lavi.

21. Nan travay li, lanmou Agape fè yon moun chache ekselans pou sèvi lòt moun, pa sèlman pou ranmase glwa. Nan fanmi li, li aprann koute plis pase li pale. Nan zanmitay li, li rete fidèl menm lè tan difisil. Nan sosyete a, li chache bati olye li kraze.

22. Yon moun ki antre nan yon chanm avèk lanmou Agape, pote yon kalite lapè ki pa bezwen pawòl. Moun santi yo an sekirite bò kote li. Yo santi yo wè, yo santi yo respekte, yo santi yo gen valè. Paske vrè lanmou toujou fè lòt la sonje diyite li.

23. Men lanmou Agape a mande yon gwo sakrifis: li mande pou ego a sispann chita sou twòn nan. Depi yon moun toujou bezwen rezon, toujou pi enpòtan pase lòt yo, lanmou Agape pap ka fleri nèt nan moun sa. Lanmou san kondisyon grandi sèlman nan yon kè ki aprann imilite.

24. Pi gwo lènmi lanmou Agape a, se pa rayisman sèlman. Se endiferans. Lè yon moun sispann pran swen lavi, li fèmen sous lanmou an piti piti. Men chak fwa li chwazi konpasyon, jenerozite, verite ak padon, sous la rekòmanse koule.

25. Nan somè echèl lanmou an, Agape pa tounen yon aksyon moun fè detanzantan. Li vin tounen fason moun nan egziste. Li respire lanmou. Li pale lanmou. Li travay avèk lanmou. Li korije avèk lanmou. Li sèvi avèk lanmou. Li viv avèk lanmou.

26. Se lè sa a yon èt rive konprann yon gwo mistè: lanmou san kondisyon pa diminye lè ou pataje li; okontrè, chak fwa ou bay li avèk yon kè ki pwòp, li vin pi laj, pi pwofon, pi vivan. Tankou yon flanm dife ki limen dè milye lòt flanm san li pa janm pèdi limyè pa li.

27. Lanmou Agape se pa dènye etap emosyon yon moun. Li se nesans yon nouvo fason pou egziste.

28. Lè yon èt rive viv lanmou sa a avèk tout kè li, li pa sèlman chanje pwòp lavi li; men li vin tounen yon sous limyè ki ede reveye limyè ki te toujou kache nan kè tout lòt èt.

CHAPIT 29 — LANMOU KOSMIK AK TRANSFÒMASYON

(LANMOU KOSMIK & TRANSFÒMASYON)

Lanmou ki chanje vizyon yon èt sou tout linivè

1. Nan tout lanmou yo, gen youn ki pa rete sèlman nan sa je wè, ni nan sa men touche. Yo rele li:

(**L' Amour Cosmique & Transformation**) Se yon lanmou ki leve lè konsyans yon èt kòmanse louvri devan grandè linivè a.

2. Nan moman sa a, egzistans pa sanble ak yon seri evènman ki pa gen sans; li vin tankou yon liv vivan kote chak zetwal, chak planèt, chak souf van, chak grenn sab, chak lavi, ak chak eksperyans pote yon mesaj.

Lanmou sa a pa fèt nan yon sèl jou. Li pa parèt tankou yon emosyon ki monte epi ki desann.

3. Li grandi piti piti pandan yon èt ap poze kesyon, ap obsève, ap aprann, ap reflechi, epi ap dekouvri ke li se yon pati nan yon reyalite ki pi gwo pase pwòp tèt li.

4. Gen yon lè nan lavi kote yon moun leve je li nan syèl la pandan lannwit. Li wè dè milyon zetwal. Pou premye fwa, li pa sèlman admire bote syèl la; li santi li fè pati bote sa a. Li konprann menm atòm ki fòme kò li yo soti nan menm dife ki te limen premye zetwal yo.

5. Nan moman sa a, yon nouvo lanmou fèt nan konsyans li. Se pa sèlman lanmou pou lavi ankò; se lanmou pou tout egzistans.

Sa se kòmansman lanmou kosmik.

6. Yon èt ki rive nan degre sa a pa wè tèt li kòm sant linivè ankò. Okontrè, li wè tèt li tankou yon nòt nan yon mizik enfini. Li konprann ke chak lavi gen plas li, chak espès gen misyon pa li, chak mouvman gen rezon pa li, menm lè imen an pa rive konprann tout bagay touswit.

7. Pi gwo transfòmasyon lanmou sa a pote se fason li kraze limit ego a.

Lè ego ap dirije, yon moun toujou mande: "Poukisa sa rive mwen?"

Men lè lanmou kosmik leve, kesyon an chanje: "Kisa eksperyans sa a

vle aprann mwen?"

8. Se yon diferans ki sanble piti, men ki chanje tout lavi.

Yon echèk pa sèlman yon echèk ankò; li vin yon pwofesè.

Yon doulè pa sèlman yon soufrans; li vin yon pòt ki louvri sou plis konpreyansyon.

9. Yon separasyon pa sèlman yon pèt; li ka tounen nesans yon nouvo etap.

Yon lanmò pa sèlman yon fen; li vin fè yon èt reflechi sou mistè lavi a ak sa ki depase limit kò fizik la.

10. Lanmou kosmik transfòme fason yon moun gade tout evènman.

Li kòmanse remake ke tout bagay konekte.

Dlo k ap koule nan rivyè a rive nan lanmè.

11. Lanmè a voye vapè nan syèl la, syèl la bay lapli, lapli fè pyebwa grandi.

Pyebwa a bay fwi, fwi a nouri lavi, lavi a kontinye sik li.

Pagen anyen ki egziste pou kont yo.

12. Menm jan an tou, panse yon moun kapab enfliyanse aksyon li; aksyon li kapab chanje lavi yon lòt moun; lavi sa a kapab chanje yon fanmi; fanmi an kapab enfliyanse yon sosyete; epi sosyete a kapab transfòme yon jenerasyon.

13. Lè yon èt konprann sa, li vin pran plis prekosyon ak tout sa li fè.

Li konprann ke okenn aksyon pa vrèman san konsekans.

Lanmou kosmik pa fè yon moun chape anba mond lan. Okontrè, li fè l antre ladan l pi fon.

14. Li aprann respekte tè a paske li wè tè a tankou yon pati nan pwòp kò li. Li respekte lè a paske li konnen chak souf konekte ak lavi tout lòt èt.

Li respekte dlo a paske san dlo pa gen lavi.

15. Li respekte dife a paske li konnen menm enèji ki limen zetwal yo se li menm ki kenbe chalè lavi.

16. Li respekte tan paske li konprann chak segonn se yon opòtinite pou konsyans grandi.

17. Yon moun ki viv lanmou kosmik pa mande ankò: "Kijan mwen ka resevwa plis?"

Li mande pito: "Kijan mwen ka kontribye plis?"

18. Paske li konprann ke lè tout bagay grandi ansanm, li menm tou li grandi.

Nan etap sa a, etid pa sèlman sèvi pou ranpli memwa. Men li sèvi pou elaji konsyans.

19. Chak liv vin tankou yon pòt, chak syans vin tankou yon kle, chak dekouvèt vin tankou yon limyè, chak mistè rezoud, ouvri chemen pou yon lòt mistè ki pi fon toujou.

20. Se poutèt sa, lanmou kosmik toujou mache ansanm ak imilite.

Plis yon èt aprann, se plis li reyalize kantite bagay li poko konnen.

Li pa pè mistè ankò, li aprann viv avèk yo, li admire yo, li kite yo kontinye envite l grandi.

21. Transfòmasyon an fèt pa sèlman nan lespri, men tou nan karaktè.

Yon moun ki te konn rayi fasil vin aprann padonnen, yon moun ki te konn jije sevè, vin aprann konprann.

22. Yon moun ki te konn viv sèlman pou enterè pa li, li vin aprann sèvi lavi.

23. Yon moun ki te wè diferans sèlman, kòmanse wè inite, yon moun ki te wè dezòd sèlman kòmanse wè modèl ki kache dèyè dezòd la.

Sa se vrè transfòmasyon an, se pa chanje rad, se pa chanje non, se pa chanje aparans.

24. Men se chanje fason konsyans ou wè vrè reyalite a.

Lanmou kosmik fè yon èt konprann ke egzistans li pa t yon aksidan. Li santi lavi li gen yon plas nan gwo senfoni linivè a. Menm lè li pa konnen tout rezon yo, li aprann viv avèk konfyans, paske li wè ke chak etap pote yon leson ki pouse l pi pre sajès.

25. Lè yon èt rive nan degre sa a, li pa gade linivè a kòm yon espas vid ankò. Li vin wè l tankou yon rezo vivan kote tout bagay konekte, kote tout mouvman gen yon ritm, kote tout lavi pataje menm souf misterye a.

Se poutèt sa, Lanmou Kosmik ak Transfòmasyon, se tankou li plis pase yon lanmou; paske li se yon revèy konsyans.

26. Li se moman kote yon èt kòmanse konprann rezon egzistans li pi byen atravè relasyon li ak tout sa ki egziste. Pandan li dekouvri linivè a, li dekouvri tèt li.

27. Pandan li konprann lwa lavi yo, li transfòme pwòp nati li. Epi pandan lanmou sa a ap kontinye grandi, li vin tounen yon limyè ki pa sèlman klere chemen pa li, men ki ede klere chemen tout lòt èt li rankontre sou wout li.

CHAPIT 30 — LANMOU ABSOLI E ETÈNÈL

(LANMOU ABSOLUTUS & AETERNUS)

Somè echèl la kote tout fòm lanmou retounen nan sèl sous la

1. Sou echèl enfini lanmou an, gen yon lanmou ki pa ka depase. Li pa dènye paske pagen anyen ankò pou aprann apre li, men paske li se pwen kote tout chemen yo reyini.

2. Se la tout rivyè retounen nan lanmè. Se la tout koulè tounen yon sèl limyè blan. Se la tout fòm lanmou, depi premye batman kè yon tibebe rive nan pi gwo sakrifis yon nanm ki fin leve, jwenn menm orijin yo. Lanmou sa a rele (**L' Amour Absolutus & Aeternus**)— Lanmou Absoli e Etènèl.

3. Sa a pa yon lanmou ki ajoute sou lòt yo; li se reyalizasyon tout lòt yo. Li tankou tèt yon mòn. Pandan yon èt ap monte, li pase nan anpil chemen. Gen chemen ki fasil, gen ki plen wòch, gen ki pase nan forè, gen ki travèse rivyè.

4. Men lè li rive sou tèt mòn nan, li wè tout chemen sa yo t ap mennen nan menm somè a. Menm jan an tou, tout fòm lanmou yo—lanmou pou tèt ou, pou fanmi, pou zanmi, pou laverite, pou sajès, pou limanite, pou Bondye—se etap ki mennen nan menm reyalite final la.

5. Yon èt ki rive nan etap sa a pa di ankò: "Sa a se sèl vrè lanmou." Li konprann pito: tout lanmou se lanmou, men tout lanmou pa menm. Yo chak se yon nivo, yon ekspresyon, yon frekans diferan sou menm echèl enfini an.

6. Gen lanmou ki kòmanse ak bezwen; gen lòt ki grandi ak responsablite; gen lòt ankò ki fèt nan konpasyon oubyen devouman. Men lanmou absoli pa depann de okenn nan sa yo. Li renmen paske se nati li.

7. Yon grenn flanm ka limen dè milye lòt flanm san li pa pèdi limyè li. Se konsa lanmou absoli ye. Li pa diminye lè li pataje. Okontrè, plis li bay, se plis li revele sa li ye vrèman.

8. Nan nivo sa a, yon èt pa viv ankò ak kesyon : "Ki moun ki merite lanmou mwen?" Kesyon sa a disparèt.

Li ranplase pa yon lòt kesyon se; "Kijan mwen ka vin yon sous lanmou pou tout sa ki egziste?" Paske li dekouvri ke renmen pa yon aksyon sèlman; renmen se yon eta egzistans.

9. Imajine yon gwo pyebwa ki kanpe nan mitan yon savann. Solèy la boule, lapli tonbe, van soufle. Anba lonbraj li, yon timoun repoze. Yon granmoun chita pou l reprann souf li. Yon zwazo fè nich sou branch li. Yon bèt manje fwi li yo.

10. Pyebwa a pa mande kiyès ki pi enpòtan. Li pa chwazi kiyès li pral pwoteje. Li jis kontinye bay sa li ye. Se pa efò; se nati li. Se konsa lanmou absoli manifeste.

11. Lè yon konsyans rive nan somè echèl lanmou an, li wè tout èt tankou vag sou menm lanmè a. Chak vag sanble diferan, men tout fèt ak menm dlo a.

12. Lè yon vag frape yon lòt, se pa 2 lanmè ki goumen; se menm lanmè a k ap deplase. Lè yon moun fè yon lòt mal, li konprann se inyorans k ap aji, pa vrè nati èt la. Konpreyansyon sa a pa jistifye mechanste, men li retire rayisman nan kè a.

13. Nan etap sa a, limit yo kòmanse fonn. "Mwen" ak "ou" pa disparèt, men yo pa separe ankò. Èt la wè lavi kòm yon gwo rezo kote tout egzistans konekte.

14. Li pran swen yon pyebwa menm jan li pran swen yon timoun, paske li konprann youn pa ka egziste san lòt. Li respekte bèt yo, lanati, limanite ak tout mond vizib ak envizib, paske li santi menm souf lavi a ap sikile ladan yo.

15. Lanmou absoli pa avèg. Li wè fot, feblès ak erè. Men li wè tou limyè ki kache dèyè yo. Li pa kite mechanste detwi bonte li. Li pa kite rayisman fèmen sous lanmou li. Li rete estab tankou yon mòn devan tanpèt.

16. Gen moun ki panse rive nan pi gwo nivo lanmou vle di pa janm soufri ankò. Men se pa sa ditou. Diferans lan se ke soufrans pa tounen prizon ankò. Li tounen pwofesè. Chak doulè louvri plis konpasyon. Chak pèt revele plis sajès. Chak separasyon montre pi byen sa ki pa janm ka separe.

17. Nan etap sa a, yon èt sispann chache lanmou deyò, paske li vin tounen lanmou li menm. Li pa mande mond lan pou ranpli vid li; men li antre nan mond lan pou ranpli sa ki vid. Li pa viv pou resevwa sèlman; li viv pou limen limyè kote ki gen fènwa.

18. Sa pa vle di li vin pafè nan sans òdinè a. Sa vle di li vin ini ak sous ki depase tout enpèfeksyon. Menm lè li tonbe, li leve ak lanmou. Menm lè yo rejte l, li kontinye renmen san li pa pèdi diyite li. Paske fòs li pa soti nan opinyon moun, men nan sous etènèl la.

19. Lè yon èt rive nan lanmou Absoli e Etènèl., li konprann ke tout chapit ki te vini anvan yo pa t separe. Men yo chak te yon etap nesesè. Lanmou pou lavi te louvri pòt la. Lanmou pou tèt li te geri blesi yo.

20. Lanmou pou fanmi te aprann li pwoteje. Lanmou pou zanmi te aprann li fè konfyans. Lanmou amoure te aprann li ini. Lanmou pou sajès te klere lespri li.

21. Lanmou pou verite te pirifye konsyans li. Lanmou sèvis te louvri men li. Lanmou konpasyon te louvri kè li. Lanmou sakre te louvri lespri li. Epi finalman, tout sa yo te fonn ansanm pou fè yon sèl reyalite.

22. Se lè sa a li vin konprann ke, pi gwo mistè echèl enfini lanmou an. Pagen okenn fòm lanmou ki initil. Chak fòm lanmou se yon mach eskalye. Men pèsonn pa dwe rete sou yon mach, paske objektif la se rive nan tèt la.

23. Chak nivo gen bote pa li, men chak nivo envite nou monte pi wo toujou.

24. Lè yon èt rive nan somè sa a, li pa santi li pi gran pase lòt yo. Okontrè, li vin pi senp, pi dou, pi kalm. Li pale mwens, men prezans li pale plis. Li pa bezwen pwouve anyen ankò. Li vin tankou yon sous dlo ki koule an silans, men ki bay tout sa li touche lavi.

25. Vrè lanmou an pa yon santiman enterè ki pasajè, ni yon emosyon ki depann de sikonstans, men li se nati konsyans lan.

26. Epi lè yon èt rive nan pwen sa a, li fè dènye dekouvèt li: li pa t janm separe ak sous la. Li te toujou ap viv ladan l.

27. Li te toujou ap respire ladan l. Li te toujou yon gout nan oseyan enfini lanmou an.

28. Tout vwayaj la pa t pou jwenn lanmou, men pou sonje ke depi nan kòmansman, li menm tou, li te fèt ak menm lanmou etènèl ki soutni tout egzistans.

KONKLIZYON

Atravè vwayaj nou sot fè sou echèl lanmou enfini ki manifeste nan egzistans lan, nou dekouvri ke lanmou pa sèlman yon emosyon ki fèt nan kè moun; li se yon gwo fòs envizib ki mare tout bagay nan linivè a.

Li se vibrasyon ki fè lavi pran sans, limyè ki gide konsyans yo, ak lyen mistik ki konekte tout fòm egzistans ansanm.

Chak kalite lanmou nou eksplore se tankou yon pòt ki louvri sou yon dimansyon ki pi pwofon nan tèt nou. Lanmou pou tèt nou reveye limyè enteryè nou. Lanmou pou lòt moun elaji konsyans nou. Lanmou pou lanati raple nou koneksyon nou ak tout kreyasyon an. Lanmou espirityèl leve lespri nou pou nou sonje sous kote nou soti a.

Dèyè tout diferans ki parèt nan mond lan, gen yon sèl enèji ki sikile atravè tout bagay: yon prezans ki pa gen fòm, men ki kapab santi; ki pa gen limit, men ki kapab antre nan chak kè. Se lanmou sa a ki fè zetwal yo klere, ki fè lavi grandi, ki fè konsyans chache verite, epi ki pouse tout èt retounen nan inite.

Lè moun aprann viv nan lanmou, li pa sèlman chanje relasyon li avèk lòt moun; men li chanje relasyon li avèk linivè a menm. Li kòmanse wè ke chak rankont se yon leson, chak eksperyans se yon etap nan evolisyon konsyans, epi chak kè se yon espas kote limyè egzistans lan kapab manifeste.

Lanmou Inivèsèl la se yon apèl pou sonje sa ki te toujou prezan anndan nou: nou pa izole nan gwo mistè lavi a. Nou se patikil menm oseyan Enfini an, etensèl menm limyè a, ekspresyon menm sous kap revele tèt li atravè plizyè fòm.

Se poutèt sa, vwayaj lanmou an pa gen yon dènye paj. Men li kontinye nan silans nanm nan, nan batman kè a, nan chak zak konpasyon, epi nan chak moman kote yon èt chwazi limyè olye fènwa.

Paske anvan tout tan te kòmanse, anvan tout fòm te parèt, te gen yon sèl vibrasyon ki t ap travèse silans Enfini an ki se ;Lanmou.

REMÈSIMAN

Mwen remèsye ak tout kè mwen tout moun ki pran tan ouvri liv sa a ki se ; Lanmou Inivèsèl, epi ki aksepte antre nan vwayaj sa a pou dekouvri diferan fòm lanmou. Prezans ou kòm lektè bay paj sa yo yon sans ki depase mo yo.

Mwen remèsye tout moun ki, atravè eksperyans yo, pawòl yo, jès yo ak leson lavi yo, te ede m konprann ke lanmou pa sèlman yon santiman, men yon fòs ki fòme karaktè, geri blesi, epi ini moun malgre diferans yo.

Mwen remèsye lavi a pou tout eksperyans li ban mwen, kit yo te pote lajwa oubyen difikilte, paske se yo menm ki fè m konprann ke dèyè chak rankont ak chak evènman, toujou gen yon leson lanmou k ap tann pou dekouvri.

Epi, finalman, mwen remèsye ou menm, chè lektè, paske ou chwazi fè pati vwayaj sa a. Mwen swete liv sa a ede ou wè lanmou ak yon nouvo je, viv li ak plis konsyans, epi pataje limyè li ak tout moun ou rankontre.

Mèsi paske ou chwazi monte echèl enfini lanmou !